

देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, चतुर्दशी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 58 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

मां जानकीक नैहर सं सासुर धरि एहि मास सं चलत सीधा रेल, मोदी आ बालेन करता शुभारंभ

- दुनू देश मे चलि रहल अछि एकर तैयारी


मधुबनी, समदिया

भगवान श्रीरामक जन्मभूमि अयोध्या सं माता सीताक नगरी जनकपुरधाम (नेपाल) धरि सीधा रेल सेवा एहि मास शुरू करबाक तैयारी अछि। 22 अथवा 23 नवंबर कें प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ नेपालक प्रधानमंत्री बालेन शाह संयुक्त रूप सं एहि ट्रेन कें हरियर झंडी देखा सकैत छथि। दुनू देश मे एकर तैयारी चलि रहल अछि। नेपाल मे एहि महत्वपूर्ण रेलमार्ग पर परीक्षण कयल गेल। एहि दौरान भारतक रेलवे अधिकारी सेहो उपस्थित छलाह। अयोध्या सं चलि ई ट्रेन बिहारक जयनगर होइत नेपाल मे प्रवेश करत आ जनकपुरधाम धरि पहुंचत। एहि रेल सेवाक शुरू भेला सं राम आ सीताक नगरी सीधा रेलमार्ग सं एक-दोसरा सं जुड़ि जायत। यात्री आईआरसीटीसीक वेबसाइटक माध्यम सं यात्राक टिकट बुक करा सकताह।

जयनगर सं नेपालक जनकपुरधाम आ कुर्था धरि रेल परिचालनक परीक्षण बृहस्पतिदिन कयल गेल। एहि सं पहिने पूर्व मध्य रेलवे, हाजीपुरक एजीएम अमरेंद्र कुमार विशेष ट्रेन सं जयनगर पहुंचलाह। भोर 9:10 बजे दू इंजन आ 17 खाली डिब्बाबला एमटी ट्रेन सं परीक्षण शुरू भेल। एहि दौरान नेपालक धनुषा जिलाक सीडीओ भूदेव झा, एसीडीओ आ नेपाल रेलवेक जीएम परवेश पराजुली सहित दुनू देशक कतेको अधिकारी उपस्थित छलाह। दुपहर 1:45 बजे परीक्षण पूरा कए ट्रेन जयनगर वापस लौटि आयल।

मोदी आ बालेन शाह देखौता हरियर झंडी

एजीएम बतौलनि जे निरीक्षणक दौरान यात्री सुविधा आ सुरक्षा सं जुड़ल जे कमी देखल गेल अछि, तकरा शीघ्र दूर करबाक निर्देश देल गेल अछि। ओ कहलनि जे 22-23 नवंबर कें दुनू देशक प्रधानमंत्री संयुक्त रूप सं हरियर झंडी देखा रेल परिचालनक उद्घाटन कए सकैत छथि।



जयनगर मे यात्री सबहक होयत कस्टम जांच

अयोध्या सं जयनगर होइत नेपालक जनकपुरधाम धरि रेल परिचालन शुरू करबाक तैयारी भारत आ नेपाल दुनू देशक स्तर पर कयल जा रहल अछि। एजीएम कहलनि जे सीमा पर कस्टम जांचक समुचित व्यवस्था रहत। जयनगर मे दुनू दिस सं आबय-जायबला ट्रेनक जांच कस्टम विभाग द्वारा कयल जायत।

आईआरसीटीसी सं होयत टिकट बुकिंग

यात्री सबहक सुविधा लेल दुनू दिस सं एहि ट्रेनक टिकट आईआरसीटीसीक माध्यम सं बुक कयल जा सकत। रेल परिचालन शुरू होयबाक पहिने सभ आवश्यक तैयारी पूरा कए लेल जायत।

रामायण सर्किट कें भेटत नव मजबूती

अयोध्या आ जनकपुरधामक बीच रेल परिचालन कें भारत-नेपालक धार्मिक आ सांस्कृतिक संबंध कें मजबूत करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल मानल जा रहल अछि। रामनगरी अयोध्या आ सीतानगरी जनकपुरधाम रेलमार्ग सं जुड़लाक बाद रामायण सर्किट कें नव मजबूती भेटत। एहि सं दुनू देशक श्रद्धालु, पर्यटक आ व्यापारी सभ कें लाभ होयत। रेल सेवा शुरू भेला सं भारत आ नेपालक बीच धार्मिक पर्यटन आ व्यापारिक गतिविधि कें बढ़ावा भेटबाक आशा अछि।

रेल परिचालनक तैयारीक निरीक्षणक दौरान हाजीपुरक पीसीएससी अमरेश कुमार, पीसीओएम इंदु रानी दुबे, डीआरएम ज्योति प्रकाश मिश्रा, सीनियर डीईएन कोऑर्डिनेशन संजय कुमार, सीनियर डीओएम विजय प्रकाश, सीनियर डीसीएम अमितेश कुमार, सीनियर डीएसटी पंकज कुमार, डीएमई दुर्गेश कुमार, आरपीएफ कमांडेंट आशीष कुमार, इंस्पेक्टर पोखराज मीणा, जीआरपी डीएसपी आदिल, एसडीएम दीपक कुमार, डीएसपी सदानंद कुमार, कस्टम सहायक आयुक्त लाल देव, अधीक्षक कुमार भवेश आ इरकॉनक जीएम दीपक कुमार सहित रेलवे, प्रशासन आ सुरक्षा विभागक कतेको अधिकारी उपस्थित छलाह।

एक नजरि

समस्तीपुर मे पुजारीक तीन गोली मारि हत्या

समस्तीपुर : समस्तीपुरक मुसरीघरारी मे बृहस्पति सांझ अज्ञात अपराधी सभ ठाकुरबाड़ीक पुजारी सोनू सिंहक तीन गोली मारि हत्या कए देलक। घटना गंगापुर लग भेल। मृतक चक हबीब बाघी पंचायतक रामटोला निवासी कमल सिंहक पुत्र छलाह। अपराधी हुनका माथ, डांड़ आ पैर मे गोली मारलक। स्थानीय विनोद कुमार सिंहक अनुसार, सोनू बृहस्पति सांझ घर पर छलाह। एही बीच हुनका मोबाइल पर फोन आयल।

पुलिस अधिकारी सं भिड़ल युवक, कॉलर पकड़ि फाड़लक वर्दी

सोनपुर : सोनपुरक पहलेजा घाट मे शुक्रदिन भोर रुपैयाक लेनदेन कें लए विवाद हिंसक भए गेल। एहि क्रम मे मौका पर पहुंचल गश्ती पुलिसक एक युवक सं झड़प भए गेल। आरोप अछि जे युवक पुलिस पदाधिकारी सब इंस्पेक्टर उमाशंकर राय सं हाथापाइ कयलनि आ हुनकर कॉलर पकड़ि वर्दी फाड़ि देलनि। बहुत प्रयासक बाद पुलिसकर्मी युवक कें काबू मे कए हिरासत मे लेलनि आ थाना लए गेलाह। घटना सुनि थानाक बाहर लोकक भीड़ जुटि गेल। स्थिति देखैत पुलिस थानाक मुख्य दरबज्जा बन्न कए देलक। थानाध्यक्ष संदीप कुमारक अनुसार, हिरासत मे लेल गेल युवक सबलपुर उत्तरी पंचायतक राजेश कुमार राय अछि।

पटना मे मुठभेड़, पैक्स अध्यक्ष हत्याकांडक 3 आरोपी मारल गेल

मनेर थानाध्यक्ष कें सेहो लागल गोली, घायल, लगभग 20 मिनट धरि चलल मुठभेड़

पटना, समदिया

पटना सं सटल मनेर इलाका मे शुक्रदिन भोर पुलिस आ कुख्यात अपराधी सभक बीच भीषण मुठभेड़ भेल। शेरपुर गंगा घाट लग दुनू दिस सं भेल गोलीबारी मे पुलिस तीन अपराधी कें मारि खसौलक। अपराधी सभक पहिचान राजा शर्मा, बबलू कुमार आ जेपी यादवक रूप मे भेल अछि। पटना एसएसपी कार्तिकेय कुमार शर्मा मुठभेड़क पुष्टि कयलनि। हुनकर अनुसार, पटना एसटीएफ आ स्थानीय पुलिस कें सूचना भेटल छल जे मनेर थाना क्षेत्रक शेरपुर गाम मे किछु अपराधी जमा भेल अछि। ओ सभ कोनो पैघ घटना के अंजाम देबाक तैयारी मे छल। सूचना भेटिते एसटीएफ आ मनेर थानाध्यक्ष रजनीश कुमार पुलिस बलक संग ओतय पहुंचलाह। पुलिस टीम कें देखैत घेरायल बुझि अपराधी सभ गोली चलाबय लगल।

एसएसपी कहलनि जे अपराधी सभ पुलिस टीम पर लगातार गोलीबारी कयलक। जवाब मे पुलिस सेहो गोली चलौलक। करीब 20 मिनट धरि दुनू दिस सं गोली चलैत रहल। एहि मुठभेड़ मे तीन अपराधी गंभीर रूप सं घायल भए गेल। पुलिस ओकरा सभ कें अस्पताल पहुंचेबाक व्यवस्था कयलक, जतय चिकित्सक तीनू कें मृत घोषित कए देलनि।



दुनू दिस सं 43 राउंड गोली चलल

एसएसपीक अनुसार, घटना भोर करीब 4:30 बजे भेल। पुलिस अपन बचाव मे 18 राउंड गोली चलौलक, जखन कि अपराधी सभ दिस सं 24-25 राउंड गोली चलाओल गेल। मुठभेड़क बाद घटनास्थल सं एकटा देसी पिस्तौल आ दूटा देसी कट्टा बरामद कयल गेल अछि। गोलीबारी मे मनेर थानाध्यक्ष रजनीश कुमार सेहो घायल भए गेलाह। हुनकर बांह मे गोली लागि आर-पार भए गेल। हुनका तत्काल इलाज लेल अस्पताल लए जायल गेल। घटनास्थल पर दानापुर डीएसपी-2 अमरेंद्र कुमार झा आ पटना एफएसएलक टीम पहुंचि जांच शुरू कए देलक।

पैक्स अध्यक्ष हत्याकांड मे फरार छल तीनू अपराधी

एसएसपी बतौलनि जे तीनू अपराधीक आपराधिक इतिहास लंबा रहल अछि। ओ सभ मनेर थाना क्षेत्र मे पैक्स अध्यक्ष संजीत कुमार उर्फ भोलू हत्याकांड मे लगातार फरार चलि रहल छल। तीनू पेशेवर शूटरक रूप मे काज करैत छल आ पुलिस कें बहुत दिन सं हुनका सभक तलाश छल।

ई मामिला 19 अक्टूबरक राति मनेरक ब्यापुर मे भेल पैक्स अध्यक्षक हत्या सं जुड़ल अछि। दानापुर एसडीपीओ-2 अमरेंद्र कुमार झा बतौलनि जे पंचायत चुनावक पुरान रंजिश मे अपराधी सभ पैक्स अध्यक्ष संजीत कुमार उर्फ भोलू आ प्रखंड प्रमुखक पति पिंटू कुमार पर अंधाधुंध गोली चलौने छल। एहि हमला मे संजीत कुमारक मृत्यु भए गेल छल, जखन कि पिंटू कुमारक जांघ मे गोली लागल छल। हुनका इलाज लेल अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल।

मुठभेड़क बाद दानापुर मे हंगामा

पुलिसक गाड़ी क्षतिग्रस्त, पुलिस केलक लाठीचार्ज

पटना : राजधानी पटना लग दानापुर मे मनेर मुठभेड़क बाद भारी हंगामा भेल। मुठभेड़ मे तीन गोटे मारल गेलाक बाद अनुमंडलीय अस्पताल मे जुटल मृतकक परिजन आ स्थानीय लोक पोस्टमार्टम कराबय सं मना कए देलनि। एहि दौरान आक्रोशित लोक पुलिस पर जमि कए पाथरबाजी केलनि, जाहि मे पुलिसक किछु गाड़ी क्षतिग्रस्त भए गेल। स्थिति नियंत्रित करबाक लेल पुलिस लाठीचार्ज कए भीड़ कें अस्पताल परिसर सं बाहर खिहाड़लनि। एहि दौरान पुलिस आ आम लोकक बीच झड़प सेहो भेल। करीब एक दर्जन थाना आ पुलिस लाइन सं भारी संख्या मे पुलिस बल तैनात कयल गेल। पटना सेंट्रल एसपी चंद्र प्रकाश आ दानापुर एसपी अजीत कुमार अस्पताल मे उपस्थित रहलाह।

आचार संहिता उल्लंघन मामिला मे लालू यादव पर आरोप तय

- लालू आरोप सं केलनि मना
- 2011 केर अछि मामिला
- कोर्टक बाद विधायक ओसामा ओतय पहुंचलाह लालू

सीवान, समदिया

राष्ट्रीय जनता दल (राजद) केर राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री लालू प्रसाद यादवक आचार संहिता उल्लंघन मामिला मे बृहस्पति कें सीवानक एसीजे-1 अरविंद कुमारक न्यायालय मे पेशी भेल। करीब 11 बजे न्यायालय मे उपस्थित भेलाक बाद हुनका पर लगाओल गेल आरोपक सारांश पढ़ि सुनाओल गेल। लालू प्रसाद आरोप स्वीकार करबा सं मना कयलनि। न्यायालय मे पेशीक बाद ओ राजद विधायक ओसामा शहाबक घर गेलाह आ ओतय दिवंगत सांसद मोहम्मद शहाबुद्दीनक पत्नी हिना शहाब सं भेंट कयलनि।



ई मामिला 2011 केर विधानसभा चुनाव सं जुड़ल अछि। ओहि समय लालू प्रसाद केंद्र सरकार मे रेलमंत्री छलाह। 8 अक्टूबर 2011 कें ओ दरौंदा विधानसभा क्षेत्र मे राजद प्रत्याशी परमेश्वर सिंहक पक्ष मे चुनाव प्रचार करय गेल छलाह। आरोप अछि जे निषेधाज्ञा लागू रहबाक बादो बिना अनुमति ध्वनि विस्तारक यंत्रक उपयोग कए सभा आ भाषण कयल गेल छल।

तत्कालीन अंचलाधिकारी शंकर महतो एकरा आचार संहिताक उल्लंघन मानैत लालू प्रसाद यादव आ प्रत्याशी परमेश्वर सिंहक विरुद्ध दरौंदा थाना मे कांड संख्या 146/11 दर्ज करौने छलाह। एहि मामिलाक सुनवाइ सीवान न्यायालय मे चलि रहल अछि। लालू प्रसादक अधिवक्ता कामेश्वर तिवारी आ धीरेंद्र कुमार हुनकर उपस्थिति दर्ज करौलनि। आब एहि मामिला मे गवाहीक प्रक्रिया शुरू होयत।

शिक्षा विभाग मे घोटाला! 34.11 करोड़ टाकाक बेसी निकासी, एचआरएमएस पोर्टल पर उठल सवाल

- विभागीय अधिकारी सभ मे मचल खलबली

पटना, समदिया

बिहारक शिक्षा विभाग मे वित्तीय अनियमितता आ लापरवाहीक पैघ मामिला सोझां आयल अछि। विभागक अपर मुख्य सचिव सीके अनिल द्वारा कयल गेल समीक्षा मे एचआरएमएस पोर्टलक माध्यम सं वेतन, मकान किराया भत्ता (एचआरए) आ बकाया राशि (एरियर)क नाम पर करोड़ो टाकाक बेसी भुगतान आ निकासीक खुलासा भेल अछि। एहि मामिला




कें सोझां अयलाक बाद विभागीय अधिकारी आ कर्मी सभक बीच खलबली मचि गेल अछि। विभागीय जांच मे भेटल आंकड़ा अनुसार, ई गड़बड़ी कोनो एकटा जिलाधरि सीमित नहि अछि, बल्कि बिहारक सभ 38 जिला मे पसरल अछि। राज्य भरि मे कुल 6,895 मामिला मे निर्धारित सीमा सं बेसी राशि भुगतान अथवा निकासी कयल गेल अछि। आंकड़ा बतबैत अछि जे एहि प्रक्रियाक अंतर्गत कुल 34 करोड़ 11 लाख 56 हजार 604 टाका अनधिकृत रूप सं बेसी निकालल गेल अछि।

मेकर, चेकर आ अप्रूवरक भूमिका पर उठल सवाल

वेतन आ भत्ताक नाम पर भेल एहि वित्तीय गड़बड़ीक बाद एचआरएमएस पोर्टल पर काज करयबला मेकर, चेकर आ अप्रूवर केर भूमिका पर गंभीर सवाल उठि रहल अछि। प्रशासन एहि बातक जांच कए रहल अछि जे कोन स्तर पर जानि-बुझि लापरवाही बरतल गेल आ केकर अनुमति सं एतेक पैघ राशि खाता सभ सं निकालल गेल।

सभ 38 जिलाक शिक्षा पदाधिकारी सं सात दिन मे जवाब तलब

मामिलाक गंभीरता कें देखैत शिक्षा विभाग राज्यक सभ 38 जिलाक जिला शिक्षा पदाधिकारी (डीईओ) सं औपचारिक रूप सं स्पष्टीकरण मंगने अछि। सभ अधिकारी कें साक्ष्य सहित संतोषजनक जवाब देबाक लेल सात दिनक समय देल गेल अछि। विभाग चेतौनी देने अछि जे निर्धारित समय-सीमा मे जवाब नहि देल गेल अथवा जवाब असंतोषजनक पाओल गेल, तं संबंधित अधिकारीक विरुद्ध एकतरफा दंडात्मक कारबाइ कयल जाएत।



चेतना समितिक नव-निर्मित मिथिला सांस्कृतिक केंद्रक उद्घाटन बिजेंद्र प्रसाद यादव कयलनि

मिथिलाक साहित्यिक, सांस्कृतिक आ कलात्मक विरासत कें संरक्षित करबाक उद्देश्य सं स्थापित भेल केंद्र





पटना, समदिया

राजेंद्र नगर, पटना स्थित चेतना समिति द्वारा संचालित मिथिला भवन परिसर मे नव-निर्मित मिथिला सांस्कृतिक केंद्रक उद्घाटन शुक्रदिन बिहारक उपमुख्यमंत्री बिजेंद्र प्रसाद यादव कयलनि। ई केंद्र मिथिलाक समृद्ध साहित्यिक, सांस्कृतिक आ कलात्मक विरासत कें संरक्षण, संवर्धन आ नवपीढ़ी धरि हस्तांतरित करबाक उद्देश्य सं स्थापित कयल गेल अछि। उद्घाटन समारोह मे बिहारक उपमुख्यमंत्री बिजेंद्र प्रसाद यादव, बिहार सरकारक पूर्व मंत्री आ वर्तमान विधायक विनोद नारायण झा, चेतना समितिक अध्यक्ष विवेकानंद झा, उपाध्यक्ष उमेश मिश्र, मंजू झा, विपेंद्र झा माधव, सचिव जयदेव मिश्र, भवन निर्माण विभागक संयोजक शिशिर चंद्र झा, सदस्य प्रशांत मिश्रा, धर्मवीर झा, कोषाध्यक्ष नारायण झा, संयुक्त सचिव सतीश चंद्र झा, दिनेश झा, मनोज कुमार झा, पूजा झा, प्रियंका मिश्र, किशोर चौधरी, वरिष्ठ कलाकार प्रेम लता मिश्र, रंजना झा, अवधेश झा, पूर्व सचिव विवेकानंद ठाकुर सहित चेतना समितिक कतेको सदस्य आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। मिथिलाक पारंपरिक वैदिक आ सांस्कृतिक परंपराक अनुरूप उद्घाटन समारोहक शुभारंभ वैदिक मंत्रोच्चारक संग भेल। एहि अवसर पर पंडित किशोर झा आ मिथिलेश झा वैदिक मंत्रक पाठ कयलनि। ओतहि रंजना झा महाकवि विद्यापति रचित प्रसिद्ध भगवती वंदना जय जय भैरवि केर सुमधुर प्रस्तुति दैत समारोह कें भक्तिमय आ सांस्कृतिक गरिमा प्रदान कयलनि।

मिथिला प्राचीन कालहि सं ज्ञान, दर्शन आ संस्कृतिक केंद्र रहल अछि : उपमुख्यमंत्री

उपमुख्यमंत्री बिजेंद्र प्रसाद यादव अपन संबोधन मे कहलनि जे मिथिला सांस्कृतिक केंद्रक उद्घाटन होयब अत्यंत गौरवक विषय अछि। मिथिला प्राचीन कालहि सं ज्ञान, दर्शन, साहित्य आ संस्कृतिक प्रमुख केंद्र रहल अछि। चेतना समितिए एहि सांस्कृतिक चेतना कें जीवंत बनौने रखबाक आ आगू बढ़ेबाक महत्वपूर्ण काज कयने अछि। ओ कहलनि जे आचार्य मंडन मिश्र आ भारती मंडन मिश्र सन महान विभूति सं कें परिचित नहि छथि! स्वयं आदि शंकराचार्य शास्त्रार्थ लेल मिथिला आयल छलाह आ एतुक्का विलक्षण विद्वत्ता आ बौद्धिक परंपरा सं प्रभावित भेल छलाह। मिथिलाक सांस्कृतिक विशिष्टताक उल्लेख करैत ओ कहलनि जे मिथिलाक वास्तविक पहचान ओकर समृद्ध सांस्कृतिक विरासत अछि।

72 बरख सं लोकतांत्रिक तरीका सं काज कए रहल अछि चेतना समिति : विनोद नारायण झा

बिहार सरकारक पूर्व मंत्री आ विधायक विनोद नारायण झा कहलनि जे चेतना समिति विगत 72 बरख सं निरंतर निर्विघ्न आ लोकतांत्रिक तरीका सं काज करैत आबि रहल अछि। मिथिलाक मैथिली भाषा, कला आ सांस्कृतिक समन्वय मे सहरसा आ सुपौल सन क्षेत्रक सेहो विशिष्ट योगदान रहल अछि। ओ उच्चैठ भगवती स्थानक धार्मिक आ सांस्कृतिक महत्वक उल्लेख करैत कहलनि जे ई ओहि पावन स्थल सभ मे सं एक अछि, जतय भगवान श्रीराम सर्वप्रथम माता सीताक दर्शन कयने छलाह। ओ ईहो कहलनि जे मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत कें संरक्षण आ विकास लेल सरकार विभिन्न स्तर पर काज कए रहल अछि।

निर्धारित समय पर पूरा भेल भवन निर्माणक काज : शिशिर चंद्र झा

भवन निर्माण विभागक संयोजक शिशिर चंद्र झा कहलनि जे मिथिला सांस्कृतिक केंद्रक भवन निर्माणक काज निर्धारित समय पर पूरा कयल गेल अछि। आब एहि केंद्रक माध्यम सं विभिन्न प्रकारक सांस्कृतिक कार्यक्रम आ गतिविधिक नियमित संचालन कयल जायत।

लोकगीत, कला, संगीत आ नाट्य प्रशिक्षणक होयत व्यवस्था : विवेकानंद झा

चेतना समितिक अध्यक्ष विवेकानंद झा अपन संबोधन मे कहलनि जे ओ विगत 50 बरख सं चेतना समिति सं जुड़ल छथि। मिथिला मे अपन स्वतंत्र सांस्कृतिक केंद्रक आवश्यकता बहुत दिन सं अनुभव कयल जा रहल छल। ई काज कतेको बरख सं लंबित छल आ समिति अपन सांस्कृतिक केंद्रक अभाव अनुभव कए रहल छल। आइ ई सपना साकार भेल अछि आ ई केंद्र आम लोक लेल समर्पित अछि।

ओ कहलनि जे एहि केंद्रक माध्यम सं लोकगीत प्रशिक्षण, विभिन्न आयु वर्गक लेल कला, संगीत आ नाट्य प्रशिक्षणक व्यवस्था कयल जायत। एकर अतिरिक्त, विभिन्न अवसर पर लोकगायक आ लोकगायिकाक आवश्यकता रहयवला संस्था आ आयोजक सभ कें उचित शुल्क पर कलाकार उपलब्ध करयबाक व्यवस्था सेहो कयल जायत। एहि पहल सं मिथिलाक लोककला आ लोकसंगीत कें प्रोत्साहन भेटत आ स्थानीय कलाकार सभ कें अपन प्रतिभा प्रदर्शित करबाक अवसर भेटत। कार्यक्रमक अंत मे चेतना समितिक सचिव जयदेव मिश्र धन्यवाद ज्ञापन कयलनि। ओ सभ अतिथि, पदाधिकारी, सहयोगी आ उपस्थित लोकसभक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। मिथिला सांस्कृतिक केंद्रक उद्घाटन मिथिलाक भाषा, साहित्य, लोककला, संगीत आ सांस्कृतिक परंपराक संरक्षण आ संवर्धनक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि। ई केंद्र आबयवला समय मे मिथिलाक सांस्कृतिक गतिविधि, प्रशिक्षण आ रचनात्मक संवादक एकटा महत्वपूर्ण संस्थागत मंच बनत।

बैंकॉकक वाट अरुण मंदिरक तर्ज पर बनत मां कालीक भव्य पंडाल

10 दिन धरि सजत सांस्कृतिक महफिल



पटना, समदिया

सोना गोपालपुर मां काली पूजाः पटना के फुलवारी शरीफक सोना गोपालपुर मे मां काली पूजाक तैयारी आखरी चरण मे अछि। एहि बेर पूजा पंडाल थाईलैंडक राजधानी बैंकॉक स्थित विश्वप्रसिद्ध वाट अरुण मंदिरक तर्ज पर बनाओल जा रहल अछि। पंडालक भव्यता आ कलात्मक सजावट श्रद्धालु सभक लेल विशेष आकर्षण रहत। पंडाल निर्माणक जिम्मेदारी सत्येंद्र टेंट हाउसके देल गेल अछि।

पूजा समितिक अध्यक्ष पवन कुमार यादव बतौलनि जे पंडालक ढांचा तैयार करबाक लेल बंगाल सं 25 सं बेसी कारीगर पहुंचल छथि। एहि कारीगर सभ बांसक मदति सं पंडालक ढांचा तैयार केने छथि। समिति प्रत्येक वर्ष पूजाके पहिने सं बेसी भव्य आ आकर्षक बनेबाक प्रयास करैत अछि। सोना गोपालपुर मे वर्ष 2017 सं लगातार मां काली पूजाक आयोजन होइत आबि रहल अछि।


आयोजनक अंतर्गत 7 नवंबरक मध्यरात्रि मां कालीक पट श्रद्धालु सभक दर्शन लेल खोलि देल जाएत। एकर संगहि 10 दिवसीय मेलाक शुरूआत होयत। 7 सं 16 नवंबर धरि चलए बला एहि मेला मे पटना सहित बिहारक अलग-अलग जिला आ दोसर राज्य सभ सं आएल कलाकार अपन सांस्कृतिक प्रस्तुति देताह। लगातार 10 दिन धरि सांस्कृतिक कार्यक्रम आ मनोरंजनक विभिन्न आयोजन होयत।

नगर परिषद अध्यक्ष अमित कुमार बतौलनि जे मेला मे आबय बला श्रद्धालु सभक सुविधा आ सुरक्षा लेल व्यापक इंतजाम कएल जा रहल अछि। पूजा परिसर आ आसपासक इलाका मे साफ-सफाइ, रोशनी आ पेयजल व्यवस्था कएल जा रहल अछि। एहि लेल पानिक टंकी सेहो लगाओल जाएत। कोनो आपात स्थिति सं निपटबाक लेल अग्निशमन दस्ता आ सुरक्षा व्यवस्थाक प्रबंध कएल जा रहल अछि। सोना गोपालपुर मे 16 नवंबर धरि मेला आ सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित होयत। एकर अगिला दिन यानी 17 नवंबरके मां कालीक प्रतिमाक विसर्जन कएल जाएत। पूजा समिति आ नगर परिषदक तैयारीक उद्देश्य श्रद्धालु सभके नीक सुविधा उपलब्ध करएबाक संग आयोजनके शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न करेनाइ अछि।

21 नवंबर कें बिहार एताह पीएम मोदी इंडस्ट्रियल कॉरिडोर मे भव्य कार्यक्रम

पटना, समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बिहार आगमन सं पहिने एनडीए नेता सभ तैयारी शुरू कए देने छथि। 21 नवंबरके पीएम मोदी बिहारक वैशाली जिला जेता। ओतय भव्य कार्यक्रम मे शामिल होयताह आ बिहारके कतेको सौगात सेहो देताह। पीएम मोदीक आगमनके लए मुख्यमंत्री आवास मे सीएम सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे एनडीए केर बैठक सेहो भेल छल।



भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी पीएम मोदीक आगमन आ तैयारीक संबंध मे जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे वैशालीक जाफर पट्टी मे बनए बला 1,260 एकड़ क्षेत्रफल बला इंडस्ट्रियल कॉरिडोर मे कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एहि मे पीएम नरेंद्र मोदी शामिल होयताह। एहि दौरान प्रधानमंत्री पैघ जनसभाके संबोधित सेहो करताह। 20 नवंबरके बिहार मे एनडीए सरकारक गठनक एक वर्ष पूरा भए जाएत। एही अवसर पर 21 नवंबरके पीएम बिहार एताह।

संजय सरावगी ईहो बतौलनि जे मुख्यमंत्रीक अध्यक्षता मे भेल बैठक मे पीएम मोदीक स्वागत, कार्यक्रमक रूपरेखा आ तैयारी पर चर्चा कएल गेल। एकर अतिरिक्त कार्यक्रम मे आम लोकसभक बेसी सं बेसी भागीदारी सुनिश्चित करबाक विषय पर सेहो विचार-विमर्श भेल। एनडीए नेता सभके तैयारीक जिम्मेदारी देल गेल। बैठक मे आन मुद्दा पर सेहो चर्चा कएल गेल।

भेटल जानकारीक अनुसार, वैशाली मे कार्यक्रमक दौरान पीएम मोदी सिक्स लेन पुलक उद्घाटन सेहो कए सकैत छथि। दोसर दिस, पीएम मोदीक आगमन सं पहिने अधिकारी सभ सेहो अलर्ट मोड मे छथि। डीजीपी आ मुख्य सचिव कार्यक्रम स्थलके निरीक्षण करबाक लेल पहुंचि रहल छथि। एहि दौरान यातायात, सुरक्षा आ अन्य तैयारीक व्यवस्थाक जायजा लेल गेल। फिलहाल, विस्तृत कार्यक्रमक समय-सारणी लेल एखन प्रतीक्षा करए पड़त। जानकारीक अनुसार, मुख्यमंत्रीक अध्यक्षता मे भेल बैठक मे 'लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ' पदयात्रा पर सेहो चर्चा भेल। ई यात्रा विपक्षक विरुद्ध निकालल जा रहल अछि। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी जानकारी देलनि जे करीब 10 जिला मे ई यात्रा निकालल जा चुकल अछि। शेष जिला सभ मे कार्यक्रमक समय-सारणी दीपावली आ छठि पूजा के बाद तय कएल जाएत।

एएन कॉलेज शिक्षक संघ चुनावक परिणाम घोषित

पटना। एएन कॉलेज शिक्षक संघक चुनाव महाविद्यालय परिसर मे शांतिपूर्ण माहौल मे संपन्न भेल। मतदान आ मतगणनाक बाद परिणाम घोषित कए देल गेल। संयुक्त सचिवक दुनू पद पर राजनीति विज्ञान विभागक डॉ. कौसर तस्नीम आ मनोविज्ञान विभागक डॉ. संजय कुमार निर्वाचित भेलाह। ओतहि, अध्यक्ष, महासचिव आ कोषाध्यक्ष सहित कतेको पद पर निर्विरोध चयन भेल। एएन कॉलेज शिक्षक संघ चुनाव मे संयुक्त सचिवक पद पर राजनीति विज्ञान विभागक डॉ. कौसर तस्नीम आ मनोविज्ञान विभागक डॉ. संजय कुमार जीत दर्ज कएलनि। ओतहि, उपाध्यक्षक दुनू पद पर भूगोल विभागक डॉ. भावना निगम आ हिंदी विभागक डॉ. नवीन कुमार निर्वाचित भेलाह। चुनाव मे भौतिकी विभागक ज्योतिष कुमार अध्यक्ष पद पर निर्विरोध निर्वाचित भेलाह। दर्शनशास्त्र विभागक शालिनीके महासचिव आ पीएमआईआर विभागक शत्रुघ्न कुमारके कोषाध्यक्ष चुनल गेल। एहि दुनू पद पर सेहो निर्विरोध चयन भेल। एकर अतिरिक्त कार्यकारिणी समितिक आठ सदस्य सेहो निर्विरोध निर्वाचित भेलाह।

राज्य मे नव डबल ट्रैक रेल पुल सं बढ़त उत्तर-दक्षिण बिहारक कनेक्टिविटी

एहि जिला सभक यात्रा होयत आसान

पटना, समदिया

डबल ट्रैक रेल पुलः बिहारक अलग-अलग जिला सभ मे आधारभूत संरचना मजबूत करबाक दिशा मे जोर देल जा रहल अछि। खास कए सड़क आ रेल कनेक्टिविटी मजबूत करबाक पर बेसी ध्यान देल जा रहल अछि। एहि बातके ध्यान मे राखि मोकामा मे नव डबल ट्रैक रेल पुल बनाओल गेल छल। राजेंद्र सेतुक समानांतर एहि रेल पुलक निर्माण कएल गेल अछि।



नव डबल ट्रैक रेल पुल पर ट्रेनक परिचालन सेहो शुरू भए गेल अछि। एकर निर्माण सं उत्तर आ दक्षिण बिहारक बीच कनेक्टिविटी मजबूत होयबाक खबर अछि। मात्र बिहारक जिला सभक बीच आवाजाही नहि, बल्कि दिल्ली आ उत्तर प्रदेश जेबाक यात्रा सेहो लोक सभ लेल पहिने सं बेसी आसान भए गेल अछि। कहल जा रहल अछि जे यात्री सभक सुविधा ध्यान मे राखि दिल्ली आ यूपी रूट पर ट्रेनक संख्या बढ़ेबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। भेटल जानकारीक अनुसार, मिथिलांचल आ दिल्लीक बीच नव अमृत भारत ट्रेन चलएबाक योजना अछि। एहि ट्रेनक शुरूआत नव वर्ष मे भए सकैत अछि। एतबे नहि, अगिला किछु वर्ष मे वंदे भारत सहित अन्य ट्रेन सभक संख्या सेहो बढ़ाओल जा सकैत अछि। एहि सं यात्री सभके विशेष लाभ भेटतनि। राजेंद्र सेतुक समानांतर नव पुल बनला सं खास कए खगड़िया, बेगूसराय, पटना, मधुबनी, नवादा आ शेखपुराक बीच कनेक्टिविटी आसान भए गेल अछि। एकर संगहि ट्रेन सभक क्रॉसिंग लेल लोकसभके सिग्नल पर प्रतीक्षा नहि करए पड़ैत अछि। एहि सं समयक बचत भए रहल अछि। संगहि दिल्ली, उत्तर प्रदेश आ सिमरिया धाम तक आन-जायब सेहो आसान भए गेल अछि। एहि तरह धार्मिक पर्यटनके बढ़ावा भेटबाक संभावना अछि।

पहिने सिंगल ट्रैक रहबाक कारण ट्रेन सभक गति करीब 50 किलोमीटर प्रति घंटा छल। एकर अतिरिक्त आउटर सिग्नल पर ट्रेनक क्रॉसिंग लेल यात्री सभके घंटो प्रतीक्षा करए पड़ैत छलनि। मुदा राजेंद्र सेतुक समानांतर रेल पुल बनलाक बाद दुनू दिशा मे ट्रेनक परिचालन शुरू भए गेल अछि। आब ट्रेन सभ 100 सं 110 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं चलि रहल अछि। एहि सं यात्री सभक समयक बचत भए रहल अछि।

छठि घाट-पोखरि सभ पर 187 सीसीटीवी कैमरा सं रहत नजरि

- **16 पब्लिक अनाउंसमेंट सिस्टम सं होयत निगरानी**
- **75 वार्ड मे 100-100 अतिरिक्त स्ट्रीट लाइट लगेबाक काज शुरू**

पटना, समदिया

पटना नगर निगम छठि महापर्वके लए शहर मे रोशनी, घाट सभक सुरक्षा आ भीड़ प्रबंधनक तैयारी तेज कए देने अछि। शहरक 75 वार्ड मे 100-100 अतिरिक्त स्ट्रीट लाइट लगएबाक अभियान चलि रहल अछि।

गंगा घाट आ प्रमुख पोखरि सभ पर सीसीटीवी कैमराक माध्यम सं तैयारी आ भीड़क निगरानी कएल जा रहल अछि। निगमक इंटीग्रेटेड कमांड एंड कंट्रोल सेंटर (आईसीसीसी) सं कैमरा सभक लाइव फीडक माध्य मे घाट सभक स्थिति पर नजरि राखल जा रहल अछि।

दू चरण मे प्रत्येक वार्ड कें भेटल 60 लाइट

अतिरिक्त स्ट्रीट लाइट लगएबाक अभियानक दोसर चरण मे सभ 75 वार्डके 38-38 लाइट उपलब्ध कराओल गेल अछि। एहि सं पहिने प्रत्येक वार्डके 22-22 लाइट देल गेल छल। एहि तरह एखन धरि प्रत्येक वार्डके 60 अतिरिक्त लाइट भेटि चुकल अछि। शेष 40 लाइट सेहो अगिला चरण मे उपलब्ध कराओल जाएत।

ई लाइट अन्हार बला स्थान, गली आ जरूरत बला क्षेत्र सभ मे लगाओल जा रहल अछि। नगर निगमक लक्ष्य छठि सं पहिने शहरक प्रमुख रास्ता आ संवेदनशील स्थान सभ पर पर्याप्त रोशनी सुनिश्चित करब अछि।

तीन मास मे 33 हजार लाइटक मरम्मत



नगर निगमक अनुसार, पछिला तीन मास मे 33 हजार सं बेसी स्ट्रीट लाइटक मरम्मत कएल गेल अछि। खराब भेटल 6 हजार सं बेसी लाइटके बदलि नव लाइट लगाओल गेल अछि। एहि काज लेल 25-26 टीम लगातार क्षेत्र मे काज कए रहल अछि। टीम सभ स्विच, तार, बल्ब आ अन्य तकनीकी हिस्सा सभक जांच कए घटनास्थले मरम्मत कए रहल अछि।

घाट सभ पर हाईमास्ट आ लाइट टावर सेहो तैयार

छठक दौरान घाट आ संपर्क पथ सभ पर रोशनीक व्यवस्था मजबूत कएल जा रहल अछि। गंगा घाट सभ पर लाइट टावर लगाओल जा रहल अछि, जाहि पर चारि सं पांच फ्लड लाइट अथवा मेटल लाइट लगाओल जाएत। एकर अतिरिक्त घाट आ संपर्क पथ सभ पर पहिने सं मौजूद 50 हाईमास्ट आ करीब 22 हजार स्थायी स्ट्रीट लाइटक सेहो निगरानी कएल जा रहल अछि।

187 कैमरा सं 35 घाट-पोखरि पर नजरि

भीड़ प्रबंधन आ सुरक्षा लेल 35 संवेदनशील घाट आ पोखरि परिसर मे आईसीसीसी सं जुड़ल 187 सीसीटीवी कैमरा लगाओल गेल अछि। एहि कैमरा सभक लाइव फीड सं श्रद्धालु सभक आवाजाही, भीड़क दबाव आ घाट सभक व्यवस्था पर नजरि राखल जा रहल अछि।

कैमरा सभक माध्यम सं प्रवेश-निकास, बैरिकेडिंग, सीढ़ी आ अन्य संवेदनशील स्थान सभक निगरानी कएल जा रहल अछि। कोनो क्षेत्र मे भीड़ बढ़बाक अथवा अव्यवस्थाक स्थिति बनला पर कंट्रोल रूम सं संबंधित टीमके तुरंत अलर्ट कएल जा सकत।

एनआईटी घाट सं पुलिस-प्रशासन सेहो देखत लाइव फीड

अर्घ्यक दिन श्रद्धालु सभक सुरक्षा के देखैत एनआईटी घाट पर लाइव व्यूइंग सेंटर तैयार कएल जाएत। एतय पुलिस आ प्रशासनिक अधिकारी विभिन्न घाट सभक सीसीटीवी फीडक माध्यम सं निगरानी करताह। एहि सं घाट पर तैनात टीम आ कंट्रोल रूमक बीच समन्वय नीक होयत तथा आपात स्थिति मे शीघ्र कारबाइ कएल जा सकत।

16 पीए सिस्टम सं स्वच्छताक संदेश

घाट सभ पर 16 पब्लिक अनाउंसमेंट सिस्टम लगाओल गेल अछि। एहि सभक माध्यम सं श्रद्धालु सभ सं पूजन सामग्री, फूल-माला, प्लास्टिक आ अन्य कचरा गंगा मे नहि फेकबाक अपील कएल जा रहल अछि। निर्धारित स्थान पर कचरा फेकबाक, घाट सभ पर स्वच्छता बनौने रखबाक आ सुरक्षा निर्देश सभक पालन करबाक संदेश सेहो लगातार प्रसारित कएल जा रहल अछि।

तेज गति ट्रकक ठोकर सं शिक्षकक मृत्यु आक्रोशित लोक कयलनि सड़क जाम

दिल्ली मोड़-बाघमोड़ मुख्य पथ पर दुर्घटना, पुलिस पर ट्रक सं सीमेंट खाली करेबाक आरोप

दरभंगा, समदिया



विश्वविद्यालय थाना क्षेत्रक पासपोर्ट कार्यालयक लग दिल्ली मोड़-बाघमोड़ मुख्य पथ पर शुक्रदिन भोर तेज रफ्तार ट्रकक ठोकर सं बाइक सवार शिक्षकक घटनास्थले मृत्यु भए गेलनि। मृतकक पहचान केवटी थाना क्षेत्रक बाढ़ि समेला निवासी मरहूम जाकिर हुसैनक 35 वर्षीय पुत्र अहमद अलीक रूप मे भेलनि अछि। ओ शहरक रामगंज मोहल्ला मे किरायाक मकान मे रहैत छलाह। भेटल जानकारीक अनुसार, अहमद अली शुक्रदिन भोर बाइक सं अपन आवास सं जाले प्रखंडक दौराबंदौली उच्च माध्यमिक विद्यालय जा रहल छलाह। एहि बीच बाघमोड़ दिस सं पाछू आबि रहल सीमेंट लदल तेज रफ्तार ट्रक हुनकर बाइक मे जोरदार टक्कर मारि देलक। दुर्घटना मे हुनकर घटनास्थले मृत्यु भए गेलनि। घटना के बाद ट्रक चालक गाड़ी छोड़ि फरार भए गेल। सूचना भेटिते विश्वविद्यालय थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ ट्रक कें मब्बी थाना परिसर मे ठाढ़ करा देलक। एहि सं स्थानीय लोकक आक्रोश भड़कि उठल। लोकनि दिल्ली मोड़-बाघमोड़ मुख्य पथ पर आगजनी क' सड़क जाम क' देलनि आ पुलिसक विरोध मे जमि क' नारा लगौलनि। मृतकक परिजन सेहो घटनास्थल पर पहुंचलाह आ शव सं लिपटि क' जोर-जोर सं कानय लगलाह। प्रदर्शनकारी लोकनिक आरोप छलनि जे पुलिस दुर्घटना मे शामिल ट्रक कें बचयबाक प्रयास क' रहल अछि। लोकनि आशंका जतौलनि जे ट्रक पर क्षमता सं बेसी सीमेंट लदल छल, जकरा मब्बी थाना परिसर मे पुलिसक मिलीभगत सं खाली करा देल गेल। लोकनिक मांग छलनि जे वरीय अधिकारी घटनास्थल पर आबथि। ठोस आश्वासन भेटला तक शव नहि उठय देल जायत आ सड़क जाम सेहो नहि हटाओल जायत। हंगामा के दौरान आक्रोशित लोकनि मब्बी थानाध्यक्ष रौशन कुमार कें घेरि लेलनि आ हुनकर विरोध कयलनि। लोकनिक कहब छलनि जे ट्रक कें थाना परिसर मे ठाढ़ करबाक बाद ओहि पर लदल सीमेंट खाली करा देल गेल। एहि बातक जानकारी भेटिते लोकनि ट्रक कें घेरि हंगामा शुरू क' देलनि। स्थिति गंभीर होइत देखि विश्वविद्यालय थानाध्यक्ष सुधार कुमार मृतकक परिजनक संग मब्बी थाना पहुंचलाह। ओ ट्रक पर लदल सीमेंटक संबंध मे जानकारी लेलनि। ओहि समय ट्रक पर ढकल तिरपाल खुलल छल। संबंधित लोकनि बतौलनि जे ट्रक पर जतेक सीमेंट लदल छल, ओतेके मौजूद अछि। एकर बाद थानाध्यक्ष लोकनि कें बुझा-बुझा क' शांत करौलनि। पुलिसक मशक्कत के बाद दुपहर मे प्रदर्शनकारी शांत भेलाह। तकर बाद शव कें पोस्टमार्टम लेल डीएमसीएच पठाओल गेल आ सड़क पर यातायात बहाल भए सकल। हालांकि, घटना मे पुलिसक भूमिका कें लए' लोकनिक नाराजगी बनल रहल।

उर्वरक आवंटन आ बीज वितरण मे अनियमितता पर विभागक कारबाइ, दू अधिकारी हटाओल गेलाह

पटना, समदिया



माननीय कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हाक निर्देश पर पूर्व मे भेटल शिकायतक आलोक मे कृषि विभाग उर्वरक आवंटन आ बीज वितरण व्यवस्थाक अनियमितता कें गंभीरता सं लैत आवश्यक प्रशासनिक कारबाइ शुरू क' देलक अछि। विभागक स्पष्ट मान्यता अछि जे कृषि उपादानक वितरण आ अनुज्ञप्ति जारी करबाक प्रक्रिया मे पारदर्शिता, निष्पक्षता आ निर्धारित नियमक पालन अनिवार्य अछि। किसानक हितक संग कोनो तरहक समझौता बर्दाश्त नहि कयल जायत। श्री सिन्हा कहलनि जे विभाग कें भेटल शिकायत सभ मे उर्वरक आवंटन मे अनियमितता, बीज वितरक सभ कें अनुज्ञप्ति देबा मे गड़बड़ी आ नव अनुज्ञप्ति जारी करबाक प्रक्रिया मे अनियमितताक मामिला शामिल अछि। शिकायतक गंभीरता कें देखैत विभाग तत्काल प्रशासनिक कदम उठौलक अछि। एहि क्रम मे दू अधिकारी कें हुनकर वर्तमान कार्यस्थल सं हटाकए दोसर कार्यालय मे संबद्ध क' देल गेलनि। एहि मे सहायक निदेशक (शस्य), उर्वरक प्रचालन आ सहायक निदेशक (शस्य), उपादान प्रवर्तन, मुख्यालय शामिल छथि। एकर अतिरिक्त, सभ मामिलाक निष्पक्ष, विस्तृत आ तथ्यपरक जांच सुनिश्चित करबाक लेल उच्चस्तरीय समिति गठित कयल गेल अछि। समिति कें जांचक निर्देश देल गेल अछि। संबंधित अभिलेख, उर्वरक आवंटनक प्रक्रिया, बीज वितरक सभ कें जारी अनुज्ञप्ति आ नव अनुज्ञप्ति देबाक प्रक्रिया सं जुड़ल सभ पहलूक गहन जांच करबाक लेल कहल गेल अछि। विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे जांचक दौरान जाहि स्तर पर अनियमितता अथवा नियमक उल्लंघन प्रमाणित होयत, तं' संबंधित अधिकारी आ दोषी लोकनिक विरुद्ध नियमानुसार कड़ा कारबाइ कयल जायत। कृषि विभाग किसान सभ कें गुणवत्तापूर्ण कृषि उपादान उपलब्ध करयबाक संग विभागीय कार्यप्रणाली कें जवाबदेह आ पारदर्शी बनेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

धनतेरस पर महादेव साह-अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स आ राज राजेश्वरी कलेक्शन मे उमड़ल ग्राहकक भीड़

दुनू प्रतिष्ठान मे आकर्षक छूट आ विशेष ऑफर ग्राहक सभक ध्यान आकर्षित कयलक

राजनगर, समदिया



धनतेरसक अवसर पर राजनगरक गांधी चौक स्थित महादेव साह-अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स आ आरपी मॉल स्थित राज राजेश्वरी कलेक्शन मे खरीदारी लेल ग्राहकक भारी भीड़ उमड़ि पड़ल। धनतेरस आ दीपावलीक उत्साहक बीच दुनू प्रतिष्ठान मे आकर्षक छूट आ विशेष ऑफर ग्राहक सभक ध्यान आकर्षित कयलक। सोना-चानीक गहना सं लए कए विवाहक परिधान धरि खरीदारी करबाक लेल लोक सभ पहुंचलाह।

महादेव साह-अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स द्वारा धनतेरस ज्वेलरी एक्जीबिशनक अवसर पर सोना आ चानीक गहना पर मेकिंग चार्ज मे 40 प्रतिशत धरि छूट देल जा रहल अछि। हीरा-जड़ित गहना सभक मूल्य पर 25 प्रतिशत धरि छूटक घोषणा कयल गेल अछि। प्रतिष्ठान मे गहना सभक शुद्धता जांचबाक लेल कैरेटमीटरक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि। एहि ऑफरक कारण गहना किनय आयल ग्राहक सभ मे उत्साह देखल गेल।

एमहर, आरपी मॉल स्थित राज राजेश्वरी कलेक्शन मे सेहो धनतेरस पर खरीदार सभक भीड़ रहल। एहि प्रतिष्ठान मे साड़ी, सूट, लहंगा, जींस, नेहरू कोट आ बच्चा सभक परिधानक विस्तृत संग्रह उपलब्ध अछि। विवाहक कपड़ा पर 35 प्रतिशत धरि विशेष छूट देल जा रहल अछि। संगहि, बाय वन, गेट वन फ्री ऑफर सेहो राखल गेल अछि।

दुनू प्रतिष्ठानक संचालक सभ मिथिलाक ग्राहक सभ कें धनतेरस, दीपावली आ छठि महापर्वक शुभकामना देने छथि। पर्व-त्योहारक अवसर पर खरीदारीक एहि उत्साह सं राजनगरक बाजार मे सेहो चहल-पहल देखल जा रहल अछि।

निशां सं दूर रहि पढ़ाइ आ नीक नागरिक बनेबाक संकल्प लेलक छात्र : डॉ. श्यामानंद

मनीगाछी। जयानंद महाविद्यालय, नेहरा मे शुक्रदिन नशामुक्ति अभियानक अंतर्गत परिचर्चाक आयोजन कयल गेल। प्रभारी प्रधानाचार्य डॉ. श्यामानंद शांडिल्यक अध्यक्षता मे आयोजित कार्यक्रमक विषय नशामुक्ति अभियान लाभ आ हानि छल। एहि मे महाविद्यालयक प्राध्यापक, छात्र-छात्रा आ एनएसएस स्वयंसेवक भाग लेलनि। अध्यक्षीय संबोधन करैत मैथिली विभागाध्यक्ष सह प्रभारी प्रधानाचार्य डॉ. श्यामानंद शांडिल्य नशाक विभिन्न प्रकारक चर्चा करैत सभ तरहक नशा पर प्रतिबंध लगयबाक प्राथमिकता देबाक बात कहलनि। ओ छात्र-छात्रा सभ सं कहलनि जे जं नशा करबे करबाक अछि तं पढ़ाइ-लिखाइ आ नीक नागरिक बनेबाक नशा करू। ईएह जीवन कें सही दिशा देबाक माध्यम अछि। एनएसएस कार्यक्रम पदाधिकारी सह हिंदीक प्राध्यापक डॉ. विक्रम कुमार नशा कें समाज लेल नुकसानदेह बतबैत पूर्ण शराबबंदी कें उचित ठहरौलनि। ओ कहलनि जे नशामुक्त समाजक निर्माण लेल समाजक सभ लोक आ सरकारी संस्था सभ कें मिलि-जुलि प्रयास करबाक चाही।

विद्यालयक बच्चा सभ कें ठोकर मारि बाइक सवार फरार, ग्रामीणक चुप्पी पर उठल सवाल

तारडीह समदिया



राजकीय मध्य विद्यालय, कुरसो लग शुक्रदिन भोर एकटा अज्ञात बाइक सवार दू गोट स्कूली बच्चा कें ठोकर मारि देलक। घटना एतबे पर नहि रुकल। ठोकर लगलाक बाद एकटा बच्चा बाइक मे फंसल रहल आ बाइक सवार ओकरा करीब 25 मीटर धरि घसीटैत रहल। भाजपा जिला मीडिया प्रभारी लालकांत झा जोर-जोर सं आवाज देलनि, तखन बाइक सवार बच्चा कें छोड़ि बाइक लए' क' फरार भए गेल। घायल दुनू बच्चा महादलित परिवार सं छथि। राहतक बात ई रहल जे दुनू बच्चा खतरा बाहर छथि। दुनू कें तारडीह स्वास्थ्य केंद्र मे इलाज कराओल गेल। घटनाक बाद बाइक सवारक पहचान करबाक प्रयास कयल गेल। ग्रामीण सभ पहिने ओकर पहचान क' लेबाक बात कहलनि, मुदा बाद मे अपन बात सं मुकरि गेलाह। एहि तरहक चुप्पी आ बयान बदलबाक प्रवृत्ति दुर्घटनाक जिम्मेदारी तय करबाक प्रक्रिया कें कमजोर करैत अछि। एहि घटना मे विद्यालय प्रबंधन आ अभिभावकक बयान मे सेहो विरोधाभास सामने आयल अछि। प्रधानाध्यापक शंकर मिश्रा कहलनि जे दुनू बच्चा विद्यालय आबि रहल छल। दोसर दिस, अभिभावकक कहब छनि जे बच्चा सभ विद्यालय मे बस्ता राखि परिसर सं बाहर किछु खरीदबाक लेल जा रहल छल, तखने बीच सड़क पर ई दुर्घटना भेल। सवाल उठैत अछि जे जं बच्चा सभ विद्यालय परिसर छोड़ि बाहर गेल छल, तं प्रबंधन एहि पर ध्यान किएक नहि देलक?

घटनाक परिस्थिति कें देखैत बाइक सवारक पहचान आ जवाबदेही तय करबाक बदला ओकरा बचयबाक कोशिश होयबाक आशंका जताओल जा रहल अछि। हालांकि, एहि आरोपक निष्पक्ष जांच आवश्यक अछि। लालकांत झा विद्यालयक लग स्पीड ब्रेकर बनेबाक मांग सेहो उठौलनि। आब देखबाक अछि जे सकतपुर थाना पुलिस बाइक सवारक पहचान क' की कारबाइ करैत अछि आ विद्यालय प्रबंधन अपन जवाबदेही तय करैत अछि वा नहि।

मधुबनी मे औद्योगिक क्षेत्रक लेल 398 करोड़क प्राक्कलन स्वीकृत

अरवल, मुंगेर आ पटना मे सेहो भूमि अधिग्रहणक प्रक्रिया तेज

पटना, समदिया



राज्य मे औद्योगिक विकास कें गति देबाक आ निवेशक अनुकूल आधारभूत संरचना विकसित करबाक दिशा मे सरकार लगातार काज क' रहल अछि। एहि क्रम मे मधुबनी जिलाक दू मौजा मे औद्योगिक क्षेत्रक विकास लेल करीब 398 करोड़ टाकाक प्राक्कलन कें स्वीकृति देल गेल अछि। एकर संग अरवल, मुंगेर आ पटना जिला मे औद्योगिक क्षेत्रक स्थापना लेल भूमि अधिग्रहणक प्रक्रिया सेहो आगू बढ़ाओल गेल अछि। ओतहि पटना प्रमंडल मे खेल अवसंरचनाक विकास लेल 100 एकड़ जमीन अधिग्रहण करबाक कारबाइ शुरू कयल गेल अछि।

एहि संबंध मे राजस्व आ भूमि सुधार विभागक मंत्री डॉ. दिलीप कुमार जायसवाल कहलनि जे बिहार सरकार राज्य मे औद्योगिक विकास लेल आवश्यक आधारभूत संरचना उपलब्ध करयबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे सरकारक लक्ष्य अछि जे राज्य मे निवेशक नव अवसर सृजित हो, उद्योगक स्थापना कें प्रोत्साहन भेटय आ युवा सभ लेल रोजगारक बेसी-से-बेसी अवसर उपलब्ध हो। एहि लेल जमीनक उपलब्धता आ भूमि अधिग्रहणक प्रक्रिया कें प्राथमिकताक आधार पर पूरा कयल जा रहल अछि।

मंत्री कहलनि जे मधुबनी जिलाक मौजा बंगामा मे औद्योगिक क्षेत्रक विकास लेल करीब 227 करोड़ टाका आ मौजा लोहाना मे करीब 171 करोड़ टाकाक प्राक्कलन स्वीकृत कयल गेल अछि। एहि तरहें दुनू स्थान पर औद्योगिक क्षेत्रक विकास लेल कुल करीब 398 करोड़ टाकाक प्राक्कलन कें मंजूरी भेटल अछि। एहि सं मधुबनी जिला मे औद्योगिक गतिविधिक विस्तार आ निवेशक संभावना कें बल भेटत।

ओ बतौलनि जे अरवल जिला मे औद्योगिक क्षेत्र लेल 61.42 एकड़ जमीन अधिग्रहण करबाक संबंध मे भूमि अर्जन अधिनियमक धारा-19(1) के अंतर्गत कारबाइ कयल गेल अछि। ओतहि मुंगेर जिला मे 466.4917 एकड़ आ पटना जिला मे 499.612 एकड़ जमीन अधिग्रहण लेल धारा-11(1) के अंतर्गत कारबाइ आगू बढ़ाओल गेल अछि।

डॉ. जायसवाल आगू कहलनि जे राज्य मे खेल अवसंरचना कें मजबूत करबाक दिशा मे सेहो महत्वपूर्ण कदम उठाओल जा रहल अछि। पटना प्रमंडलीय खेल अवसंरचनाक विकास लेल मौजा डुमरी मे 100 एकड़ जमीन अधिग्रहण करबाक लेल धारा-11(1) के अंतर्गत कारबाइ कयल गेल अछि। एहि सं खेल सुविधाक विस्तार आ खेलाड़ी सभ कें नीक आधारभूत संरचना उपलब्ध करयबा मे सहायता भेटत।

मंत्री कहलनि जे औद्योगिक विकास आ खेल अवसंरचना दुनू राज्यक प्रगतिक महत्वपूर्ण आधार अछि। सरकारक प्रयास अछि जे भूमि अधिग्रहणक प्रक्रिया निर्धारित समय-सीमा मे पारदर्शी आ व्यवस्थित तरीका सं पूरा हो, जाहि सं विकास परियोजना सभ कें धरातल पर उतारबा मे अनावश्यक देरी नहि हो।

ओ कहलनि जे बिहार कें औद्योगिक निवेशक प्रमुख केंद्र बनाबय आ युवा सभ लेल रोजगारक नव अवसर तैयार करबा मे जमीनक उपलब्धताक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। राजस्व आ भूमि सुधार विभाग एहि दिशा मे अपन जिम्मेदारी प्रभावी ढंग सं निभा रहल अछि।

एलएनएमयू केर शोधार्थी प्रकाश कुमार ठाकुरक कॉटन कॉरपोरेशन ऑफ इंडिया मे चयन

दरभंगा। ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर वाणिज्य विभागक सीनियर रिसर्च फेलो प्रकाश कुमार ठाकुरक चयन कॉटन कॉरपोरेशन ऑफ इंडिया मे सहायक लेखाकारक पद पर भेलनि अछि। हुनका आंध्र प्रदेशक गुंटूर मे पदस्थापित कयल गेलनि अछि। एहि उपलब्धि पर विभागक दिस सं सम्मान समारोह आयोजित क' हुनका सम्मानित कयल गेलनि। एकर संगहि प्रकाश कुमार ठाकुर 5 अक्टूबर 2026 कें अपन शोध-प्रबंध जमा करबाक पूर्व विभागीय परिषदक समक्ष शोधकार्यक सफल प्रस्तुतिकरण सेहो देलनि। हुनकर एहि दोहरा उपलब्धि पर विभागीय शिक्षक, शोधार्थी आ छात्र-छात्रा सभ प्रसन्नता व्यक्त करैत बधाई देलनि। एहि अवसर पर विभागीय सभागार मे आयोजित समारोह मे हुनका पाग-चादर आ घड़ी प्रदान क' सम्मानित कयल गेलनि। वाणिज्य विभागाध्यक्ष सह एमबीए निदेशक डॉ. राजकुमार साह कहलनि जे विद्यार्थी सभ कें जीवन मे आगू बढ़बाक, किछु नीक करबाक आ अपन प्रतिभाक बल पर घर-परिवार, समाज आ प्रदेशक नाम रोशन करबाक प्रयास करबाक चाही। ओ प्रकाश कुमार ठाकुरक सफलता कें अन्य विद्यार्थी आ शोधार्थी सभ लेल प्रेरणादायक बतौलनि। कार्यक्रमक संचालन विभागीय शोधार्थी रजनीश कुमार चौधरी कयलनि।

सिरहा मे ट्रक-मोटरसाइकिलक टक्कर, 2 युवकक मृत्यु

जनकपुरधाम समदिया



नेपालक सिरहा जिला मे शुक्रदिन चोहरवा-सिरहा सड़क खंड पर ट्रक आ मोटरसाइकिलक टक्कर मे 2 युवकक मृत्यु भए गेल। ई दुर्घटना सिरहा नगरपालिका-11 स्थित भलुवाही मे भेल। हादसा मे मोटरसाइकिल पर सवार दुनू युवकक जान चलि गेल। मृतकक पहचान सिरहा नगरपालिका-22 निवासी 22 वर्षीय अमरेश कुमार यादव आ गोलबाजार नगरपालिका-10 निवासी 20 वर्षीय श्रीदेव यादवक रूप मे कयल गेल अछि। बताओल जाइत अछि जे चोहरवा दिस सं सिरहा दिस आबि रहल एकटा मोटरसाइकिलक ट्रक सं टक्कर भए गेल। दुर्घटना मे दुनू युवक गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। बाद मे दुनूक मृत्यु भए गेल। घटनाक जानकारी सिरहा पुलिस अधीक्षक कार्यालय द्वारा देल गेल अछि।

बिहार मे भू-जल पुनर्भरण कें भेटत बढ़ावा, मुजफ्फरपुर आ समस्तीपुर मे बनत कृत्रिम पुनर्भरण संरचना

पटना, समदिया

उत्तरी बिहार मे गहींर भू-जल स्तरक संरक्षण आ पुनर्भरण कें बढ़ावा देबाक लेल महत्वपूर्ण पहल कयल गेल अछि। एहि योजना के अंतर्गत मुजफ्फरपुर आ समस्तीपुर जिलाक जलोढ़ क्षेत्र मे कृत्रिम भू-जल पुनर्भरण संरचनाक निर्माण प्रदर्शनात्मक आ प्रायोगिक आधार पर कराओल जायत। एहि संबंध मे शुक्रदिन केंद्रीय भूमि जल बोर्ड, पटना, लघु जल संसाधन विभाग, बिहार के बीच त्रिपक्षीय समझौता ज्ञापन (एमओयू) पर हस्ताक्षर कयल गेल। लघु जल संसाधन विभागक सचिव चंद्रशेखर सिंहक अध्यक्षता मे आयोजित बैसार मे एहि समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर भेल। एहि पहल के उद्देश्य वैज्ञानिक आ योजनाबद्ध तरीका सं गहींर जलभृत (डीप एक्विफर) के विकास करब आ भू-जल संसाधनक दीर्घकालिक उपलब्धता सुनिश्चित करब अछि। केंद्रीय भूमि जल बोर्ड आ राज्यस्तरीय अध्ययन सं ई बात सामने आयल अछि जे उत्तरी बिहारक जिला सभ मे गहींर जलभृत मे पर्याप्त जल उपलब्धताक संभावना अछि। प्रस्तावित योजना के अंतर्गत इंजेक्शन वेलक माध्यम सं उपचारित सतही जल के गहींर जलभृत मे पहुंचाओल जायत। एहि प्रक्रिया सं भू-जल स्तरक पुनर्भरण, पेयजल के दीर्घकालिक उपलब्धता आ जलवायु परिवर्तनक प्रभाव सं निपटबाक क्षमता मजबूत होयबाक उम्मीद अछि। योजनाक अंतर्गत निर्माण काज केंद्रीय भूमि जल बोर्ड, पटना द्वारा के माध्यम सं कराओल जायत। निर्माण काज पूरा भेलाक बाद संरचनाक संचालन आ रखरखावक जिम्मेदारी सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं एकरा लघु जल संसाधन विभाग, बिहार के हस्तांतरित कयल जायत।

प्लग एंड प्ले भवन मे मजदूरक मृत्युक बाद निर्माण स्थल पर पसरल सन्नाटा

झंझारपुर, समदिया

ठेकेदार-मुंशी सहित सभ मजदूर फरार



» सुरक्षा इंतजाम नहि रहबाक कारण 27 वर्षीय युवकक गेल जान

झंझारपुर औद्योगिक परिसर मे निर्माणाधीन प्लग एंड प्ले भवन मे मजदूरक मृत्यु के बाद शुक्रदिन निर्माण स्थल पर सन्नाटा पसरल रहल। बृहस्पति सांझ भेल दुर्घटनाक बाद शुक्रदिन साइट पर एकोटामजदूर, ठेकेदार, मुंशी वा आन कोनो व्यक्ति नहि देखल गेल। सभ घटनास्थल छोड़ि फरार बताओल जा रहल छथि। बिहार सरकारक उद्योग विभागक महत्वाकांक्षी योजना प्लग एंड प्ले भवनक निर्माण कार्य मे लागल 27 वर्षीय मजदूर पप्पू यादवक बृहस्पति सांझ मृत्यु भए गेल छलनि। बताओल जाइत अछि जेओ लोहेक पाइलिंग पर वेल्डिंग काज कए रहल छलाह। एही दौरान करंट लगला सं ओ लोहेक पायदान पर सं नीचा खसि पड़लाह। माथा मे गंभीर चोट लगबाक कारण हुनकर मृत्यु भए गेलनि। घटनाक बाद पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल मधुबनी सदर अस्पताल पठौने छल। शुक्रदिन परिजन थाना पर सं शव लए गेलाह। मृतक बक्सर जिलाक चौकिया गांवक निवासी छलाह। ओ विवाहित छलाह आ हुनकर मात्रढाई सालक एकटा बेटा अछि। बेटाक मृत्यु सं माता-पिता आ पत्नी के हालत अत्यंत गंभीर बताओल जारहल अछि। एहि दुर्घटना सं पूरा परिवार एक्के झटका मे बिखरि गेल अछि। लोहेक पैघ-पैघ पाइलिंग केंनट-बोल्ट सं कसबाक आ वेल्डिंग करबाक बादे ई भवन अपन स्वरूप लैत अछि। एहन जोखिमपूर्ण काज लेल ठेकेदारक दिस सं कोनो सुरक्षा व्यवस्था नहि कयल गेल छल। मजदूर सभ कें ने हेलमेट देल गेल छल, ने सेफ्टी बेल्ट आ ने आन कोनो सुरक्षा उपकरण। मजदूर सभक मन मे पहिने सं भय छल आ बृहस्पतिक दुर्घटना ओहि भय कें सच साबित कए देलक। स्थानीय लोकक कहब अछि जे एतय गरीब मजदूरक जानक कोनो कीमत नहि बुझल जा रहल अछि। ठेकेदार अपन मनमर्जी सं काज कराबय मेलागल छथि। मजदूर सभ ई आरोप सेहो लगौने छथि जे काज करयवला मजदूर कें 2-3 मास संमजदूरीक भुगतान नहि कयल जा रहल छल। एहि सभक बावजूद मजदूर सभ सं भोरे 8 बजे सं राति 9बजे धरि काज कराओल जाइत छल। मृत्युक बाद निर्माण स्थल सं ठेकेदार, मुंशी आ मजदूर सभक फरार भए जेबाक घटना कतेको सवाल ठाढ़कए देने अछि। आब लोक पूछि रहल छथि जे आखिर एहि मृत्यु लेल जिम्मेदार के अछि आ पीड़ितपरिवार कें न्याय कहिया भेटत?

जानकी पुस्तक केंद्रक स्थापना दिवस पर आंचर पर नटुआ नचायब... छठि गीत भेल रिलीज



मधुबनी, समदिया

» साहित्यकार अजित आजादक रचना, रेणुका शेखर देलनि स्वर, आलोक कुमार झा तैयार कयलनि संगीत

जानकी मैथिली पुस्तक केंद्रक दसमा स्थापना दिवस पर शुक्रदिन जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक यूट्यूबचैनल पर आंचर पर नटुआ नचायब छठि गीत रिलीज कयल गेल। एहि गीतक रचना साहित्यकार अजितआजाद कयने छथि, जखनकि एकरा अपन स्वर रेणुका शेखर देने छथि। गीतक संगीत आलोक कुमार झातैयार कयने छथि। युवा संगीत प्रेमी आ वीडियो एडिटर अरशद आलम गीतक वीडियो एडिटिंग मे सहयोगकयने छथि। एहि अवसर पर जानकी पुस्तक केंद्र पर पुस्तक प्रदर्शनी सेहो लगाओल गेल छल। गीतक लोकार्पण प्रसिद्ध चित्रकार कल्पना सिंह आ गीतकार अजित आजाद संयुक्त रूपे कयलनि। कल्पना सिंहगीतक प्रशंसा करैत कहलनि जे आंचर पर नटुआ नचायब एकटा परंपरा अछि। मैथिली मे एहि तरहकगीतक अभाव अछि। एहन गीतक एखन बहुत आवश्यकता अछि। मैथिली मे मधुर छठि गीतक कमी केंदेखैत एहि गीत कें रिलीज कयल गेल अछि। जानकी फिल्म्सक निदेशक सुनील कुमार झा कहलनि जे ईगीत छठि व्रती आ युवा वर्ग कें आकर्षित करत। गीतक बोल आ संगीत दुनू बहुत कर्णप्रिय बनल अछि।ओ कहलनि जे मैथिली पुस्तक आ मैथिली गीत मे हमर प्राण बसैत अछि।

विद्यालयक छात्र-छात्रा निकाललनि लोक आस्थाक महापर्व छठिक मनोरम झांकी



बिस्फी, समदिया

पर्व-त्योहारक अवसर पर विद्यालय परिवारक दिस सं धोती-साड़ी वितरित

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक उच्च माध्यमिक विद्यालय रघेपुरा बरहाक परिसर मे शुक्रदिन पर्व-त्योहार कार्यक्रमक अंतर्गत दीपावली, भैया दूज, सामा-चकेवा आ लोक आस्थाक महापर्व छठिक झांकी निकालल गेल। एहिकार्यक्रम मे विद्यालयक समस्त शिक्षक आ छात्र-छात्रा पूरा उत्साह आ श्रद्धाक संग बढ़ि-चढ़ि कए भागलेलनि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक यशवंत कुमार सिंह आ शिक्षिका नेहा कुमारी तथा संगीता कुमारीकदेखरेख मे लोक आस्थाक पावन पर्व छठिक मनोरम दृश्य प्रस्तुत करैत झांकी निकालल गेल। एहि झांकी मे विद्यालयक सभ छात्र-छात्रा भाग लेलनि। खास कए छात्रा एकता कुमारी, सृष्टि कुमारी, निधि कुमारी आ खुशबू कुमारी अपन महत्वपूर्ण योगदान दैत प्रतिभाक प्रदर्शन केलनि। झांकीक आयोजन मेविद्यालयक सभ शिक्षक पूर्ण सहयोग देलनि। हिंदी शिक्षक चंद्रभानु विधिवत रूपे बच्चासभक माध्य मे छठि पर्वक विभिन्न विधि-विधान आ कार्यक्रमक प्रस्तुति करौलनि। प्रधानाध्यापक यशवंत कुमार सिंहकहलनि जे एहि कार्यक्रमक माध्य मे सनातन धर्मक संस्कृति आ विरासतक समुचित चित्रण कयल गेलअछि, जाहि सं बच्चा सभ कें सभ पर्व-त्योहारक जानकारी विस्तारपूर्वक भेटि सकय। एहि झांकीक मुख्यउद्देश्य अपन सांस्कृतिक विरासत कें संरक्षित रखबाक संग ओकर प्रचार-प्रसार करब छल।

अध्यक्षता मे साड़ी, धोती, गमछा, गंजी सहित अन्य सामग्रीदेल गेल। सामग्री प्राप्त कय सभ रसोइया आ सफाईकर्मी बहुत प्रसन्न देखल गेलाह। एहि अवसर पर पूर्व प्रभारी पवन कुमार, विनोद साफी, शालिनी कुमारी, शीला कुमारी, रत्ना कुमारी, रंजू कुमारी सहित विद्यालयक सभ रसोइया आ सफाईकर्मी उपस्थित छलाह।

पर्यावरण संरक्षणक संदेश दैत मनाबी इको-फ्रेंडली दीपावली : सुरेश सिंह

सीतामढ़ी, समदिया



दीपावली खुशी, प्रकाश आ आपसी प्रेमक पर्व अछि। एहि पावन पर्व कें पर्यावरण अनुकूल बनेबाक अपीलकरैत जदयू जिलाक महासचिव सुरेश सिंह आ पूर्व पंचायत समिति सदस्य संगीता कुशवाहा कहलनि जे सभ कें इको-फ्रेंडली दीपावली मनयबाक संकल्प लेबाक चाही। जदयू नेता सुरेश सिंह कहलनि जे पटाखा संनिकलयवला धुआं आ तेज आवाज वायु आ ध्वनि प्रदूषण बढ़बैत अछि। एकर प्रतिकूल प्रभाव बच्चा, बुजुर्गआ रोगी सभ पर पड़ैत अछि। एहि लेल पटाखा सं दूरी बनबैत माटिक दीया जरयबाक, प्राकृतिक रंग संरंगोली बनेबाक आ घर-अंगना कें फूल आ पारंपरिक सजावटी सामग्री सं सजयबाक प्राथमिकता देबाकचाही। पूर्व पंचायत समिति सदस्य संगीता कुशवाहा लोक सभ सं अपील कयलनि जे दीपावली पर प्लास्टिक आ रासायनिक पदार्थयुक्त सजावटी सामग्रीक उपयोग कम सं कम करथि। एहि संग जरूरतमंद परिवारक संग खुशियां बांटथि आ स्वच्छताक विशेष ध्यान रखथि। ओ कहलनि जे सच्चा दीपावली ओहिए अछि, जाहि मे घरक संग-संग हमर पर्यावरण सेहो प्रकाशमान आ सुरक्षित रहय। दुनू नेता सभ लोक सभसं सुरक्षित, स्वच्छ, स्वस्थ आ प्रदूषणमुक्त दीपावली मनयबाक अपील कयलनि।

बिहार राजस्व सेवा संघक अध्यक्ष पंकज कुमार कें बुद्धिजीवी सभ कयलनि सम्मानित



सीतामढ़ी, समदिया

बिहार राजस्व सेवा संघक नवनिर्वाचित अध्यक्ष आ सोनबरसा अंचलाधिकारी पंकज कुमारक सम्मान मे भुतही स्थित प्रिया डेयरी परिसर मे समारोह आयोजित कयल गेल। एहि दौरान क्षेत्रक बुद्धिजीवी आगणमान्य लोकनि हुनका शॉल ओढ़ा कय सम्मानित कयलनि आ नव जिम्मेदारी लेल बधाई देलनि। मौकापर पूर्व मुखिया मनोज कुमार कहलनि जे पंकज कुमारक अध्यक्ष निर्वाचित होयब पूरा क्षेत्र लेल गौरवक विषय अछि। हुनकर कार्यक्षमता आ अनुभव सं संगठन कें नव दिशा भेटत। पूर्व पैक्स अध्यक्ष संजय पूर्वे आ समाजसेवी संजय पूर्वे कहलनि जे ई उपलब्धि हुनकर परिश्रम आ प्रशासनिक दक्षताक परिणाम अछि।आशा अछि जे ओ नव जिम्मेदारीक निर्वहन पूरा निष्ठाक संग करताह। ओतहि शिबू नायक कहलनि जेपंकज कुमारक सफलता क्षेत्रक युवा सभ लेल प्रेरणास्रोत बनत। मो. हैदर अली कहलनि जे हुनकर नेतृत्वमे राजस्व सेवा संघ मजबूत होयत आ अधिकारीसभक समस्या कें उचित मंच भेटत। नवनिर्वाचित अध्यक्षपंकज कुमार सभक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे अध्यक्ष पद हुनका लेल सम्मानक संग-संग पैघजिम्मेदारी सेहो अछि। संगठनक एकजुटता, अधिकारीसभक हितक रक्षा आ राजस्व प्रशासन कें नीकबनेबाक लेल सामूहिक प्रयास कयल जायत। मौका पर मुखिया प्रतिनिधि ज्याउद्दीन उर्फ तन्नु, पूर्वउपमुखिया चुन्नू मिश्रा, नागेंद्र महतो, आलोक कुमार सिंह सहित अन्य गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

कला उत्सव मे अररियाक बाल कलाकारक जलवा, सुर-ताल आ रंग सं मोहलनि सभक मोन

अररिया, समदिया

संगीत, नृत्य, नाटक आ दृश्य कलाक प्रस्तुति सं जीवंत भेल सांस्कृतिक विरासत



प्रतिभा जखन कलाक रंग मे ढलैत अछि तं प्रत्येक प्रस्तुति अपना आप मे नव कथा कहैत अछि। किछु एहेन दृश्य अररियाक +2 हाई स्कूल परिसर मे देखय लेल भेटल, जतय बिहार शिक्षा परियोजना, अररियाक तत्वावधान मे आयोजित दू दिवसीय जिला स्तरीय कला उत्सव-2026 केर मंगल कें भव्य समापन भेल।2 आ 3 नवंबर कें आयोजित एहि उत्सव मे जिलाक विभिन्न विद्यालय सं आयल बाल कलाकार अपनकला, कल्पनाशीलता आ प्रस्तुति सं सभक मोन मोह लेलनि। उत्सव मे कुल 12 कला विधा मे प्रतियोगिताआयोजित कयल गेल। एहि मे संगीत गायन आ वादन, शास्त्रीय नृत्य, क्षेत्रीय, लोक आ जनजातीय नृत्य,नाटक, दृश्य कला आ पारंपरिक कथा वाचन सहित विभिन्न विधा शामिल छल। बच्चा सभ संगीत, नृत्य आ अभिनयक माध्यम सं भारतीय संस्कृति आ लोकपरंपराक सुंदर चित्र प्रस्तुत कयलनि। चित्रकला आदृश्य कलाक माध्यम सं सेहो अपन कल्पना कें आकर्षक रूप देलनि। कार्यक्रमक विशेषता रहल जे प्रस्तुतिमात्र प्रतियोगिता तक सीमित नहि रहल, बल्कि भारतीय कला, लोकपरंपरा, सांस्कृतिक विविधता आस्थानीय जनजीवनक विभिन्न पक्ष सेहो उभरि कय सामने आयल। समूह प्रस्तुति मे बच्चासभक आपसीतालमेल, सहयोग आ सामूहिक भावना देखय लेल भेटल। निर्णायक मंडली मौलिकता, विषयवस्तु, तकनीकी कौशल आ समग्र प्रस्तुतिक आधार पर प्रतिभागीक मूल्यांकन कयलनि। प्रतियोगिता मे चयनित विजेता प्रतिभागी सभ कें प्रमाणपत्र आ सम्मान देल गेल। समूह प्रतियोगिता मे विजेता टीमक प्रत्येक सदस्य कें अलग-अलग प्रमाणपत्र प्रदान कयल गेल। अतिथि सभ कहलनि जे कला बच्चासभक व्यक्तित्व विकास,कल्पनाशक्ति, संवेदनशीलता आ आत्मविश्वास बढ़ेबाक सशक्त माध्यम अछि। एहन आयोजन बच्चा सभ कें अपन सांस्कृतिक विरासत सं जोड़बाक संग प्रतिभा निखारबाक अवसर दैत अछि। समापन अवसर पर आयोजक सभ अतिथि, निर्णायक, प्रतिभागी, शिक्षक-शिक्षिका आ विद्यालय प्रधान सहित आयोजन मेसहयोग देनिहार सभक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। दू दिवसीय कला उत्सव अररियाक बाल कलाकारसभ लेल यादगार बनल रहल। एहि आयोजन सं जिला मे कला, संस्कृति आ सृजनात्मक शिक्षा कें नवऊर्जा भेटबाक संदेश भेटल।

पांच दिन धरि रंग सं सजल रहल प्रतिभाक दुनियां, रंगोली प्रतियोगिताक भव्य समापन

जोगबनी, समदिया

भारतीय संस्कृति, धार्मिक आस्था आ परंपराक रंगीन चित्रण



» जोगबनीक जेनिथ पब्लिक स्कूल मे दीपावली पर आयोजित भेल रंगोली प्रतियोगिता

दीपावलीक पावन अवसर पर जोगबनीक जेनिथ पब्लिक स्कूल मे आयोजित पांच दिवसीय भव्य रंगोली प्रतियोगिताक पांचम आ आखरी दिन उत्साहपूर्ण वातावरण मे शानदार समापन भेल। पांच दिन धरिविद्यालय परिसर रंग, कला, कल्पना आ सृजनशीलताक अनूठा संगम बनल रहल। आखरी दिन चारूहाउसक छात्र-छात्रा अपन कलात्मक प्रतिभा, परिश्रम आ सामूहिक प्रयास सं एहन आकर्षक रंगोली बनौलनि जे विद्यालय परिसर उत्सवक रंग मे सराबोर भए गेल। विद्यार्थीक मनमोहक कलाकृति शिक्षक,अभिभावक आ उपस्थित दर्शकसभक मोन मोह लेलक। प्रतियोगिताक आखरी दिन विद्यालयक वातावरणअत्यंत आकर्षक आ उत्सवी देखाइत छल। रंग-बिरंगक फूल, विभिन्न रंग आ कलात्मक आकृति सं सजलपरिसर मे विद्यार्थीक उत्साह देखैत बनैत छल। चारू हाउसक छात्र-छात्रा पूरा जोश, उमंग आ सामूहिकभावना संग अपन-अपन रंगोली कें आखरी रूप देलनि। कियो भारतीय संस्कृतिक झांकी प्रस्तुत कयलनि, तं कियो धार्मिक आस्था, पारंपरिक प्रतीक आ दीपावलीक आध्यात्मिक महत्व कें रंगक माध्यम सं सजीवकए देलनि।रंगोली मे देखल गेल भारतीय संस्कृति आ परंपराक झांकी पांच दिन धरि चलल एहि अनूठ प्रतियोगिता मे विद्यार्थीसब अलग-अलग विषय पर आधारित रंगोलीबना अपन कल्पनाशीलताक परिचय देलनि। हुनकर कलाकृति मे पारंपरिक भारतीय कला, धार्मिक भावना, सांस्कृतिक विरासत आ आधुनिक सृजनशीलताक सुंदर समन्वय देखय लेल भेटल। खास बात ई रहल जेविद्यार्थीसब व्यक्तिगत प्रतिभाक प्रदर्शन करबाक संग एक-दोसराक सहयोग सं सामूहिक रूपे काज करबाक भावना सेहो प्रस्तुत कयलनि।जीत सं बेसी महत्वपूर्ण अछि सहभागिता आ परिश्रम : निदेशक एहि अवसर पर विद्यालयक निदेशक विद्यार्थीसबक उत्साहवर्धन करैत कहलनि जे जेनिथ पब्लिकस्कूलक उद्देश्य बच्चा सभ कें मात्र किताबी ज्ञान तक सीमित रखब नहि अछि, बल्कि शिक्षा, खेलकूद,कला, संस्कृति, तकनीक आ सामाजिक गतिविधि सभ क्षेत्र मे आगू बढ़बाक अवसर देब सेहो अछि। आइ-काल्हिक बच्चा सभ मे प्रतिभाक कोनो कमी नहि अछि। आवश्यकता मात्र हुनकर क्षमताक पहचान, उचित मंच आ निरंतर प्रोत्साहन देबाक अछि। ओ कहलनि जे कोनो प्रतियोगिता मे जीत-हार सं बेसी महत्वपूर्ण विद्यार्थीक सहभागिता, परिश्रम, अनुशासन आ सामूहिक भावना होइत अछि। जे विद्यार्थी एहि बेरपुरस्कार नहि जीत सकलाह, हुनका निराश होयबाक आवश्यकता नहि अछि। अपन कमी सभ सं सीख लैतअगिला प्रतियोगिता मे आओर नीक प्रदर्शन करबाक संकल्प लेबाक चाही। ओ चारू हाउसक सभप्रतिभागीक सराहना करैत कहलनि जे प्रत्येक विद्यार्थी अपन सृजनशीलता सं एहि आयोजन कें स्मरणीयबना देलक।डायरेक्टर कनक के. खान सहित शिक्षक-शिक्षिकाक प्रयासक सराहना विद्यालयक निदेशक पांच दिवसीय आयोजन कें सफल बनाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभेनिहारविद्यालयक डायरेक्टर कनक के. खान, सभ हाउस प्रभारी, शिक्षक-शिक्षिका आ विद्यार्थीक प्रयासक विशेषसराहना कयलनि। ओ कहलनि जे शिक्षकसभक मार्गदर्शन आ विद्यार्थीक लगन सं एहन सृजनात्मक आयोजन सफल होइत अछि। एहि तरहक कार्यक्रम बच्चासभक भीतर नुकायल प्रतिभा कें उभारबाक संगआत्मविश्वास, नेतृत्व क्षमता, सहयोग आ अनुशासन जेकां गुणक विकास करैत अछि। एहि दौरान ओ सभ कें दीपावलीक शुभकामना दैत आपसी प्रेम, सद्भाव, भाइचारा आ खुशहालीक संग पर्व मनयबाक संदेश देलनि। भारतीय आ नेपाली संस्कृतिक संगम बनौलक आयोजन कें स्मरणीयपांच दिन धरि चलल ई रंगोली प्रतियोगिता मात्र विद्यालयक एकटा प्रतिस्पर्धा बनि कए नहि रहल, बल्किविद्यार्थीक कलात्मक अभिव्यक्ति आ सांस्कृतिक चेतनाक सुंदर मंच साबित भेल। एहि मे भारतीयसंस्कृति, परंपरा, आपसी एकता आ भाइचाराक संग नेपालक पारंपरिक सांस्कृतिक छटाक सेहो सुंदर संगमदेखय लेल भेटल। कार्यक्रमक समापन पर पूरा विद्यालय परिसर मे दीपावलीक उल्लास आ उमंग छायलरहल। विद्यार्थीक चेहरा पर खुशी, शिक्षकसभक मोन मे संतोष आ अभिभावकसभक बीच बच्चासभकप्रतिभा कें लए कए उत्साह देखल गेल। एहि आयोजन ई संदेश देलक जे शिक्षा संग कला, संस्कृति आ सृजनात्मक गतिविधि कें जोड़ि बच्चासभक सर्वांगीण व्यक्तित्वक नीक निर्माण कयल जा सकैत अछि।

कैंसर जागरूकता दिवस पर लोक सभ सं सतर्क रहबाक आ समय रहैत जांच करेबाक अपील

सीतामढ़ी, समदिया



कैंसर सन गंभीर बेमारी आब उमेरक सीमा सेहो तोड़य लागल अछि। खास कए ओरल कैंसर (मुंहककैंसर)क बढ़ैत मामिला चिंता के विषय बनल अछि। पहिने ई बेमारी 50 बरख सं बेसी उमेरक लोक सभमे बेसी देखल जाइत छल, मुदा आब युवा सेहो तेजी सं एकर चपेट मे आबि रहल छथि। ई बात प्रसिद्धचिकित्सक डॉ. सुबोध कुमार महतो कहलनि। ओ कहलनि जे एकर पाछां गुटखा, खैनी, जर्दा आ अन्यतंबाकू उत्पादक लगातार सेवन एकटा प्रमुख जोखिम कारक अछि। कैंसर जागरूकता दिवसक अवसर पर डॉ. सुबोध कुमार महतो एहि बदलैत स्थितिपर चिंता व्यक्त करैत लोक सभ कें अपन स्वास्थ्यक प्रतिगंभीर रहबाक संदेश देलनि। डॉ. सुबोधक अनुसार, ओरल कैंसर अनचोके होमयवला बेमारी नहि अछि। शरीर शुरुआती अवस्थे मे कई बेर संकेत दैत अछि, मुदा जानकारीक अभाव आ लापरवाहीक कारण लोकएकरा सामान्य समस्या बुझि टारि दैत छथि। मुंह मे लंबा समय धरि उजर वा लाल दाग बनल रहब, बेर-बेर छाला होयब, मुंह खोलय मे कठिनाई, भोजन निगलय मे परेशानी, जीह वा गाल मे गांठ, गर्दन मेसूजन, बिना कोनो कारण वजन घटब आ आवाज मे बदलाव सन लक्षण कें हल्का मे नहि लेबाक चाही।ओ कहलनि जे कैंसरक विरुद्ध सभ सं प्रभावकारी उपाय जागरूकता आ समय पर बेमारीक पहचानअछि। बेमारी शुरुआती अवस्था मे पकड़ल जाय तं उपचारक परिणाम नीक भए सकैत अछि। मरीजकस्थिति आ कैंसरक अवस्था अनुसार सर्जरी, रेडियोथेरेपी आ अन्य आधुनिक उपचार पद्धति सं इलाजसंभव अछि। समय पर उपचार भेटला सं मरीजक सामान्य जीवन मे वापस लौटबाक संभावना सेहो बढ़ैतअछि। डॉ. सुबोध कुमार महतो खास कए युवा सभ कें सचेत करैत कहलनि जे तंबाकूक सेवन भविष्य मेगंभीर स्वास्थ्य संकटक कारण बनि सकैत अछि। गुटखा, खैनी आ जर्दा कें सामान्य आदति बुझब पैघ भूल अछि। एहि सभ सं दूरी बनौनाइ ओरल कैंसर सं बचावक दिशा मे सभ सं महत्वपूर्ण कदम अछि। ओ आम लोक सभ सं अपील कयलनि जे मुंह मे कोनो असामान्य बदलाव लंबा समय धरि बनल रहय तंघरेलू उपाय वा अपने दवा लेबाक बदला विशेषज्ञ चिकित्सक सं जांच कराबी। तंबाकूक सेवन करयवलालोक सभ कें नियमित रूप सं मुंहक जांच करयबाक चाही।

बकाया ई-चालान आ रोड टैक्स पर होयत कठोरता, जब्त होयत वाहन : डीटीओ

12 दिसंबरक राष्ट्रीय लोक अदालत मे पात्र ई-चालान पर 50 प्रतिशत धरि छूटक लाभ

सहरसा, समदिया

जिला परिवहन कार्यालय मे बृहस्पति बकाया मोटर वाहन कर आ लंबित ई-चालानक समीक्षा लेल जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवालक अध्यक्षता मे समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे जिलाक बड़ संख्या मे वाहन पर रोड टैक्स आ ई-चालानक राशि बकाया रहबाक बात सामने अयलनि।एहि पर चिंता व्यक्त करैत बकायेदार वाहन स्वामी आ यातायात नियमक बेर-बेर उल्लंघन करयवला चालकक विरुद्ध सख्त कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। बैसार मे सर्वोच्च न्यायालय मे दायर एस.राजशेखरन बनाम भारत सरकार आ अन्य मामिला मे 28 सितंबर 2026 कें पारित अंतरिम आदेशकआलोक मे लंबित ई-चालानवला



वाहनक विरुद्ध कारबाइ करबाक निर्णय लेल गेल। अधिकारी सभ स्पष्टकयलनि जे बकाया ई-चालान जमा नहि करयवला वाहनक ऑनलाइन परिवहन सेवा बाधित कयल जासकैत अछि। एहन वाहनक आरसी नवीकरण, डुप्लीकेट आरसी, पता परिवर्तन, फिटनेस प्रमाणपत्र आ स्वामित्व हस्तांतरण जेहन सेवा पर रोक लगाओल जा सकैत अछि। संबंधित वाहन सभ कें सॉफ्टवेयर पर ब्लैकलिस्ट सेहो कयल जायत। वाहनक औचक जांचक क्रम मे पूर्वक ई-चालान लंबित भेटला पर वाहन जब्त कय नजदीकी थाना मे जमा करा देल जायत। ओतहि, बेर-बेर यातायात नियमक उल्लंघन करयवला चालकक ड्राइविंग लाइसेंस निलंबित करबाक कारबाइ सेहो होयत। बैसार मे मोटर यान निरीक्षक रंजनकुमार गुप्ता, प्रवर्तन अवर निरीक्षक संदीप कुमार, अमित कुमार, सन्नी सिंह, रवीना कुमारी, विवेक कुमार आ प्रोग्रामर सुनील कुमार सहित अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह। एहि बीच, लंबित ई-चालानक निष्पादनलेल 12 दिसंबर 2026 कें राष्ट्रीय लोक अदालत आयोजित होयत। एहि मे पात्र मामिला मे नियमानुसार 50 प्रतिशत तक छूटक लाभ भेटत। डीटीओ सुजीत कुमार बरनवाल कहलनि जे आब जिलाभरि प्रतिदिनविशेष वाहन जांच अभियान चलाओल जायत। एहि अभियान मे ड्राइविंग लाइसेंस, वाहन बीमा, प्रदूषण प्रमाणपत्र, फिटनेस आ बकाया मोटर वाहन करक जांच होयत। ओ वाहन स्वामी सभ सं अपील कयलनि जे अपन लंबित चालान आ करक राशि अविलंब जमा करथि तथा हेलमेट, सीट बेल्ट सहित सड़क सुरक्षा संबंधी सभ नियमक पालन करथि।

आंगनबाड़ी केंद्र भवन निर्माण लेल इंद्राणी राय सीओ सं मांगलनि एनओसी

रूपौली मे 17 डिसमिल सरकारी जमीन चिह्नित

सीतामढ़ी, समदिया

पूर्व जिला परिषद अध्यक्ष सह राजद महिला प्रकोष्ठक पूर्व जिलाध्यक्ष इंद्राणी राय रून्नीसैदपुरकअंचलाधिकारी कें पत्र पठाकए रूपौली गाम मे आंगनबाड़ी केंद्र भवन निर्माण लेल अनापत्ति प्रमाणपत्र(एनओसी) देबाक अनुरोध कयलनि अछि। ओ पत्रक प्रतिलिपि जिलाधिकारी कें सेहो पठौलनि अछि। पत्र मे ओ बतौलनि अछि जे रूपौली गाम मे वार्ड संख्या 15, 16 आ 17 अछि। एहि मे वार्ड संख्या 16 स्थित आंगनबाड़ी केंद्रक भवनक निर्माण मध्य विद्यालय रूपौलीक प्रांगण मे भए रहल अछि। मुख्यमंत्री द्वारा जिलाधिकारी कें आंगनबाड़ी केंद्र सभक भवन निर्माण करयबाक निर्देश देल गेल अछि। एहि लेल बिहारसरकारक जमीनक आवश्यकता अछि। इंद्राणी



» वार्ड 15 आ 17 मे सेहो भवन निर्माणक लेल जमीनक आवश्यकता

बगल मे उपलब्ध बिहार सरकारक करीब 17 डिसमिल जमीन चिह्नित कयल गेलअछि।उक्त जमीनक अमीन सं मापी करयबाक बाद एनओसी लेल अंचलाधिकारी लग आवेदन पठाओल जारहल अछि, जाहि सं ओतय आंगनबाड़ी केंद्र भवनक निर्माण कयल जा सकय। ओ बतौलनि जे वार्ड संख्या15 आ 17 मे सेहो आंगनबाड़ी केंद्र भवन निर्माणक आवश्यकता अछि, मुदा दुनू वार्ड मे बिहार सरकारकजमीन उपलब्ध नहि अछि। एहि लेल ओ प्रशासन सं एहि दुनू वार्ड मे जमीनक व्यवस्था करबाक दिशा मेआवश्यक पहल करबाक आग्रह कयलनि अछि।

राय के अनुसार, मनरेगाक कनीय अभियंता राजेश कुमार, पीटीए वीरेंद्र कुमार आ रोजगार सेवक अरुण कुमार गुप्ता हुनका सं संपर्क कए सरकारी जमीन उपलब्धकरयबाक आ अंचलाधिकारी सं एनओसी प्राप्त करयबा मे सहयोग मांगने छलाह। एकर बाद मध्यविद्यालय रूपौलीक

धनतेरस पर बाजार मे उमड़ल खरीदारक भीड़, जमि कए भेल खरीदारी

झाड़ूक सर्वाधिक बिक्री, सर्राफा आ बर्तनक दोकान पर सेहो रहल रौनक

सहरसा, समदिया

धनतेरसक अवसर पर शुक्रदिन शहरक बाजार सभ मे खरीदारक भारी भीड़ उमड़ि पड़ल। लोक सभ शुभ मुहूर्त मे विभिन्न वस्तुक जमि कए खरीदारी कयलनि। एहि बरख दीपावली 08 नवंबर, रविदिन मनाओलजायत, जखन कि धनतेरस 06 आ 07 नवंबर दुनू दिन मनयबाक विशेष संयोग बनल अछि। एहि लेलभोरहि सं बाजार मे खरीदारी करय लेल लोकक आवाजाही तेज रहल। शहरक कचहरी रोड, डीबी रोड, शंकर चौक, धर्मशाला रोड, महावीर चौक, रिफ्यूजी कॉलोनी, पूब बाजार सहित



नगर निगम क्षेत्रक विभिन्न प्रमुख इलाका मे धनतेरस कें लए भारी भीड़ देखल गेल। दोकान आ बाजार सभ मे खरीदारक चहल-पहल बनल रहल। धनतेरस पर एहि बेर बाजार मे सभ सं बेसी बिक्री झाड़ूक भेल। धार्मिक मान्यता अनुसार धनतेरसपर झाड़ू कीनब शुभ मानल जाइत अछि। एकेर अतिरिक्त सोना-चानीक गहना, तांबा आ पीतल कें बर्तन सहित अन्य सामानक सेहो लोक सभ खूब खरीदारी कयलनि। पिछला बरख धनतेरसक अवसर परभीड़भाड़वला इलाका मे तीनपहिया आ चारपहिया वाहनक आवाजाही पर रोक लगाओल गेल छल। मुदाएहि बेर उक्त इलाका सभ मे वाहन परिचालन पर रोक नहि लगाओल गेल। एहि कारणे कतेको स्थान पर जाम जेहन स्थिति बनल रहल। हालांकि चौक-चौराहा पर पुलिस बलक तैनाती कयल गेल छल आ सुरक्षा व्यवस्थापर नजरि राखल जा रहल छल। कुल मिलाकए धनतेरसक अवसर पर शहरक बाजार सभ मे दिनभरि उत्सवी माहौल बनल रहल। दीपावली कें लए लोक सभ मे खरीदारीक उत्साह स्पष्ट रूप संदेखबा लेल भेटल।

अलीनगर मे फूसक घर सं 81 लीटर विदेशी शराब बरामद, आरोपी फरार

अलीनगर, समदिया

बिहार मे पूर्ण शराबबंदी कानूनक प्रभावी पालन करयबा लेल पुलिस लगातार कारबाइ कए रहल अछि। एहिक्रम मे दरभंगा जिलाक अलीनगर थाना क्षेत्रक हरियथ गाम मे गुप्त सूचनाक आधार पर छापेमारी कएभारी मात्रा मे विदेशी शराब बरामद कयल गेल। पुलिस रॉयल स्टैग ब्रांडक कुल 81 लीटर शराब जब्तकयने अछि। पुलिसक अनुसार, छापेमारीक दौरान फूसक घर सं शराबक 9 कार्टून बरामद भेल। जांच मे375 एमएलक कुल 216 बोतल शराब भेटल, जाहि सभक कुल मात्रा 81 लीटर अछि। एहि कारबाइ



मे गश्ती वाहन पर तैनात पीटीसी सुरेंद्र राम, पुलिस बलक जवान आ स्थानीय चौकीदार शामिल छलाह। पुलिसक अनुसार, हरियथ गाम निवासी विजय मुखियाक पुत्र संतोष मुखिया पर अपन फूसक घर मे अवैधरूप सं शराब रखबाक आरोप अछि। मुदा छापेमारीक दौरान ओ मौका पाबि फरार भए गेल। अलीनगरथानाध्यक्ष बतौलनि जे गुप्त सूचनाक आधार पर कयल गेल छापेमारी मे 9 कार्टून विदेशी शराब बरामदभेल अछि। शराब जब्त कए आगू के कानूनी प्रक्रिया शुरू कए देल गेल अछि। फरार आरोपीक गिरफ्तारी लेल संभावित ठिकाना सभ पर छापेमारी कयल जा रहल अछि।

खादी-हस्तशिल्प मेलाक भेल उद्घाटन स्वदेशी उत्पाद किनबाक अपील



सहरसा, समदिया

स्थानीय हवाई अड्डाक लग पटेल मैदान मे महिला विकास सेवा केंद्र द्वारा आयोजित खादी-हस्तशिल्प मेलाक शुक्रदिन डीसीएलआर धीरज कुमार फीता काटि उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर ओ मेलापरिसर मे स्थापित भगवान गणेशक प्रतिमा पर पूजा-अर्चना सेहो कयलनि। मेला 6 सं 25 नवंबर धरि चलत। उद्घाटन समारोह कें संबोधित करैत डीसीएलआर कहलनि जे सरकारक 'वोकल फॉर लोकल' नीतिकअंतर्गत स्वदेशी वस्तुक प्रचार-प्रसार आ बिक्री कें बढ़ावा देल जा रहल अछि। ओ लोकनि सं बेसी सं बेसीस्वदेशी आ हस्तनिर्मित वस्तुक उपयोग करबाक संग स्थानीय उत्पाद कें प्राथमिकता देबाक अपीलकयलनि। ओ कहलनि जे खादी आ हस्तशिल्प उत्पादक बिक्री बढ़ला सं स्थानीय कारीगर सभ कें लाभ भेटत। एकर संग जिलाक आय मे वृद्धि होयत आ उद्योग-धंधाक विस्तार सं रोजगारक नव अवसर सेहो सृजित होयत। मेला संयोजक सुधीर शर्मा बतौलनि जे एहि बेर राजस्थान, गुजरात, उत्तराखंड सहित विभिन्न राज्यक शिल्पकार अपन आकर्षक आ टिकाउ उत्पाद लए कए पहुंचल छथि। मेला मे लखनऊक चिकन वर्क, भदोहीक कालीन, बनारसी साड़ी-सूट, जयपुरक लहंगा, बंगालक कांथा वर्क, असमक बांस उत्पाद,सहारनपुरक फर्नीचर, भागलपुरी सिल्क, मधुबनीक खादी आ मिथिला पेंटिंग सहित कतेको प्रकारक उत्पाद उपलब्ध अछि। बच्चा सभक मनोरंजन लेल मेला परिसर मे झूला आ खेलौनाक विशेष व्यवस्था सेहोकयल गेल अछि। एहि मेलाक माध्यम सं लोक सभ कें एकहि परिसर मे देशक विभिन्न क्षेत्रक पारंपरिक हस्तशिल्प आ स्वदेशी उत्पाद किनबाक अवसर भेटत।

75 दिव्यांग कें बैट्रीचालित ट्राइसाइकिल आ 16 कें भेटल इलेक्ट्रिक व्हीलचेयर

दरभंगा, समदिया

समाज कल्याण मंत्री डॉ. श्वेता गुप्ता शुक्रदिन दिव्यांगजन सभक बीच 75 बैट्रीचालित ट्राइसाइकिल आ 16 इलेक्ट्रिक व्हीलचेयरक वितरण कयलनि। एहि अवसर पर ओ हरियर झंडी देखाकए वाहन सभ केंरवाना कयलनि। मंत्री कहलनि जे दिव्यांगजन कें समाजक मुख्यधारा सं जोड़ब आ हुनका सभ केंआत्मनिर्भर आ सशक्त बनायब सरकारक प्राथमिकता मे शामिल अछि। मंत्री कहलनि जे बैट्रीचालित ट्राइसाइकिल आ इलेक्ट्रिक व्हीलचेयर भेटला सं दिव्यांगजन सभक आवागमन आसान होयत। एहि सुविधा सं हुनका सभक दैनिक जीवन मे स्वतंत्रता आ आत्मविश्वास बढ़त। एहि दौरान ओ उपस्थित दिव्यांगजन सभ सं बातचीत कय हुनकर समस्या आ आवश्यकता संबंधी जानकारी सेहो लेलनि। ओ दिव्यांगजन सभ सं अपन क्षमता आ प्रतिभा पर भरोसा रखैत रोजगार आ स्वरोजगारक अवसर सं जुड़बाक अपील

आत्मनिर्भरता आ रोजगार सं जुड़बाक देलनि संदेश



» मंत्री डॉ. श्वेता गुप्ता हरी झंडी देखा कए वाहन सभ कें कयलनि विदा

कयलनि। कहलनि जे दिव्यांगता केकरो प्रतिभा आ योग्यता मे बाधा नहि बनबाक चाही। दृढ़ संकल्प आ निरंतर प्रयास सं प्रत्येक व्यक्ति अपन लक्ष्य प्राप्त कए सकैत अछि। मंत्री दिव्यांग बच्चा सभ कें शिक्षालेल प्रेरित करैत कहलनि जे आत्मनिर्भरता आ नीक भविष्यक लेल शिक्षा सभ सं सशक्त माध्यम अछि।बच्चा सभ कें नियमित पढ़ाई करबाक आ अपन सपना साकार करबाक लेल प्रोत्साहित कयलनि। ओ कहलनि जे समाजक प्रत्येक वर्ग, विशेष रूप सं दिव्यांगजन कें सम्मान, समान अवसर आ स्वावलंबनक वातावरण उपलब्ध करयबाक लेल सरकार प्रतिबद्ध अछि। कार्यक्रम मे सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर, केवटी विधायक मुरारी मोहन झा, विधान परिषद सदस्य अनिल कुमार झा, जिला परिषद अध्यक्ष रेणु देवी, जिलाधिकारी कौशल कुमार, उप विकास आयुक्त स्वप्निल, जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (आइसीडीएस) चांदनी सिंह आ जिला जनसंपर्क पदाधिकारी सह सहायक निदेशक (दिव्यांगजन सशक्तीकरण) आशीषअमन सहित कतेको जनप्रतिनिधि, अधिकारी आ दिव्यांगजन उपस्थित छलाह।

कतेको मामिलाक भेल तत्काल निष्पादन, शेष शिकायतक जांच कए शीघ्र प्रतिवेदन देबाक निर्देश

जनता दरबार मे 15 सं बेसी फरियादीक समस्या सुनलनि डीएम

दरभंगा, समदिया

जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे शुक्रदिन हुनकर कार्यालय कक्ष मे जनता दरबार आयोजितकयल गेल। एहि मे जिलाक विभिन्न प्रखंड आ पंचायत सं पहुंचल 15 सं बेसी फरियादी ऑनलाइन आऑफलाइन माध्यम सं अपन शिकायत दर्ज करौलनि। डीएम सभ फरियादीक समस्या गंभीरता,संवेदनशीलता आ धैर्यपूर्वक सुनलनि। एहि दौरान कतेको मामिलाक निष्पादन तत्काल कयल गेल, जखन कि शेष आवेदन सभ संबंधित विभागीय अधिकारी सभ कें अग्रसारित करैत शीघ्र जांच कए प्रतिवेदन उपलब्ध करयबाक निर्देश देल गेल। शिकायत सभक त्वरित समाधान लेल जिलाधिकारी स्वयं दूरभाष परकतेको अधिकारी सभ सं बातचीत कए आवश्यक दिशा-निर्देश सेहो देलनि। ओ कहलनि जे आम जनताकए समस्या सभक समयबद्ध, प्रभावी आ



पारदर्शी समाधान सुनिश्चित करब सरकारक प्राथमिकता अछि।जनता दरबार मे आपूर्ति, समाज कल्याण, ग्रामीण विकास, सहकारिता आ राजस्व सहित विभिन्न विभागसं संबंधित मामिला सामने अयलनि। डीएम सभ विभागीय अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे जनशिकायतक निष्पादन मे संवेदनशीलता बरतथि आ निष्पक्ष जांचक बाद त्वरित कारबाइ सुनिश्चित करथि। जाहि सं आम जनता के प्रशासन परविश्वास आ मजबूत भए सकय।

बांसक कलात्मक वस्तु बनाबयबला डोम समुदायक पारंपरिक पेशा पर संकट

बांसक बढ़ैत दाम आ धातुक वस्तुसभक बढ़ैत उपयोग सं घटल मांग

जनकपुरधाम, समदिया

मिथिला मे आस्थाक महापर्व छठि लग अबैत देरी डोम समुदायक लोक बांसक वस्तु बनयबा मे जुटि गेल छथि। ओ सभ भोरहि सं छठि पर्व मे उपयोग होयवला सूप, डाला, छिट्टी, पनपतिया आदि बनयबा मे व्यस्त छथि। हालांकि, बांसक बढ़ैत कीमत आ उत्पादन लागतक बावजूद तैयार वस्तुक बिक्री मूल्य मे उल्लेखनीय वृद्धि नहि होयबाक कारण हुनका सभक आमदनी मे अपेक्षित सुधार नहि भए रहल अछि। छठि पर्व मे सूर्यदेव कें अर्घ्य देबाक लेल बांसक वस्तुक विशेष महत्व अछि। अर्घ्यक प्रसाद रखबा सं लए पूजा सामग्री सजायब धरि नांगलो, डालो, छिट्टी आदि वस्तुक उपयोग होइत अछि। बांसक पतला-पतला डंठल कें हाथ सं बुनि तैयार कयल



गेल ई वस्तु छठि पर्वक धार्मिक महत्वक संग मिथिलाक मूल संस्कृतिआ परंपरा कें सेहो प्रदर्शित करैत अछि।छठि लग अबिते डोम समुदायक आंगन मे बांसक वस्तु बनयबाक गतिविधि तेज भए जाइत अछि।समुदाय के लोक भोरहि सं बांस कें छोट-छोट कमची मे काटब, ओकरा आवश्यक आकार देब आ अलग-अलग प्रकारक वस्तु बुनबाक काज शुरू कए दैत छथि। दिनभरि मेहनत कए सामान तैयार करबाक बाद ओकरा बेचबाक लेल बाजार जाइत छथि। छठिक समय बढ़ैत मांग कें देखैत पीढ़ी-दर-पीढ़ी चलि आबि रहल एहि पारंपरिक हुनर कें ओ सभ अपन आजीविकाक साधन बनौने छथि। मुदा हालक बरख मे बांसक वस्तुक उपयोग मे आबि रहल बदलाव एहि पारंपरिक पेशा लेल चुनौती बनिगेल अछि। पहिने छठि पर्वक दौरान बांसक वस्तुक मांग बेसी रहैत छल, मुदा आब पीतल आ अन्य धातुसं बनल वस्तुक उपयोग बढ़ि गेल अछि। एहि संग बाहर सं बनि कए आबि रहल वस्तु सभ सेहो स्थानीयबाजार मे उपलब्ध भए रहल अछि। एहि कारण पारंपरिक रूप सं बांसक वस्तु बनयबाक काज करयवलाडोम समुदायक कारीगर सभ कें बाजार मे प्रतिस्पर्धाक सामना करय पड़ि रहल अछि। बांसक बढ़ैतकीमत, मेहनत आ घटैत मांगक बीच हुनका सभक पारंपरिक हुनर आ आजीविका दुनू पर संकट गहराइत जा रहल अछि।

वर्तमान लोकतंत्र मे पंचतंत्रक शिक्षाक प्रासंगिकता

कृष्णा कुमार

लुटियंस दिल्लीक हालक घटनाक्रम मोन पड़िते शिक्षाशास्त्रक प्राचीन ग्रंथ पंचतंत्र दिस ध्यान जाइत अछि। ई ग्रंथ आइयो हमरा सभ कें एहन शांति आ समझ दैत अछि, जे वर्तमान समय मे दुर्लभ भए गेल अछि। पंचतंत्र पांच भाग मे विभाजित अछि आ एकर कथा सभ रहस्यमयी परत मे गुंथल अछि। बहुतो पाठक एकरा पशु-पक्षीक काल्पनिक कथाक संग्रह बुझैत छथि, जाहि मे जीवन जीबाक तरीका आ नैतिक मूल्यक शिक्षा देल गेल अछि। ई बात किछु कथाक लेल सही भए सकैत अछि, मुदा सभ कथाक लेल नहि। एहि कारणें किछु चुनल कथा बच्चा सभक लेल उपयुक्त मानल जाइत अछि।

पंचतंत्रक अधिकांश कथा मे गूढ़ राजनीतिक आ प्रशासनिक संदेश निहित अछि, जकर व्याख्या करब चुनौतीपूर्ण अछि। एहि कथा सभ मे प्रतीकात्मक अर्थक कतेको परत अछि। ई आम लोक कें राज्य-व्यवस्था सं जुड़ल विभिन्न पक्ष बुझबाक अवसर दैत अछि। नागरिक आ मानवाधिकारक अवधारणा विकसित होयबाक बहुत पहिने लिखल गेल पंचतंत्रक कथा, पात्र आ संरचना आइयो हमर वर्तमान समस्या सभ सं मेल खाइत अछि। आधुनिक समय मे अधिकार नागरिकताक आवश्यक अंग अवश्य अछि, मुदा राज्य-व्यवस्था सं नागरिकक संबंध मात्र अधिकार धरि सीमित नहि अछि। दार्शनिक दृष्टि सं राज्य जनता सं बनैत अछि आ जनताक प्रतिनिधि ओकर कामकाज चलबैत छथि। हम सभ बीच-बीच मे मतदान करैत छी, मुदा ई प्रक्रिया अक्सर हमरा सभ कें राज्य-व्यवस्था आ ओकर तंत्र सं दैनिक जीवनक संबंध बिसरा दैत अछि।

पंचतंत्र हमरा सभ कें ओहि कतेको तरीका सभक स्मरण करबैत अछि, जाहि माध्यम सं समाजक सामान्य लोक राज्य-व्यवस्थाक नीतिक पालन करैत छथि। नीतिशास्त्रक ग्रंथक रूप मे पंचतंत्र लग आइयो हमरा सभ कें देबाक लेल बहुत किछु अछि। पंचतंत्रक प्रत्येक कथा जाहि समस्याक आधार पर शुरू होइत अछि, ओकर समाधानक संग समाप्त होइत अछि। मुदा कथाक अंत मे बहसक एकटा नव प्रसंग सेहो उत्पन्न होइत अछि, जे घटनाक परिणाम कें रेखांकित करैत अछि। एहि बहस सं अलग-अलग अर्थ निकालबाक संभावना बनैत अछि आ एकटा नव कथाक आवश्यकता अनुभव होइत अछि। पंचतंत्रक दोसर भाग मे चारि मित्रक कथा विशेष रूप सं उल्लेखनीय अछि। ई चारू अलग-अलग परिवेशक जीव अछि - एकटा कौआ, हिरण, चूहा आ कछुआ। चारूक बीच गहींर मित्रता अछि। ओ सभ प्रत्येक दुपहरिया एकटा पुरान गाछक नीचां जमा होइत अछि आ अपन संसार अर्थात जंगलक स्थिति पर विचार-विमर्श करैत अछि। विश्वविद्यालय आ महाविद्यालय लेल एहि सं नीक आदर्श उदाहरण दोसर की भए सकैत अछि? दुर्भाग्य जे वर्तमान विश्वविद्यालय सभ एहि आदर्श कें बिसरि गेल अछि। ओ सभ अपन-अपन सफलता लेल प्रतिस्पर्धा करबाक आ राज्य-व्यवस्थाक आगू झुकबाक रास्ता अपना लेने अछि।



हजारो विद्यार्थी अपन लक्ष्य प्राप्त करबा मे असफल रहैत छथि। हुनकर लंबा आ एकाकी संघर्ष युवावस्थाक ऊर्जा आ संसार कें बुझबाक उत्साह समाप्त कए दैत अछि। ओ सभ पंचतंत्रक चारि मित्र जकां एकत्र भए अपन परिवेशक समीक्षा करबाक अवसर नहि पाबि रहल छथि। पंचतंत्रक तेसर भाग स्थायी शत्रुताक भावनाक परिणाम पर आधारित अछि। एहि भागक कथा सभ अलग-अलग तरहक सलाह बिना सोचने-समझने काज करब। दुनू भागक शिक्षा ई अछि जे नीति पर अमल नहि करबाक परिणाम दुखद होइत अछि। चारिम भाग धोखाक परिणाम पर आधारित अछि। एहि मे बंदर आ मगरमच्छक मित्रताक प्रसिद्ध कथा अछि। बंदर एकटा मीठ फलवला गाछ पर रहैत अछि आ मगरमच्छ ओकरा भेटय लेल प्रतिदिन अबैत अछि। दुनूक बीच मित्रता बढ़ैत अछि। मुदा एक दिन मगरमच्छ बंदर कें धोखा दैत अछि। बंदर अपन बुद्धि आ युक्ति सं जान बचा लैत अछि, मुदा एहि घटनाक बाद पुरान मित्रता फेर बहाल करबा सं साफ मना कए दैत अछि। चंडीगढ़क सुखना झीलक पैघ गाछ एहि कथा कें मोन पाड़ैत अछि। कथा बतबैत अछि जे एक बेर विश्वास टूटि गेलापर ओकरा फेर जोड़ब कतेक कठिन होइत अछि। मगरमच्छ कतेको पछतावा करय, बंदर टूटल संबंध फेर जोड़बाक संभावना अस्वीकार क' दैत अछि।

आइ एहि कथा सभ कें पढ़ैत काल लोकतंत्र रूपी ओहि गाछक स्मरण होइत अछि, जे लंबा समय धरि परस्पर विरोधी दल आ अलग-अलग विचारधारा कें आश्रय दैत रहल। प्रत्येक दल कें किछु समय लेल सत्ता चलयबाक अवसर भेटैत रहल आ फेर सत्ता दोसरक हाथ मे जाइत रहल। मुदा जं एहि अस्थायी सत्ता-परिवर्तनक व्यवस्था टूटि जाइत अछि तं ओकरा आ षड्यंत्रक कारण उत्पन्न होयवला भयानक परिणाम देखबैत अछि। आपसी संदेह आ अविश्वास अंततः हिंसाक रूप लए' लैत अछि। एहि कथासभक मूल शिक्षा अछि जे प्रत्येक समस्याक समाधान, एतय धरि जे पुरान समस्याक समाधान सेहो, संवाद आ विचार-विमर्शक माध्य मे तकबाक चाही।

एहि तेसर भागक बाद अंतिम दू भाग अबैत अछि - लाभक हानि आ फेर ठीक करब कठिन भए सकैत अछि। की हम सभ ओही दिशा मे बढ़ि रहल छी? एकर निश्चित उत्तर देब कठिन अछि, मुदा विपक्षविहीन भारत बनेबाक धमकी असहिष्णुता आ स्थायी प्रभुत्वक इच्छाक वातावरण जरूर बना देने अछि। पंचतंत्र कोनो निश्चित समाधान नहि दैत अछि, बल्कि परिस्थिति अनुसार जीवन आ शासन चलयबाक दृष्टिकोण सिखबैत अछि। दोसर प्राचीन उपदेश सभ, जे कठोर आ नियमबद्ध व्यवहार पर बल दैत अछि, तकर विपरीत पंचतंत्र प्रत्येक नव परिस्थिति कें बुझि तदनुसार प्रतिक्रिया देबाक शिक्षा दैत अछि।

एकर मूल संदेश अछि जे सही रास्ता पर चलबाक लेल अपन व्यवहार मे निरंतर सुधारक संभावना बनल रहबाक चाही। एहि ग्रंथ मे अपन पुरान काज आ दोसरक अनुभव सं सीखबाक महत्व देल गेल अछि। प्रत्येक अनुभव स्वयं प्राप्त करबाक प्रतीक्षा करबाक बदला दोसरक अनुभव सं सीखब बेसी उपयोगी अछि। सोचबाक आ विचारक स्वतंत्रता एहन सीख कें पोषण दैत अछि। मुदा आइ युवा पीढ़ीक विश्वास टूटि रहल अछि आ ओ सभ एकाकीपनक शिकार भए रहल छथि। बेसी संवेदनशील युवा या तं अवसाद मे छथि अथवा आक्रोशित। दुनू तरहक प्रतिक्रियाक गंभीरतापूर्वक विश्लेषण करबाक आवश्यकता अछि। पीढ़ीगत भेद अर्थात पुरान आ नव पीढ़ीक सोच मे भिन्नता कोनो नव अथवा असामान्य बात नहि अछि, मुदा वर्तमान समय मे ई भेद अपेक्षा सं बेसी पैघ आ जटिल भए गेल प्रतीत होइत अछि।

यूजीसीक नव नियम पर पुनर्विचार, सामाजिक न्याय आ समानताक बीच संतुलन जरूरी

सौरभ वार्ष्णेय

उच्च शिक्षा संस्थान सभ मे जातिगत भेदभाव रोकबाक उद्देश्य सं विश्वविद्यालय अनुदान आयोग (यूजीसी) द्वारा बनाओल गेल नव नियम आब अपने एकटा पैघ विवादक विषय बनि गेल अछि। जाहि व्यवस्थाक उद्देश्य विश्वविद्यालय आ महाविद्यालय सभ मे प्रत्येक विद्यार्थी लेल सुरक्षित, सम्मानजनक आ भेदभावमुक्त वातावरण उपलब्ध करेनाइ छल, ओही व्यवस्थाक प्रावधान पर आब प्रश्न उठय लागल अछि। मामिला सर्वोच्च न्यायालय धरि पहुंचल आ आब केंद्र सरकार न्यायालय कें जानकारी देने अछि जे ओहि नियम पर नव सिरा सं विचार कयल जा रहल अछि। सरकारक दिस सं एकटा समिति गठित करबाक संभावना सेहो जताओल गेल अछि। ई घटनाक्रम बतबैत अछि जे सामाजिक न्याय कें ध्यान मे राखि बनाओल जाएबला नीति मे संवेदनशीलताक संग व्यापक स्वीकार्यता सेहो कतेक आवश्यक अछि। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांतक अध्यक्षताबला पीठक समक्ष सॉलिसिटर जनरल तुषार मेहता स्पष्ट केलनि जे सरकार नियमक समीक्षा क' रहल अछि, जाहि सं विद्यार्थीक आशंकाक समाधान कयल जा सकय आ कोनो वर्ग मे असंतोष अथवा असुरक्षाक भावना नहि पनपय। एहि पर मुख्य न्यायाधीशक टिप्पणी महत्वपूर्ण छल जे नीति एहन होबाक चाही, जाहि सं सभ युवा संतुष्ट अनुभव करथि। न्यायालय मामिलाक सुनवाइ चारि सप्ताह लेल टालि देने अछि। ई टिप्पणी मात्र यूजीसीक नियम धरि सीमित नहि, बल्कि देशक संपूर्ण शिक्षा व्यवस्थाक लेल सेहो एकटा व्यापक संदेश दैत अछि। वास्तव मे एहि विवादक जड़ि उच्च शिक्षण संस्थान सभ मे जातिगत भेदभावक ओहि कटु सच्चाइ मे अछि, जकरा बहुत दिन धरि अनदेखी कयल जाइत रहल। रोहित वेमुला आ पायल तड़वी सन विद्यार्थीक दुखद मृत्यु देश कें ई सोचबाक लेल विवश कयने छल जे की हमर विश्वविद्यालय सभ वास्तव मे प्रत्येक विद्यार्थी कें समान अवसर आ सम्मानपूर्ण वातावरण द' पाबि रहल अछि? वर्ष 2019 मे रोहित वेमुला आ पायल तड़वीक माय सभक दिस सं दायर याचिका मे उच्च शिक्षा संस्थान सभ मे जातिगत भेदभाव रोकबाक लेल प्रभावकारी सुरक्षा व्यवस्था करबाक मांग कयल गेल छल। एहि याचिका सभक मूल उद्देश्य छल जे कोनो विद्यार्थी कें जाति, सामाजिक पृष्ठभूमि अथवा पहचानक कारण अपमान, उत्पीड़न वा अलगाव नहि सहय पड़य। एहि पृष्ठभूमि मे यूजीसी विचार-विमर्शक बाद जनवरी 2026 मे नव नियम अधिसूचित कयलक। मुदा एहि नियमक किछु प्रावधान, खास कए जातिगत भेदभावक परिभाषा कें लए विवाद ठाढ़ भए गेल। नव व्यवस्था मे अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति आ अन्य पिछड़ा वर्गक विद्यार्थीक संग होयबला भेदभाव पर विशेष ध्यान देल गेल। दोसर दिस सामान्य वर्गक किछु विद्यार्थी आ याचिकाकर्ता सभ आशंका जतौलनि जे एहि व्यवस्था मे हुनका सभक विरुद्ध होयबला भेदभाव कें पर्याप्त रूपे शामिल नहि कयल गेल अछि। हुनका सभक तर्क अछि जे जं भेदभाव रोकबाक लेल बनल व्यवस्था दोसर वर्ग कें संरक्षण सं बाहर रखैत अछि, तं समानताक उद्देश्य अधूरा रहि जाएत। सर्वोच्च न्यायालय 29 जनवरी 2026 कें एहि नियम पर अंतरिम रोक लगबैत फिलहाल 2012 के नियम लागू रखबाक निर्देश देने छल। न्यायालयक चिंता छल जे नव प्रावधानक भाषा आ ओकर दायरा कतहु एहन स्थिति नहि उत्पन्न क' दे, जाहि सं समाज मे विभाजन आ असंतोष बढ़य। एतय ई बुझब आवश्यक अछि जे न्यायालयक अंतरिम रोक कें आखरी फैसला नहि मानल जा सकैत अछि। एकर उद्देश्य मामिलाक सभ पक्षक गंभीरतापूर्वक पड़ताल करब आ संभावित अन्याय कें रोकब अछि। एतय सभ सं पैघ प्रश्न ई अछि जे की जातिगत भेदभावक विरुद्ध सुरक्षा व्यवस्था कें कोनो एकटा सामाजिक वर्ग धरि सीमित राखल जेबाक चाही? निश्चयहि भारतीय समाज मे ऐतिहासिक रूप सं वंचित आ कमजोर वर्ग सभ लंबा समय धरि भेदभाव आ सामाजिक असमानताक सामना कयने अछि। शिक्षण संस्थान सभ मे हुनका लेल विशेष सुरक्षा उपाय आवश्यक अछि। एकरा नकारल नहि जा सकैत अछि।



अमेरिकी मध्यावधि चुनाव मे ट्रंपक सत्ता कें ऐतिहासिक झटका!

किशन सन्मुखदास भावनानी

विश्वक सभ सं पुरान लोकतंत्र आ सभ सं पैघ अर्थव्यवस्था अमेरिका मे भेल मध्यावधि चुनाव राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक दोसर कार्यकालक राजनीति मे ऐतिहासिक मोड़ अनने अछि। विपक्षी डेमोक्रेटिक पार्टी प्रतिनिधि सभा आ सीनेट, दुनू सदन मे बहुमत हासिल कए लेने अछि। ई परिणाम मात्र विपक्षक चुनावी सफलता नहि, बल्कि महंगाई, जीवन-यापनक बढ़ैत खर्च, ईरान युद्ध आ ट्रंप प्रशासनक नीतिक प्रति अमेरिकी मतदाताक नाराजगीक संकेत सेहो अछि। मीडिया रिपोर्टक अनुसार, 4 नवंबरक उपलब्ध आंकड़ा मुताबिक प्रतिनिधि सभा मे डेमोक्रेट्स 225 आ रिपब्लिकन 137 सीट जीतने छल। बहुमत लेल 218 सीट आवश्यक अछि। सीनेट मे सेहो डेमोक्रेटिक गठबंधन बहुमतक आंकड़ा पार कए लेने छल। अमेरिकी प्रतिनिधि सभा भारतक लोकसभा जकां जनताक प्रत्यक्ष प्रतिनिधित्व करैत अछि। एहि मे 435 सदस्य होइत छथि। सीनेट मे 100 सदस्य होइत छथि आ प्रत्येक राज्य सं दू सदस्य चुनल जाइत छथि।

ट्रंपक कार्यकाल नहि, राजनीतिक शक्तिपर असरि : मध्यावधि चुनाव राष्ट्रपति पदक चुनाव नहि होइत अछि। ट्रंपक कार्यकाल जनवरी 2029 धरि जारी रहत, मुदा आब कानून पारित करेनाइ, बजट मंजूर करेनाइ आ प्रशासनिक नियुक्ति आगू बढ़ेनाइ कठिन भए सकैत अछि। डेमोक्रेटिक बहुमतबला समिति सभ ट्रंप प्रशासनक सरकारी खर्च, आप्रवासन नीति, व्यापारिक टैरिफ आ युद्ध संबंधी निर्णयक जांच कए सकैत अछि। महाभियोगक प्रक्रिया सेहो शुरू भए सकैत अछि, मुदा चुनावी हारि मात्र सं राष्ट्रपति पदच्युत नहि होइत छथि। एहि लेल प्रतिनिधि सभा मे महाभियोग पारित होयब आ सीनेट मे दोषसिद्धि लेल दू-तिहाई समर्थन आवश्यक अछि।

ट्रंपक नीतिपर बढ़त संसदीय अंकुश : डेमोक्रेट्सक नियंत्रण सं ट्रंपक नीतिपर संसदीय निगरानी बढ़त, मुदा सभ नीति स्वतः समाप्त नहि होयत। अमेरिका फर्स्ट आ टैरिफ नीति पर कांग्रेस समीक्षा कए सकैत अछि।



हालांकि राष्ट्रपति कें सेहो किछु कानूनक अंतर्गत आयात शुल्क लगयबाक अधिकार प्राप्त अछि। आप्रवासन आ वीजा नीति मे बदलावक संभावना भारतीय छात्र, आइटी पेशाकर्मी आ एच-1बी वीजाधारक लेल महत्वपूर्ण भए सकैत अछि। मुदा वीजा नियम मे बदलाव प्रशासनिक निर्णय आ संबंधित कानून पर निर्भर करत। तत्काल राहतक गारंटी नहि अछि।

भारतीय-अमेरिकी आ मुस्लिम मतदाताक भूमिका : एहि चुनाव मे भारतीय-अमेरिकी आ मुस्लिम मतदाताक भूमिका सेहो चर्चित रहल। मिशिगन मे 42 वर्षीय डेमोक्रेटिक उम्मीदवार अब्दुल अल-सैयद रिपब्लिकन माइक रोजर्स कें हराकए अमेरिकी सीनेट पहुंचयवला पहिल मुस्लिम व्यक्ति बनबाक इतिहास रचलनि। हुनकर अभियान मे स्वास्थ्य सेवा, महंगाई आ राजनीति मे कॉरपोरेट पूंजीक प्रभाव प्रमुख मुद्दा छल। भारतीय मूलक उम्मीदवार सभक सफलता सेहो अमेरिकी राजनीति मे एहि समुदायक बढ़ैत भागीदारी देखबैत अछि। फ्लोरिडा सं पिया डंडिया, वर्जीनिया सं सुहास सुब्रमण्यम आ मैरीलैंड मे अरुणा मिलरक सफलता उल्लेखनीय रहल।

भारत-अमेरिका संबंध आ वैश्विक युद्ध पर असरि

डेमोक्रेटिक कांग्रेसक नियंत्रण भारत लेल व्यापारिक वार्ता मे बेसी संस्थागत संवादक अवसर पैदा कए सकैत अछि। अमेरिकी टैरिफ नीति पर पुनर्विचार भेला सं भारतीय निर्यातक कें लाभ भए सकैत अछि। रक्षा सहयोग, क्वाड, तकनीक, ऊर्जा आ चीनक संदर्भ मे दुनू देशक रणनीतिक साझेदारी जारी रहबाक संभावना अछि। ईरान युद्ध सेहो चुनावक महत्वपूर्ण मुद्दा रहल। रॉयटर्सक अनुसार, ट्रंप चुनावी हार मे ईरान युद्धक भूमिका स्वीकार कयलनि, मुदा अपन सैन्य निर्णयक बचाव सेहो केलनि। ईरानक संसद अध्यक्ष परिणाम कें युद्धक विरुद्ध अमेरिकी मतदाताक संदेश बतौलनि। रूस-यूक्रेन युद्ध आ ईरान-अमेरिका संघर्ष पर डेमोक्रेटिक कांग्रेस बेसी जांच आ जवाबदेहीक मांग कए सकैत अछि। मुदा युद्ध समाप्त करबाक निर्णय मात्र चुनावी परिणाम पर निर्भर नहि करत। राष्ट्रपति, सैन्य नेतृत्व आ कूटनीतिक वार्ता सेहो महत्वपूर्ण रहत।

वैश्विक अर्थव्यवस्था पर असरि : चुनावी परिणामक बाद वैश्विक शेयर बाजार आ डॉलर मे उतार-चढ़ाव देखल गेल। टैरिफ मे संभावित नरमी आयात लागत घटा सकैत अछि, मुदा बजट आ सरकारी खर्च कें लए' राजनीतिक टकराव बाजार मे अनिश्चितता बढ़ा सकैत अछि।

प्रदूषणक मामिला मे आपराधिक कानूनक अंतर्गत होमक चाही कारबाइ

डॉ. सुधीर कुमार

प्रत्येक वर्ष जाड़क आगमनक संग देशक पैघ हिस्सा, विशेष कए राष्ट्रीय राजधानी क्षेत्र आ उत्तर भारतक हवा विषाक्त होमय लगैत अछि। वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआइ) 400 आ 500 केर आंकड़ा पार कए जाइत अछि। एकर प्रमुख कारण औद्योगिक इकाइ सभ द्वारा होमयबला उत्सर्जन आ पैघ आधारभूत संरचना परियोजना सभ सं उड़यवला धूरा अछि। प्रश्न उठैत अछि जे की मात्र किछु लाख टाकाक जुमार्ना लगा कए एतेक पैघ स्तर पर लोकक फेफड़ा कें नोकसान पहुंचेबाक छूट देल जा सकैत अछि? वस्तुतः जखन उत्सर्जन मानकक उल्लंघन जानि-बुझि आ लगातार कयल जाइत अछि, तखन एकरा मात्र प्रशासनिक लापरवाही नहि, बल्कि कॉरपोरेट पर्यावरण अपराधक श्रेणी मे राखबाक चाही। भारतीय कानूनी व्यवस्था मे हवा स्वच्छ रखबाक लेल कठोर प्रावधान उपलब्ध अछि। वायु (प्रदूषण निवारण आ नियंत्रण) अधिनियम, 1981 केर धारा 37 सं 40 धरि एहन व्यवस्था अछि, जाहि अनुसार कोनो कंपनी अथवा औद्योगिक इकाई द्वारा निर्धारित मानकक उल्लंघन कयला पर ओकर जिम्मेदार निदेशक, बोर्ड सदस्य आ शीर्ष प्रबंधन कें व्यक्तिगत रूप सं आपराधिक रूपें जवाबदेह ठहराओल जा सकैत अछि। धारा 37 केर अंतर्गत पांच सं सात वर्ष धरि कारावासक प्रावधान अछि। ओतहि धारा 40 ई सुनिश्चित करैत अछि जे कंपनीक शीर्ष अधिकारी ई कहि कए अपन जिम्मेदारी सं नहि बांचि सकैत छथि जे हुनका उल्लंघनक जानकारी नहि छलनि। मुदा वास्तविकता ई अछि जे एहि धारासभक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज होयब अथवा कोनो कॉरपोरेट प्रमुख कें जेल जाएब अत्यंत दुर्लभ अछि। अधिकांश मामिला मे प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड आ राष्ट्रीय हरित अधिकरण (एनजीटी) आर्थिक दंड लगा कए मामिलाक निपटारा कए दैत अछि। एनजीटी द्वारा लागू प्रदूषणकर्ता भुगतान करय सिद्धांत सैद्धांतिक रूप सं मजबूत होयबाक बादो व्यवहार मे पैघ कंपनी लेल सहज रस्ता बनि गेल अछि। कंपनी पर्यावरण कें नोकसान पहुंचेलाक बाद जुमार्नाक राशि कें व्यावसायिक खर्च अथवा कारोबार करबाक अनुमति शुल्क मानि आसानी सं जमा कए दैत अछि। एहि लेल एहि सिद्धांत कें कठोर आपराधिक न्याय व्यवस्था संग जोड़बाक आवश्यकता अछि। भारतीय न्यायपालिका समय-समय पर पर्यावरण संरक्षणक संबंध मे ऐतिहासिक निर्णय देने अछि। वर्ष 1987 मे एमसी मेहता बनाम भारत संघ मामिला मे ओलियम गैस रिसावक बाद सर्वोच्च न्यायालय पूर्ण दायित्व (एब्सोल्यूट लायबिलिटी) सिद्धांत प्रतिपादित कयने छल। न्यायालय कहलक जे जं कोनो उद्योग खतरनाक गतिविधि संचालित करैत अछि आ ताहि सं आम जनता कें नोकसान होइत अछि, तखन ओहि उद्योग कें बिना कोनो छूट पूरा क्षतिपूर्ति देबाक होयत। ओकर जिम्मेदारी अटल रहत। एहने, वर्ष 1996 मे वेल्लोर सिटीजंस वेलफेयर फोरम मामिला मे सर्वोच्च न्यायालय सावधानी सिद्धांत (प्रिकॉशनरी प्रिंसिपल) आ प्रदूषणकर्ता भुगतान सिद्धांत के संविधानक अनुच्छेद 21 अर्थात जीवनक अधिकारक अभिन्न अंग घोषित कयने छल। कतेको विकसित देश पर्यावरणीय क्षति के गंभीर आपराधिक कृत्य मानैत अछि। यूरोपीय संघक पर्यावरण अपराध निर्देश (एनवायरनमेंटल क्राइम डायरेक्टिव) पर्यावरण के नोकसान पहुंचयबाक काज के आपराधिक श्रेणी मे रखैत अछि। एहि व्यवस्था मे कंपनियों पर हुनकर वैश्विक आमदनीक पैघ हिस्सा तक जुमार्ना लगाओल जा सकैत अछि आ दोषी अधिकारी के लंबा कारावासक सजा सेहो देल जाइत अछि। विचारणीय अछि जे कॉरपोरेट पर्यावरण अपराधक प्रभाव मात्र एक व्यक्ति धरि सीमित नहि रहैत अछि, बल्कि एकर असर आबयवाली पीढ़ीक स्वास्थ्य पर सेहो पड़ैत अछि। जखन कोनो कंपनी जानि-बुझि प्रदूषण नियंत्रण उपकरण बंद कए दैत अछि अथवा खुलेआम कचरा बहबैत अछि, तखन ओ एक प्रकार सं धीमा गति के जनसंहार करैत अछि। एहि विशिष्ट प्रकृतिक अपराध के बुझैत कानूनी व्यवस्था मे आवश्यक बदलाव करबाक जरूरत अछि। वायु प्रदूषण सं निपटबाक लेल आधुनिक कानूनी आ तकनीकी उपाय आवश्यक अछि। एहि दिशा मे पहिल सुझाव अछि जे वायु अधिनियम, 1981 केर धारा 37 सं 40 तक कठोरता पूर्वक लागू करबाक लेल विशेष 'कॉरपोरेट पर्यावरण अभियोजन प्रकोष्ठ' गठित हो। राज्य प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड के प्राथमिकी दर्ज करय लेल बाध्य कयल जाए आ बारंबार उल्लंघन करयवाली कंपनियोंक व्यावसायिक इकाइ सभके पूर्ण रूप सं बंद करबाक प्रावधान हो। दोसर उपायक रूप मे वास्तविक समय मे आंकड़ा निगरानी (रीयल टाइम डेटा मॉनिटरिंग) आ फॉरेंसिक पर्यावरणीय लेखा-परीक्षा अनिवार्य करबाक सुझाव देल गेल अछि। औद्योगिक इकाइ सभ मे स्वचालित सेंसर लगाओल जाए, जे उत्सर्जन निर्धारित सीमा पार करतहि स्वतः नोटिस जारी करय आ आपराधिक जांच शुरू करबाक आधार बनय। तेसर सुझाव अछि जे एनजीटी आ आपराधिक न्यायालयक बीच नीक समन्वय स्थापित हो। जाहि सं भारी आर्थिक दंड लगयबाक संग-संग जिम्मेदार कॉरपोरेट अधिकारी पर मुकदमा चलयबाक लेल मामिला सीधे संबंधित मजिस्ट्रेट न्यायालय मे पठाओल जा सकय। जखन कॉरपोरेट मुनाफाक होड़ मे निर्दोष नागरिकक सांसक सौदा होमय लगय, तखन कानून मूकदर्शक बनि मात्र कागजी जुमार्ना लगा कए अपन जिम्मेदारी पूरा नहि कए सकैत अछि। भारत के अपन आपराधिक न्याय व्यवस्था एहन बनाबय पड़त, जाहि मे पर्यावरण के नोकसान पहुंचेनाइ मात्र आर्थिक दंडक विषय नहि रहय, बल्कि दोषी के जेल तक पहुंचयबाक आधार बनय। जाबत धरि हवा मे विष घोलबाक कीमत व्यक्तिगत स्वतंत्रता आ कारावासक सजा संग नहि जुड़त, तखन धरि स्वच्छ हवा मे सांस लेबाक अधिकार सुरक्षित नहि भए सकत। स्वच्छ हवा के अधिकार तखने सुरक्षित रहत, जखन कानूनक डंडा पर्यावरण के वास्तविक अपराधी पर पूरा कठोरताक संग चलत।



न्यायालय कहलक जे जं कोनो उद्योग खतरनाक गतिविधि संचालित करैत अछि आ ताहि सं आम जनता कें नोकसान होइत अछि, तखन ओहि उद्योग कें बिना कोनो छूट पूरा क्षतिपूर्ति देबाक होयत। ओकर जिम्मेदारी अटल रहत। एहने, वर्ष 1996 मे वेल्लोर सिटीजंस वेलफेयर फोरम मामिला मे सर्वोच्च न्यायालय सावधानी सिद्धांत (प्रिकॉशनरी प्रिंसिपल) आ प्रदूषणकर्ता भुगतान सिद्धांत के संविधानक अनुच्छेद 21 अर्थात जीवनक अधिकारक अभिन्न अंग घोषित कयने छल। कतेको विकसित देश पर्यावरणीय क्षति के गंभीर आपराधिक कृत्य मानैत अछि। यूरोपीय संघक पर्यावरण अपराध निर्देश (एनवायरनमेंटल क्राइम डायरेक्टिव) पर्यावरण के नोकसान पहुंचयबाक काज के आपराधिक श्रेणी मे रखैत अछि। एहि व्यवस्था मे कंपनियों पर हुनकर वैश्विक आमदनीक पैघ हिस्सा तक जुमार्ना लगाओल जा सकैत अछि आ दोषी अधिकारी के लंबा कारावासक सजा सेहो देल जाइत अछि।

यूपी विधानसभा चुनाव : कांग्रेसक पैघ दांव, सपा गठबंधनक 60 प्रतिशत सीट पर पिछड़ा वर्गक उम्मीदवार उतारबाक तैयारी



दीपावली आ छठि कें देखैत वार्ड पार्षद अमित कुमार सोनी मुख्य सड़क, चौराहा आ छठि घाट सभ पर रोशनीक व्यवस्था दुरुस्त रखबाक मांग कएलनि। वार्ड पार्षद निर्जला देवी छठि घाट सभ पर चेंजिंग रूमक संख्या बढ़ेबाक मांग कएलनि, जाहि पर सहमति बनल। स्वपन घोष घाट सभ सं जलकुंभी हटेबाक आ बैरिकेडिंग करबाक सुझाव देलनि।

वार्ड पार्षद अंजनी साह स्वीकृत योजना सभक निविदा प्रक्रिया लंबित रहबाक मुद्दा उठौलनि। ओ लंबित योजना सभक निविदा प्रक्रिया मे तेजी आनबाक मांग कएलनि। वार्ड पार्षद भोला कुशवाहा नगर निधि आ विधायक निधि सं बनल सड़क सभक गुणवत्ता संबंधी मुद्दा उठौलनि।

बैठक मे उप नगर आयुक्त विजय प्रताप सिंह, वार्ड पार्षद कल्याणी राय, निर्जला देवी, अर्जुन सिंह, ऋतुराज यादव, स्वपन घोष, किरण देवी, भोला कुशवाहा, अमित कुमार सोनी, राकेश राय सहित विभिन्न वार्डक पार्षद आ नगर निगमक अधिकारी उपस्थित छलाह।

छठि पर 15 नवंबर कें राजगीरक जू-नेचर सफारी रहत बंद



नालंदा, समदिया

लोक आस्थाक महापर्व छठि पूजा कें लए जिला आ पुलिस प्रशासन सुरक्षा व्यवस्थाक तैयारी तेज कए देने अछि। एहि क्रम मे प्रशासनिक आ सुरक्षा कारण सं 15 नवंबर (रवि) कें राजगीरक प्रसिद्ध जू सफारी आ नेचर सफारी पर्यटक सभक लेल बंद रहत। एहि दिन दूनू पर्यटन स्थल पर प्रवेश, टिकट बिक्री आ भ्रमण पूरी तरहे प्रतिबंधित रहत।

जिला जनसंपर्क कार्यालय, नालंदाक दिस सं जारी सूचना अनुसार, छठि पूजा के दौरान नालंदा जिला आ राजगीर क्षेत्र मे श्रद्धालु आ स्थानीय लोकक भारी आवाजाही रहैत अछि। एहि दौरान घाट आ धार्मिक स्थल सभ पर भीड़ नियंत्रित करबाक, यातायात सुचारू रखबाक आ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल पैघ संख्या मे पुलिस बल आ प्रशासनिक अधिकारी सभक तैनाती कयल जाइत अछि।

चेवाड़ा आ घाटकुसुंभा पीएचसी कें भेटल सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्रक दर्जा

शेखपुरा, समदिया

ग्रामीण क्षेत्रक स्वास्थ्य व्यवस्था कें मजबूत आ विस्तारित करबाक दिशा मे स्वास्थ्य विभाग एकटा महत्वपूर्ण कदम उठौने अछि। एहि अंतर्गत शेखपुरा जिलाक चेवाड़ा आ घाटकुसुंभा प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र (पीएचसी) कें आब आधिकारिक रूप सं सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र (सीएचसी) के दर्जा भेटि गेल अछि। एहि संबंध मे अपर मुख्य चिकित्सा पदाधिकारी अशोक कुमार औपचारिक जानकारी देलनि। स्वास्थ्य विभागक एहि पहल सं जिलाक एहि दूनू ग्रामीण क्षेत्र मे स्वास्थ्य सेवा के स्तर मे पैघ सुधार होएबाक उम्मीद अछि।

एसीएमओ डॉ. अशोक कुमार सिंहक अनुसार, दूनू सामुदायिक



स्वास्थ्य केंद्रक सुचारू संचालन आ चिकित्सकीय व्यवस्था नीक बनेबाक लेल कुल 24 अलग-अलग पदक सृजन के मंजूरी देल गेल अछि। एहि पद सभ मे उपाधीक्षक, सामान्य शल्य चिकित्सक (सर्जन), स्त्री एवं प्रसूति रोग विशेषज्ञ, निश्चेतक, शिशु रोग विशेषज्ञ, फिजिशियन आ अन्य चिकित्सा पदाधिकारी शामिल छथि। एकर अतिरिक्त केंद्र सभ मे नर्सिंग स्टाफ, प्रयोगशाला तकनीशियन, फार्मासिस्ट, नेत्र सहायक, फिजियोथेरेपिस्ट आ अन्य आवश्यक स्वास्थ्यकर्मी सभक पद सेहो स्वीकृत कयल गेल अछि। हड्डी रोग, नाक-कान-गला (ईएनटी) आ नेत्र रोग विशेषज्ञ सभक पदक सेहो विशेष प्रावधान कयल गेल अछि। सिविल सर्जन डॉ. संजय कुमार बतौलनि जे चेवाड़ा आ घाटकुसुंभा पीएचसी कें सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्रक दर्जा भेटि गेल अछि। ओ कहलनि जे धीरे-धीरे जतेक कमी महसूस होयत, ओकर समाधान कयल जाएत। आवश्यकताक अनुसार स्वास्थ्य सुविधाक विस्तार कयल जाएत। विभागीय मान्यता भेटलाक बाद आब स्थानीय लोकक नजरि चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मी सभक तैनाती पर टिकल अछि। एकर संग चिकित्सा उपकरण, पैथोलॉजी जांच, ऑपरेशन थिएटर आ अन्य आवश्यक संसाधनक उपलब्धता सेहो महत्वपूर्ण रहत। स्वीकृत पद सभ पर नियुक्ति आ जरूरी सुविधा बहाल भेलाक बादे सीएचसीक पूरा लाभ स्थानीय लोक कें भेटि सकत।

आब ऑनलाइन साझा होयत विद्यालय सभक नवाचार आ शिक्षक सभक नीक प्रयास



खगड़िया, समदिया

जिला प्रशासन, शिक्षा विभाग आ ओपन लिंक्स फाउंडेशनक संयुक्त तत्वावधान मे आचार्य विनोबा भावे शिक्षक सहायक कार्यक्रमक अंतर्गत जिला शिक्षा आ प्रशिक्षण संस्थान (डाइट), रामगंज संसारपुर मे उन्मुखीकरण कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। चारि दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रमक अंतर्गत आयोजित एहि एकदिवसीय कार्यक्रम मे जिलाक विभिन्न प्रखंड सभ सं सैकड़ो शिक्षक शामिल भेलाह। एहि मे प्रधान शिक्षक, शिक्षक तथा कक्षा 6 सं 8 धरि कंप्यूटर आ डिजिटल तकनीक मे दक्ष शिक्षक सभ भाग लेलनि। कार्यक्रमक उद्देश्य शिक्षक सभ कें डिजिटल तकनीक, शैक्षणिक नवाचार आ गतिविधि आधारित शिक्षण सं जोड़ब अछि।

एकर संग विद्यालय सभ मे कयल जा रहल उत्कृष्ट काज आ नवाचार साझा करबाक लेल शिक्षक सभ कें साझा मंच उपलब्ध करायब सेहो कार्यक्रमक उद्देश्य अछि। प्रशिक्षणक दौरान शिक्षक सभ कें विभिन्न शैक्षणिक गतिविधि, विद्यालय स्तर पर होइत नवाचार आ डिजिटल संसाधनक उपयोग संबंधी जानकारी देल गेल।

विविध

हृदयक धमनी मे जमा चर्बीक परत घटबैत अछि अधिक प्रभावी कोलेस्ट्रॉल उपचार, नव क्लिनिकल अध्ययन मे खुलासा

हृदयक धमनी मे कोलेस्ट्रॉल आ चर्बीक जमाव कम करबाक लेल कयल गेल एकटा नव क्लिनिकल अध्ययन मे महत्वपूर्ण जानकारी सामने आएल अछि। अध्ययनक मुताबिक, खराब कोलेस्ट्रॉल कें बेसी प्रभावी ढंग सं घटेबाक लेल दूनू दवाइक संयुक्त उपयोग कयला पर हृदयक धमनी मे जमा प्लाक (चर्बी आ कोलेस्ट्रॉलक परत) मे बेसी कमी देखल गेल। शोधकर्ता सभक अनुसार, एहन उपचार सं धमनी मे पहिने सं जमा प्लाकक आकार सेहो घटाओल जा सकैत अछि।

धमनी मे कोलेस्ट्रॉल आ चर्बी धीरे-धीरे जमा होएबाक स्थिति कें एथेरोस्क्लेरोसिस कहल जाइत अछि। एहि प्रक्रिया मे मध्यम आ पैघ धमनीक भीतरी दीवार पर चिपचिपा पदार्थक परत बनए लगैत अछि, जाहि कें प्लाक कहल जाइत अछि। समयक संग ई परत मोटगर होइत जाइत अछि आ धमनीक रास्ता संकीर्ण कए दैत अछि। एहि कारण हृदय आ शरीरक दोसर महत्वपूर्ण अंग धरि ऑक्सीजनयुक्त रक्तक प्रवाह प्रभावित होइत अछि। गंभीर स्थिति



मे एहि सं हृदय रोग आ स्ट्रोकक खतरा बढ़ि जाइत अछि।

जामा कार्डियोलॉजी मे प्रकाशित एहि अध्ययनक नाम फ्लोप्रोमोट अछि। एहि शोध मे डेनमार्कक 104 वयस्क कें शामिल कयल गेल छलनि। सभ रोगी कें छाती मे स्थिर दर्द आ हृदयक धमनी मे गंभीर समस्या छलनि। कोरोनरी सीटी स्कैन मे हुनका सभक धमनी मे 50 प्रतिशत सं बेसी संकुचन आ रक्त प्रवाह मे बाधा देखल गेल छल।

अध्ययन मे शामिल कोनो रोगी पहिने स्टैटिन दवा नहि लेने छलाह। शोधकर्ता सभ रोगी कें दू बराबर समूह मे बांटलनि। पहिल समूह कें प्रतिदिन 40 मिलीग्राम एटोरवास्टेटिन देल गेल, जखनकि दोसर समूह कें 40 मिलीग्राम रोसुवास्टेटिन आ 10 मिलीग्राम एजेटिमाइब देल गेल। एजेटिमाइब आंत मे कोलेस्ट्रॉलक अवशोषण कम करय बला दवा अछि।

18 महीनाक उपचारक दौरान सभ रोगीक धमनीक जांच तीन बेर कयल गेल। पहिल जांच उपचार शुरू होएबाक पहिने, दोसर 9 महीना पर आ तेसर 18 महीना पर कयल गेल। एहि लेल नॉन-इनवेसिव कोरोनरी सीटी एंजियोग्राफी तकनीकक उपयोग कयल गेल।

परिणाम मे देखल गेल जे संयुक्त उपचार लेनिहार रोगी सभक खराब कोलेस्ट्रॉल (एलडीएल) मे 65 प्रतिशत कमी आएल। हुनकर औसत कोलेस्ट्रॉल स्तर 127.4 मिलीग्राम प्रति डेसीलीटर सं घटि कए 42.5 मिलीग्राम प्रति डेसीलीटर रहि गेल। ओतहि, सामान्य उपचार बला समूह मे कोलेस्ट्रॉल 38 प्रतिशत घटल।

प्लाकक मात्रा मे सेहो उल्लेखनीय भेद देखल गेल। संयुक्त उपचार लेनिहार रोगी सभ मे कुल प्लाकक मात्रा 21.1 प्रतिशत घटल, जखनकि दोसर समूह मे 13.6 प्रतिशत कमी आएल। नरम आ चबीर्युक्त प्लाक, जे फाटि कए गंभीर समस्या पैदा कए सकैत अछि, संयुक्त उपचार मे 28.2 प्रतिशत घटल। सामान्य उपचार मे एहि मे 20 प्रतिशत कमी देखल गेल।

संयुक्त उपचार लेनिहार 52 मे सं 51 रोगी मे नरम प्लाक घटल, जखनकि दोसर समूह मे 39 रोगी मे एहन बदलाव देखल गेल। हालांकि, दुनू समूह मे कैल्सियमयुक्त प्लाकक मात्रा मे मामूली वृद्धि भेल, जे प्लाकक स्थिर होएबाक संकेत मानल गेल।

शोधकर्ता सभक कहब अछि जे धमनी मे जमा प्लाक स्थायी नहि होइत अछि। खराब कोलेस्ट्रॉल कें प्रभावी ढंग सं घटेबाक उपचार सं एकर मात्रा कम कयल जा सकैत अछि। मुदा, एहि कमी सं हृदयाघात आ स्ट्रोक जेहन गंभीर घटना मे वास्तव मे कतेक कमी होइत अछि, ई जानबाक लेल आगू बेसी शोध आवश्यक अछि।

भारत मे बढ़ि रहल कैंसरक खतरा, 2050 धरि प्रतिवर्ष 28 लाख नव रोगी भए सकैत छथि



भारत मे कैंसरक चुनौती लगातार गंभीर होइत जा रहल अछि। चिंता मात्र रोगीक बढ़ैत संख्या कें लए नहि अछि, बल्कि एहि बात कें लए सेहो अछि जे पैघ संख्या मे रोगी सभ कें बेमारीक जानकारी तखन भेटैत अछि, जखन ई बहुत आगू बढ़ि चुकल रहैत अछि। जांच, दवाइ, अस्पताल मे रहबाक आ बेर-बेर आवागमनक खर्च परिवारक मुश्किल बढ़ा दैत अछि। इंटरनेशनल एजेंसी फॉर रिसर्च ऑन कैंसर (आईएआरसी) केर ग्लोबोकैन 2022 केर अनुमानक मुताबिक, भारत मे कैंसरक 14.13 लाख नव मामिला सामने आएल आ 9.16 लाख लोकक एहि बेमारी सं मृत्यु भेल।

प्रत्येक 10 मे सं करीब एक भारतीय कें 75 वर्षक आयु सं पहिने कैंसर होएबाक आशंका अछि। ओतहि, 2024 केर नव अनुमान मे भारत मे करीब 16 लाख नव मामिला सामने एबाक बात कहल गेल अछि। विशेषज्ञ सभक मुताबिक, जनसंख्या वृद्धि आ बुजुर्ग सभक बढ़ैत आबादीक कारण 2050 धरि प्रतिवर्ष नव मामिला 28 लाखक करीब पहुंचि सकैत अछि।

आकाश हेल्थकेयर मे सर्जिकल ऑन्कोलॉजीक निदेशक डॉ. अरुण कुमार गिरीक मुताबिक, कैंसर रोगी सभक आयु संबंधी स्थिति मे बदलाव देखबा मे आबि रहल अछि। आब 30 आ 40 वर्षक आयु बला रोगी सेहो इलाज करए पहुंचि रहल छथि। तंबाकूक सेवन, खराब खानपान, शारीरिक गतिविधिक कमी आ प्रदूषण जेहन कारक कैंसरक खतरा बढ़ा सकैत अछि। ई बेमारी आब मात्र महानगर धरि सीमित नहि अछि, छोट शहर आ कस्बा सभ मे सेहो रोगी सामने आबि रहल छथि। जुपिटर हॉस्पिटलक ऑन्कोलॉजी कंसल्टेंट डॉ. प्रतीक पाटिल बतबैत छथि जे हुनका लग पहुंचए बला कतेको रोगी तेसर वा चारिम चरण मे रहैत छथि। एहि स्थिति मे इलाज बेसी जटिल भए जाइत अछि आ खर्च सेहो बढ़ि सकैत अछि। शरीर मे गांठ, एहन घाव जे ठीक नहि होइत भए, बिना कोनो कारण वजन घटब आ असामान्य रक्तस्राव जेहन लक्षण कें नजरअंदाज नहि करबाक चाही। कतेको बेर रोगी एक विशेषज्ञ सं दोसर विशेषज्ञ लग जाइत रहैत छथि, जाहि सं सही जांच आ इलाज मे देरी होइत अछि। डॉ. विनीत मल्होत्राक अनुसार, कतेको पुरुष ताधरि जांच नहि करबैत छथि, जाधरि लक्षण गंभीर नहि भए जाइत अछि। तंबाकू आ शराबक अतिरिक्त, मूत्र आ यौन स्वास्थ्य सं जुड़ल समस्या पर बात करबा मे संकोच सेहो एकर कारण अछि।

ओतहि, स्त्री रोग विशेषज्ञ डॉ. अर्चना धवन बजाज बतबैत छथि जे महिलाक बीच सर्वाइकल कैंसर सं बचाव लेल एचपीवी टीका आ नियमित स्क्रीनिंग महत्वपूर्ण अछि।

नेतन्याहू कें पैघ झटका, अरब दलक समर्थन सं गादी आइजनकोटक प्रधानमंत्री बनबाक बाट साफ







इसराइलक 120 सदस्यीय संसद मे सरकार बनेबाक लेल 61 सांसदक समर्थन आवश्यक अछि

तेल अवीव, एजेंसी

इसराइल मे नव सरकारक गठन कें लए कए राजनीतिक गतिविधि तेज भए गेल अछि। पूर्व सेना प्रमुख आ विपक्षी नेता गादी आइजनकोट कें अरब राजनीतिक दलक गठबंधन जॉइंट लिस्टक समर्थन भेटलाक बाद सत्ता–समीकरण बदलैत देखाइत अछि। एहि सं वर्तमान प्रधानमंत्री बिन्यामिन नेतन्याहूक सत्ता सं बाहर होयबाक आशंका बढ़ि गेल अछि। समाचार एजेंसी पीटीआईक अनुसार, बृहस्पतिदिन राष्ट्रपति इसाक हजीगक संग राजनीतिक दलसभक विचार–विमर्शक दौरान अरब दल आइजनकोट कें समर्थन देबाक घोषणा कयलनि। इसराइलक 120 सदस्यीय संसद मे सरकार बनेबाक लेल 61 सांसदक समर्थन आवश्यक अछि। अरब दलसभक लग 19 सीट अछि। हुनका सभक समर्थनक बाद आइजनकोटक पक्ष मे 67 सांसदक समर्थन होयबाक अनुमान अछि, जे बहुमतक आंकड़ा सं 6 बेसी अछि। दोसर दिस, वर्तमान प्रधानमंत्री बिन्यामिन नेतन्याहू कें पैघ झटका लागल अछि। हुनकर पुरान सहयोगी अति–रूढ़िवादी दल यूनाइटेड टोरा जूडिज्म (यूटीजे) केर एकटा गुट सेहो हुनका समर्थन देबा सं मना कए देलक अछि।

खराब आ बेसी खराब मे एकटा विकल्प चुनबाक स्थिति : राम पार्टीक नेता मंसूर अब्बास द्वारा हालहि आइजनकोटक समर्थन देबाक घोषणा कयलनि। हुनकर पार्टीक लग 8 सीट अछि। एहि अवसर पर अब्बास टू स्टेट सोल्यूशन आ अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक गजा योजनाक प्रति अपन समर्थन फेर दोहरौलनि। ओ हमास सहित सभ सैन्य आ सशस्त्र संगठनसभक निरस्त्रीकरणक मांग सेहो कयलनि। राम पार्टी एहि सं पहिने नफ्ताली बेनेट नेतृत्ववला सरकार कें सेहो बाहर रहि समर्थन दए चुकल अछि। 11 सीटबला दोसर प्रमुख अरब राजनीतिक समूह जॉइंट लिस्ट सेहो आइजनकोटक समर्थन देबाक निर्णय कयलक अछि। एहि निर्णय कें दल नेतन्याहू सरकार कें सत्ता सं हटेबाक लेल ह्यखराब आ बेसी खराब विकल्पह्ल मे एकटा चुनबाक स्थिति बतौलक। जॉइंट लिस्टक अध्यक्ष यूसुफ जबारीन कहलनि जे हुनका सभक प्रतिनिधिमंडल द्वारा लेल गेल निर्णय अरब मतदातासभक बदलावक मांग कें देखबैत अछि। हुनकर आरोप छल जे वर्तमान सरकारक कार्यकाल मे अरब नागरिक सभ कें नस्लवाद, भेदभाव, अपराध आ राजनीतिक–सामाजिक बहिष्कार जेकां समस्यासभक सामना करय पड़लनि। जबारीन कहलनि जे अरब समुदायक लोक बदलावक आशा लए कए पैघ संख्या मे मतदान कयलनि अछि। मुदा आइजनकोट संग हुनका सभक कतेको मुद्दा पर मतभेद अछि। एहि मतभेद सभ मे आइजनकोटक राजनीतिक विचारधारा आ चुनाव प्रचारक दौरान अरब नागरिकसभक विरुद्ध देल गेल कथित भड़काऊ बयान पर हुनकर कड़ा रुख नहि अपनायब शामिल अछि। ओ कहलनि जे हम सभ नीक आ बेसी नीकक बीच चुनाव नहि कए रहल छी, बल्कि हमरा सभक सोझां खराब आ ओकरो बेसी खराब विकल्प अछि। वरिष्ठ अरब सांसद अहमद तीबी कहलनि जे जॉइंट लिस्ट अल्पमत सरकार कें बाहर रहि समर्थन दए सकैत अछि आ संसद मे ब्लॉकिंग ब्लॉक अर्थात विरोधी पक्षक निर्णय रोकबाक लेल एकजुट समूहक भूमिका निभाओत। हालांकि, ई दल एहन सरकार बनेबाक प्रक्रिया मे शामिल नहि होयत, जे जल्दिये खसबाक आशंका हो।

नेतन्याहूक पुरान सहयोगी सेहो दूर भेल : प्रधानमंत्री बिन्यामिन नेतन्याहूक पक्ष मे 53 सीट अछि, मुदा सभ 53 सांसदक समर्थन भेटबाक संभावना बहुत कम देखाइत अछि। यूनाइटेड टोरा जूडिज्म (यूटीजे) केर 7 सीट मे सं 4 सीट रखनिहार गुट डेगेल हातोरा कोनो उम्मीदवारक समर्थन नहि करबाक निर्णय लेलक अछि। द टाइम्स ऑफ इसराइलक रिपोर्टक अनुसार, अति–रूढ़िवादी नेता नेतन्याहू सं दूरी बना लेलनि अछि। एकर प्रमुख कारण ई अछि जे हुनकर सरकार हरेदी समुदाय (अति–रूढ़िवादी यहूदी समुदाय)क पुरुष सभ कें अनिवार्य सैन्य सेवा सं छूट देबाक कानून पारित नहि करा सकल। एहि बीच, नेतन्याहूक लिकुड पार्टी लगातार आरोप लगबैत रहल अछि जे अरब दल सभ चुनाव मे विदेशी समर्थनक सहारे धांधली कयने अछि। हालांकि, पार्टी अपन आरोपक समर्थन मे एखन धरि कोनो ठोस प्रमाण प्रस्तुत नहि कयलक अछि। नेतन्याहू आ हुनकर पार्टी चुनाव मे कथित गड़बड़ीक समर्थन मे किछु घटनाक उल्लेख कयने अछि। एहि मे मतदान शुरू होयबाक पहिने मतदाता सभ कें घूस देबाक आरोप मे 3 राजनीतिक कार्यकर्ताक गिरफ्तारी सेहो शामिल अछि। एहि कार्यकर्तासभक राम पार्टी सं कथित संबंध होयबाक आशंका जताओल गेल, मुदा पार्टी एहि मे कोनो तरहक संलिप्तता सं इनकार कयने अछि।

के छथि गादी आइजनकोट? : गादी आइजनकोटक जन्म इसराइलक तिबेरियास शहर मे भेलनि। हुनकर परिवार मूल रूपें मोरक्को सं जुड़ल अछि। जं ओ प्रधानमंत्री बनैत छथि तं इसराइलक पहिल मिजराही प्रधानमंत्री होयताह। मिजराही यहूदी ओहि समुदाय सं अबैत छथि, जिनकर संबंध मध्य पूर्व आ उत्तरी अफ्रीका सं अछि। इसराइलक लगभग आधा आबादी एहि समुदाय सं जुड़ल अछि। आइजनकोट 1978 मे अनिवार्य सैन्य सेवाक दौरान इसराइल डिफेंस फोर्सेज (आईडीएफ)क गोलानी ब्रिगेड मे शामिल भए अपन सैनिक जीवन शुरू कयलनि। 1997 मे ओ एहि ब्रिगेडक कमांडर बनलाह। एकर बाद सेना मे कतेको महत्वपूर्ण पद पर काज कयलनि आ 2015 मे आईडीएफक चीफ ऑफ जनरल स्टाफ नियुक्त भेलाह। सेना सं अवकाश लेलाक बाद ओ राजनीति मे प्रवेश कयलनि आ इसराइली संसदक सदस्य बनलाह।

कर्मभूमि एक्सप्रेसक 4 डिब्बा मे लागल आगि, चारू कात पसरल धुआं

अमृतसर सं न्यू जलपाईगुड़ी जा रहल छल ट्रेन



चंडीगढ़, एजेंसी

पंजाबक राजपुरा मे शुक्रदिन अमृतसर सं न्यू जलपाईगुड़ी जा रहल कर्मभूमि एक्सप्रेसक 4 डिब्बा मे आगि लागि गेल। घटना अंबाला मंडलक सराय बंजारा रेलवे स्टेशनक लग भेल। आगि लगिते ट्रेन मे अफरातफरी मचि गेल। हालांकि, रेलवे सुरक्षा तंत्र समय रहैत खतरेक संकेत दए देलक, जकर बाद ट्रेन कें सुरक्षित रोकि लेल गेल। यात्री सभ कें तत्काल ट्रेन सं नीचां उतारल गेल। रेलवे अधिकारीक अनुसार, एहि दुर्घटना मे केओ नहि मरलाह आ ने कोनो यात्री घायल भेलाह। आगिक चपेट मे आयल चारि डिब्बा मे तीनटा बेसी क्षतिग्रस्त भेल अछि, जखन कि चारिम डिब्बा सेहो आंशिक रूपें प्रभावित भेल अछि। उत्तर रेलवे के मुख्य जनसंपर्क अधिकारी हिमांशु शेखर उपाध्याय कहलनि जे ट्रेनक सुरक्षा तंत्र सक्रिय होइतहि एकरा सराय बंजारा स्टेशनक लग रोकि देल गेल। एकर बाद दमकलक गाड़ी आ रेलवेक वरिष्ठ अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचला। बहुत मशक्कतक बाद आगि पर काबू पाओल गेल आ घटनास्थल कें सुरक्षित कयल गेल। आगि लगबाक वास्तविक कारण एखन धरि स्पष्ट नहि भेल अछि। एकर जांच कराओल जायत। जांच मे बिजलीक तार, डिब्बाक तकनीकी व्यवस्था आ आगि लगबाक कोनो बाहरी कारणक सेहो पड़ताल होयत। अंबाला मंडलक वरिष्ठ मंडल वाणिज्य प्रबंधक यशांजीत सिंह कहलनि जे एखन रेलवेक पहिल प्राथमिकता यात्री सभ कें सुरक्षित हुनकर गंतव्य धरि पहुंचेनाइ अछि। आगि लगबाक कारणक पता जांचक बादे चलत।

दोसर ट्रेन मे बैसा यात्री सभ कें पठेबाक व्यवस्था : यात्री सभ कें घटनास्थल पर फंसल रहबाक स्थिति सं बचयबाक लेल रेलवे तत्काल दोसर ट्रेनक व्यवस्था कयलक। यात्री सभ कें घटनास्थल सं करीब 500 मीटर दूर स्थित समीप स्टेशन धरि पैदल जेबाक लेल कहल गेल। ओतय सं सभ कें दोसर ट्रेन मे बैसा आगू पठेबाक व्यवस्था कयल गेल। यशांजीत सिंह कहलनि जे यात्री सभ कें हुनकर घर आ निर्धारित गंतव्य धरि सुरक्षित पहुंचयबाक लेल वैकल्पिक व्यवस्था कयल गेल अछि। कर्मभूमि एक्सप्रेस बिना आरक्षणवाली ट्रेन अछि। एहि मे पैघ संख्या मे यात्री यात्रा करैत छथि। एहन स्थिति मे आगि लगलाक बाद सभ यात्री कें सुरक्षित बाहर निकालब आ दोसर ट्रेन मे बैसबाक व्यवस्था करब रेलवे लेल पैघ चुनौती छल। हालांकि, समय रहैत ट्रेन रोकि लेल गेल आ यात्री सभ कें बाहर निकालि लेल गेल, जाहि सं पैघ दुर्घटना टलि गेल।

आगि सं भेल क्षतिक आकलन शुरू : कर्मभूमि एक्सप्रेस पंजाबक अमृतसर सं पश्चिम बंगालक न्यू जलपाईगुड़ीक बीच चलैत अछि। ई उत्तर आ पूर्वी भारतक कतेको भाग कें जोड़यवाली लंबी दूरीक ट्रेन अछि। शुक्रदिन भेल दुर्घटनाक बाद रेलवे आगि सं भेल क्षतिक आकलन शुरू कए देलक अछि। अधिकारी सभक अनुसार, तीन डिब्बा आगि सं बेसी क्षतिग्रस्त भेल अछि, जखन कि एकटा दोसर डिब्बा सेहो आगिक चपेट मे आयल अछि। रेलवे एहि घटनाक औपचारिक जांच कराओत। जांच मे पता लगाओल जायत जे आगि बिजलीक खराबी, तकनीकी गड़बड़ी अथवा कोनो आन कारण सं लागल। अखन रेलवेक पूरा ध्यान प्रभावित यात्री सभ कें सुरक्षित हुनकर गंतव्य धरि पहुंचयबाक व्यवस्था पर अछि।

संविधान सर्वोपरि, सीजेआई सूर्यकांत कें निशाना बनेबाक मामिला मे केरल कांग्रेसक परेशानी बढ़ल

अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता न्यायिक काज मे हस्तक्षेप करबा नहि अछि : न्यायालय



नई दिल्ली, एजेंसी

सीजेआई सूर्यकांत पर विवादास्पद टिप्पणी करबाक मामिला मे कांग्रेसक केरलम इकाइक मुश्किल बढ़ि गेल अछि। सुप्रीम कोर्ट शुक्रदिन केरलम इकाइक सभ पदाधिकारी कें सीजेआई कें निशाना बनेबाक एकटा सोशल मीडिया पोस्ट पर अवमाननाक नोटिस जारी कयलक। न्यायालय कहलक जे न्यायपालिकाक स्वतंत्रता राजनीतिक सुविधाक विषय नहि अछि। न्यायमूर्ति अरविंद कुमार आ विपुल एम. पंचोलीक पीठ कहलनि जे संविधान सर्वोपरि अछि आ कोनो व्यक्ति अथवा राजनीतिक संगठन संविधान सं ऊपर नहि अछि। सुप्रीम कोर्ट कहलनि जे न्यायालयी फैसलाक आलोचना कयल जा सकैत अछि। मुदा अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता न्यायिक काज मे हस्तक्षेप करबाक लेल डर देखेबाक आ धमकी देबाक ढाल नहि बनि सकैत अछि। कोनो व्यक्ति चाहे जतबे पैघ पद पर कियैक नहि हो, अदालतक अधिकार कमजोर करबाक कोनो प्रयासक सख्ती सं सामना कयल जेबाक चाही। पीठ कहलक जे कोर्टक अधिकार कें राजनीतिक स्वीकृतिक आवश्यकता नहि अछि। ई कानूनक शासन पर आधारित अछि। जतय न्याय देबाक व्यवस्था स्थापित अछि, ततय कानून कें अपन काज करय देबाक चाही। शीर्ष कोर्ट कहलनि जे न्यायपालिकाक स्वतंत्रता राजनीतिक सुविधाक विषय नहि अछि। सुप्रीम कोर्ट एहि मामिला मे एकटा वरिष्ठ अधिवक्ता कें न्याय मित्र नियुक्त कयने अछि। ओ एहि बातक पड़ताल करताह जे मामिला मे आपराधिक अथवा दीवानी अवमाननाक प्रावधान लागू होइत अछि वा नहि। अदालत एहि मामिला मे अटॉर्नी जनरल आर. वेंकटरमणीक सहयोग सेहो मंगने अछि। कांग्रेसक केरलम इकाइक आधिकारिक एक्स खाता सं 12 अक्टूबर कें सीजेआईक विरुद्ध एकटा पोस्ट कयल गेल छल, जे सोशल मीडिया पर तेजी सं वायरल भए गेल। एहि पोस्टक सोशल मीडिया पर तीव्र आलोचना भेल, जाहि के बाद पोस्ट हटा लेल गेल। एकर बाद पार्टी कहने छल जे पोस्ट करबाक लेल जिम्मेदार व्यक्ति कें पद सं हटा देल गेल अछि। उल्लेखनीय अछि जे अधिवक्ता विनीत जिंदल 13 अक्टूबर कें सीजेआई सूर्यकांत लग एकटा शिकायत देने छलाह। बाद मे 30 अक्टूबर कें एहि शिकायत कें रिट याचिकाक रूप मे दर्ज कयल गेल। शिकायत मे अधिकारी सभ कें ई पता लगयबाक निर्देश देबाक मांग कयल गेल छल जे 12 अक्टूबर 2026 कें सांझ सुप्रीम कोर्ट परिसर मे राहुल गांधी आ दोसर राजनीतिक नेतासभक संग भेल राजनीतिक प्रदर्शन आ नारेबाजी बिना अनुमति आयोजित कयल गेल छल वा नहि।

पराग्वे केर सभ सं पैघ बैंक भेल बंद, राष्ट्रपति देलनि इस्तीफा

अपनहि टाका नहि निकालि पेलाह लोक



असुनसियोन, एजेंसी

पराग्वेक सभ सं पैघ डिजिटल बैंक यूएनो डूबि गेलाक बाद देशक अर्थव्यवस्था चरमरा गेल अछि। देशक आधा आबादी एखन अपनहि जमा टाका नहि निकालि पाबि रहल अछि। एहि संकटक बीच राष्ट्रपति सैंटियागो पेना अपन पद सं इस्तीफा दए देबाक घोषणा कयलनि। हालांकि, संसद हुनकर इस्तीफा स्वीकार करबाक बदला हुनका विरुद्ध महाभियोग चलेबाक प्रक्रिया शुरू कए देलक अछि। कहल जाइत अछि जे यूएनो बैंकक संकटक कारण सैंटियागोक अपन पार्टी मे सेहो फूट पड़ि गेल अछि। आधा राति अनचोके बैंकक काजकाज ठप भेला सं लाखो ग्राहक अपन जमा पूंजी नहि निकालि पेलाह।

एहि घटना सं पूरा देश मे पैघ वित्तीय घोटाला आ राजनीतिक हंगामा मचि गेल अछि। सोशल मीडिया पर जारी एकटा संदेश मे पेना कहलनि जे हम गणराज्यक राष्ट्रपति पद सं अपन त्यागपत्र देबाक निर्णय लेने छी। ई फैसला देशक स्थिरता, सामाजिक शांति आ सार्वजनिक संस्थासभक रक्षा करबाक उद्देश्य सं लेल गेल अछि। आइ हमर एकमात्र प्राथमिकता ओहि परागवेवासी लोकनिक मानसिक शांति अछि, जे वित्तीय प्रणाली पर भरोसा कए अपन बचत जमा कयने छलाह।

राष्ट्रपतिक इस्तीफाक घोषणा बादो महाभियोग

राष्ट्रपति द्वारा इस्तीफाक घोषणा कयलाक तुरंत बाद पराग्वेक संसदक निचला सदन पेना विरुद्ध महाभियोगक कारबाइ शुरू करबाक लेल सर्वसम्मति सं मतदान कयलक। 35 विपक्षी सांसद आ सत्तारूढ़ दलक असंतुष्ट नेता सभ द्वारा लगाओल गेल आरोप पर चर्चा करबाक लेल बजाओल गेल विशेष सत्र मे ई निर्णय लेल गेल। एखन पराग्वेक सीनेट अर्थात उच्च सदन ई तय करत जे महाभियोगक प्रक्रिया आगू बढ़ाओल जाय अथवा राष्ट्रपतिक इस्तीफा स्वीकार कयल जाय। विपक्षी दल अगस्त 2023 मे 5 वर्षक कार्यकाल लेल सत्तारूढ़ भेल पेना पर कर्तव्यक गंभीर आ लगातार उपेक्षा करबाक आरोप लगौने छथि। हुनका पद सं हटेबाक प्रस्ताव सेहो राखल गेल अछि।

बैंकक गड़बड़ी सं लाखो ग्राहक प्रभावित

यूएनो बैंक कखनो देशक तेजी सं बढ़यवला वित्तीय संस्था सभ मे शामिल छल। दावा कयल जाइत छल जे परागवेक 60 प्रतिशत सं बेसी वयस्क लोक एहि बैंकक ग्राहक छलाह। मुदा जांच मे बैंकक मालिक सं जुड़ल कंपनी सभ कें नियमक विरुद्ध पैघ कर्ज देबाक आ पर्याप्त गारंटी नहि लेबाक बात सोझां आयल। बैंकक वित्तीय स्थिति बिगड़लाक बाद केंद्रीय बैंक मंगलदिन एकर नियंत्रण अपना हाथ मे लए लेलक। बैंकक ऐप, कार्ड आ टाका लेनदेनक सेवा बंद भेला सं लाखो ग्राहक अपन जमा पूंजी नहि निकालि सकलाह। एहि संकटक असर रोजगार पर सेहो पड़ल अछि। करीब 7 हजार प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रोजगार प्रभावित भेल अछि। बैंकक अनचोके बंद होयब आ ग्राहकसभक जमा पूंजी फंसि जेबाक घटना परागवे मे आर्थिक संकटक संग-संग राजनीतिक अस्थिरता कें

प्रधानमंत्री मोदी सूर्यकुमार यादव आ हुनकर परिवार सं कयलनि भेंट, क्रिकेटरक बेटी सुनौलक भजन



नई दिल्ली, एजेंसी

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी शुक्रदिन नई दिल्ली मे भारतीय क्रिकेट टीमक पूर्व टी–20 कप्तान सूर्यकुमार यादव आ हुनकर परिवार सं भेंट कयलनि। एहि दौरान दुनू गोटे के बीच क्रिकेट पर बातचीत भेल। प्रधानमंत्री सूर्यकुमारक बच्चा सबहक संग सेहो किछु समय बितौलनि। एहि अवसर पर क्रिकेटरक बेटी भजन गाबि कए सुनौलनि। भेंटक तस्वीर सभ मे सूर्यकुमार यादव 2026 टी–20 विश्व कप मे भारतक ऐतिहासिक जीतक स्वर्ण पदक पहिरने देखल गेलाह। प्रधानमंत्री मोदी सेहो पदक अपना हाथ मे लए कए देखलनि। भारतीय टीमक ऐतिहासिक जीतक खास स्मृति सभक बीच ई भेंट भेल। भेंटक बाद प्रधानमंत्री मोदी अपन एक्स खातापर दिवाली सं जुड़ल संदेश सेहो साझा कयलनि। ओ लिखलनि जे दिवालीक वातावरण मे भगवान राम आ सरयूक आगमन भेल अछि। एहि सं एहि वर्ष दिवालीक माहौल आओर पवित्र आ दिव्य भए गेल अछि। प्रधानमंत्री अपन संदेश मे पर्वक धार्मिक आ आध्यात्मिक महत्वक उल्लेख कयलनि। हुनकर ई टिप्पणी एहन समय आयल अछि, जखन देशभरि दिवाली मनाओल जा रहल अछि। पोस्टक संग ओ सूर्यकुमार यादव आ हुनकर परिवार सं भेल भेंटक तस्वीर सेहो साझा कयलनि।

सूर्यकुमार यादवक ना मे कतेको उपलब्धि : सूर्यकुमार यादव अपन क्रिकेट जीवन मे कतेको पैघ उपलब्धि हासिल कयने छथि। हुनका 2022 आ 2023 मे आईसीसीक वर्षक सर्वश्रेष्ठ टी–20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेटर चुनल गेल छलनि। अक्टूबर 2022 मे ओ आईसीसी टी–20 बल्लेबाजी रैंकिंग मे विश्वक पहिल स्थान पर पहुंचि गेल छलाह। जनवरी 2023 मे हुनका 910 रेटिंग अंक भेटल छलनि, जे एहि प्रारूप मे एखन धरि सर्वोच्च अंक सभ मे शामिल अछि। 2024 टी–20 विश्व कप मे सेहो ओ भारतक जीत मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छलाह।

साफ चैंपियनशिप 2026 : गत विजेता भारत अभियानक पहिल मोकाबला मे पाकिस्तान कें 3-2 सं हरौलक



गत विजेता भारत साफ चैंपियनशिप 2026 मे अपन अभियानक शानदार शुरूआत करैत बृहस्पतिवार ढाकाक नेशनल स्टेडियम मे ग्रुप बीक पहिल मोकाबला मे पाकिस्तान कें 3-2 गोल सं पराजित कएलक। भारतक लेल सुहैल अहमद भट पहिल हाफ मे दू गोल कएलनि, जखनकि मंगलेंथांग किपगेन तेसर गोल कए टीम कें मध्यांतर धरि 3-0 गोलक मजबूत बढ़त दियौलनि। पाकिस्तान इंजुरी टाइम मे नजीब उल्लाह आ आलमगीर गाजीक गोलक बदौलत दू गोल जरूर कएलक, मुदा भारतीय टीम अपन बढ़त कायम रखैत पूरा तीन अंक हासिल कएलक। भारत सतर्क शुरूआत करैत पाछू दिस सं धैर्यपूर्वक खेल बनौलक आ मिडफील्डक माध्यम सं मोकाबला पर नियंत्रण बनएबाक प्रयास कएलक। एहि दौरान अभिषेक सूर्यवंशी मिडफील्ड मे गहींर भूमिका निभा रहल छलाह। 12म मिनट मे किपगेनक हवाई पास पर सुहैल अहमद भट गोल कए देलनि, मुदा ऑफसाइडक कारण रेफरी गोल रद्द कए देलनि। मुदा, सुहैल कें बेसी देर इंतजार नहि करए पड़लनि। एक मिनट बाद बामा दिस सं थ्रो-इन पर मोहम्मद सुहैल गेंद अपन कब्जा मे लेलनि आ तेजी सं आगू बढ़ैत पेनाल्टी क्षेत्र मे शानदार पास देलनि। सुहैल अहमद भट छह गजक क्षेत्र मे पहुंचि गेंद कें गोलपोस्ट मे डालि भारत कें 1-0 सं आगू कए देलनि। भारत 19म मिनट मे अपन बढ़त दोगुना कए लेलक। एहि बेर अभिषेक सूर्यवंशी गोल करबा मे मदद कएलनि। पाकिस्तानक रक्षापंक्ति पाछू हटि गेल छल। एकर फायदा उठबैत सूर्यवंशी आगू बढ़लाह आ रक्षापंक्ति कें भेदैत सटीक पास देलनि। भट सही समय पर दौड़ लगबैत रक्षापंक्ति कें पाछू छोड़लनि आ गोलकीपर यूसुफ बट्ट कें छकबैत गेंद कें दूरक कोना मे डालि देलनि। भारतीय टीम पाकिस्तानक रक्षापंक्तिक पाछू खाली जगहक फायदा उठबैत रहल। 31म मिनट मे भारत तेसर गोल कए 3-0 के बढ़त बना लेलक। नौफल पीएन बीच मैदान सं गेंद लैत आगू बढ़लाह आ किपगेन कें रक्षापंक्तिक पाछू पास देलनि। किपगेन तेजी सं गेंद पर पहुंचलाह आ आगू बढ़ैत गोलकीपर बट्ट कें पराजित कए भारतक बढ़त 3-0 कए देलनि। पाकिस्तान कें भेद कम करबाक मौका तखन भेटल, जखन सूर्यवंशी पेनाल्टी क्षेत्रक भीतर हय्यान खट्टक कें पाछू दिस सं खसल देलनि। मुदा, शायक दोस्त पेनाल्टी किक कें क्रॉसबारक ऊपर मारि देलनि। एहि तरहें भारत अपन तीन गोलक बढ़त बरकरार रखलक। मध्यांतर सं ठीक पहिने भट अपन हैट्रिक पूरा करबाक करीब पहुंचलाह। 45म मिनट मे दहिना दिस सं भीतर आबैत ओ पेनाल्टी क्षेत्रक बाहर सं बामा पैर सं शॉट लगौलनि, मुदा गेंद गोलपोस्टक बगल सं बाहर निकलि गेल। गोलकीपर बट्ट अपन स्थान पर ठाढ़ रहलाह। दोसर हाफ शुरू भेलाक बादो भारत मोकाबला पर नियंत्रण बनौने रखलक आ बढ़त बढ़ेबाक कतेको मौका बनौलनि। एडिसन सिंह थोचोम कें एकल मोकाबला मे गोलकीपर बट्ट रोकि देलनि। किपगेन आ फारुख सेहो गोल करबाक प्रयास कएलनि, मुदा सफल नहि भए सकलाह। कोच नौशाद मूसा केर टीम दोसर हाफ मे अपन गोल संख्या नहि बढ़ा सकल। इंजुरी टाइम मे पाकिस्तान मोकाबला मे वापसी करबाक प्रयास कएलक। 91म मिनट मे जुनैद शाह बामा दिस सं क्रॉस देलनि आ नजीब उल्लाह उछलैत गेंद कें माथ सं गोलपोस्ट मे डालि देलनि। भारतीय गोलकीपर अर्श अनवर शेख कें पूरा मोकाबला मे बहुत कम चुनौती भेटल छल, मुदा एहि बेर ओ गोल रोकि नहि सकलाह।

डकार युवा ओलंपिक : तन्वी पत्री महिला एकल मे रजत पदक जीतयबाली पहिल भारतीय खेलाड़ी बनली



भारतक तन्वी पत्रीक 2026 ग्रीष्मकालीन युवा ओलंपिक मे ऐतिहासिक प्रदर्शनक समापन रजत पदकक संग भेल। ओ डकार (सेनेगल) मे बृहस्पतिवार विश्व जूनियर चैंपियन झांग यी शिनक विरुद्ध रोमांचक फाइनल मोकाबला हारि गेली। एहि उपलब्धिक संग तन्वी युवा ओलंपिकक महिला एकल बैडमिंटन स्पर्धा मे रजत पदक जीतयबाली पहिल भारतीय महिला खेलाड़ी बनि गेली। तन्वी मोकाबला मे 6 मैच प्वाइंट बचौलनि आ स्वयं स्वर्ण पदक जीतबाक 3 मौका सेहो गमा देलनि। एक घंटा 22 मिनट धरि चलल एहि रोमांचक मोकाबला मे हुनका 15-21, 21-13, 26-24 सं हारि स्वीकार करए पड़लनि। स्वर्ण पदक लेल भेल एहि मोकाबला मे दर्शक अंत धरि रोमांचित रहलाह। तन्वी युवा ओलंपिकक बैडमिंटन स्पर्धा मे फाइनल धरि पहुंचयबाली पहिल भारतीय महिला खेलाड़ी बनबाक उपलब्धि हासिल केने छलीह। तन्वी सं पहिने एचएस प्रणय (2010) आ लक्ष्य सेन (2018) युवा ओलंपिक खेल मे व्यक्तिगत रजत पदक जीतने छलाह। लक्ष्य सेन आठ अलग-अलग देशक बैडमिंटन खेलाड़ी सभ कें शामिल कए बनल टीम अल्फा संग मिश्रित टीम स्पर्धा मे स्वर्ण पदक सेहो जीतने छलाह। बृहस्पतिवार भेल स्वर्ण पदक मोकाबलाक पहिल गेम मे तन्वी शुरूआत मे अपन लय पकड़बा मे समय लेलनि। मुदा, एक बेर लय भेटलाक बाद ओ लगातार 7 अंक हासिल कए 3-5 सं आगू बढ़ैत 10-5 के स्कोर पर पहुंचि गेली। भारतीय खेलाड़ी अपन सटीक पंच टॉस आ नेट पर शानदार नियंत्रणक बदौलत प्रतिद्वंद्वी पर दबाव बनौलनि। अंततः 25 मिनट मे पहिल गेम 21-15 सं जीत लेलनि। दोसर गेम मे तन्वी 4-0 सं बढ़त बना कए शुरूआत कएलनि। मुदा, पाछू दिस सं आबि रहल हवाक बहाव (ड्रिफ्ट) हुनकर क्लियर शॉट पर नियंत्रण कें प्रभावित करए लागल। मध्यांतरक बाद झांग खेल पर अपन पकड़ मजबूत कए लेलनि आ मोकाबला कें निर्णायक गेम धरि पहुंचा देलनि। निर्णायक गेम मे झांग अपन खास क्रॉस-कोर्ट ड्रॉप शॉटक मदद सं शुरूआते मे बढ़त बना लेलनि। ओ 19-10 सं आगू भेलीह। मुदा तन्वी हार नहि माननलनि आ लगातार संघर्ष करैत स्कोर 19-15 धरि पहुंचा देलनि। एहि बीच भारतीय खेलाड़ीक क्रॉस-कोर्ट स्मैश मे भेल गलतीक कारण झांग कें 5 मैच प्वाइंट भेटि गेल। तन्वी सभ 5 मैच प्वाइंट बचा लेलनि आ स्वर्ण पदक जीतबाक 3 मौका सेहो बनौलनि। मुदा, निर्णायक क्षण मे झांगक अनुभव भारी पड़ल आ तन्वी कें रजत पदक सं संतोष करए पड़लनि। डकार युवा ओलंपिक मे तन्वीक शानदार प्रदर्शनक प्रशंसा करैत भारतीय बैडमिंटन संघक महासचिव कहलनि, ‘तन्वी पत्री युवा ओलंपिक खेल मे ऐतिहासिक उपलब्धि हासिल कए पूरा देश कें गौरवान्वित केने छथि। मात्र 15 वर्षक आयु मे रजत पदक जीतब असाधारण उपलब्धि आ भारत लेल बहुत गर्वक क्षण अछि। हुनकर संघर्ष करबाक क्षमता, संयम आ पूरा प्रतियोगिताक दौरान कयल गेल प्रदर्शन हमर युवा खेल पीढ़ीक अपार क्षमता कें दर्शबैत अछि। ई उपलब्धि भारतीय खेलक लेल एकटा महत्वपूर्ण पड़ाव अछि आ वैश्विक मंच पर हमर खेलाड़ी सभक बढ़ैत उपस्थिति कें प्रमाणित करैत अछि। भारतीय बैडमिंटन संघ आ ओकर सदस्य सभक दिस सं हम तन्वी आ हुनकर एहि यात्रा मे सहयोग देनिहार सभ कें बधाइ दैत छी।

कैंपबेलक वापसी, फोर्ड, जांगू आ मंगरू कें पहिल बेर वेस्टइंडीजक केंद्रीय अनुबंध



सलामी बल्लेबाज जॉन कैंपबेल 2019 के बाद पहिल बेर वेस्टइंडीजक केंद्रीय अनुबंध हासिल केने छथि। ओतहि मैथ्यू फोर्ड, आमिर जांगू आ महिला क्रिकेटर मैंडी मंगरू कें पहिल बेर अंतरराष्ट्रीय अनुबंध देल गेल अछि। क्रिकेट वेस्टइंडीज (सीडब्ल्यूआई) बृहस्पतिवार 2026-27 सत्र लेल अनुबंधित खेलाड़ी सभक सूची जारी कएलक। कैंपबेलक वापसी 2025-26 सत्र मे हुनकर शानदार प्रदर्शनक बाद भेल अछि। ओ अपन टेस्ट करियरक पहिल शतक भारतक विरुद्ध नव दिल्ली मे 115 रन बना कए लगौलनि। छह वर्षक अंतरालक बाद ओ वनडे टीम मे सेहो वापसी कएलनि। एहि वापसी कें यादगार बनबैत ओ एहि वर्ष सितंबर मे गुवाहाटी मे भारतक विरुद्ध मात्र 68 गेंद पर 101 रन बनौलनि। तीन नव खेलाड़ी सेहो एहि सूची मे शामिल छथि। तेज गेंदबाज मैथ्यू फोर्ड पछिला एक वर्ष मे वेस्टइंडीजक दोसर सभ गेंदबाजक तुलना मे दूनू सीमित ओवर प्रारूप मे पावरप्ले दौरान सब सं बेसी विकेट लेलनि। ओ टी-20 अंतरराष्ट्रीय मे 10 आ वनडे मे 6 विकेट हासिल कएलनि। विकेटकीपर बल्लेबाज आमिर जांगू जून मे एंटीगुआ मे श्रीलंकाक विरुद्ध 233 रनक शानदार पारी खेललनि। एहि पारीक दौरान रोस्टन चेज संग हुनकर 401 रनक साझेदारी टेस्ट क्रिकेट मे छठम विकेट लेल विश्व रिकॉर्ड बनल। विशेष बात ई अछि जे जाहि दिन क्रिकेट वेस्टइंडीज केंद्रीय अनुबंधक घोषणा कएलक, ओहि दिन जांगू सिलहट मे बांग्लादेशक विरुद्ध दोसर टेस्ट मैचक पहिल दिन नाबाद 111 रन बना चुकल छलाह। एहि दौरान ओ केविन विकहम (61 रन) संग चारिम विकेट लेल 131 रनक साझेदारी सेहो कएलनि। महिला टीम दिस सं मैंडी मंगरू कें पहिल अंतरराष्ट्रीय अनुबंध भेटल अछि। ओ 2026 महिला टी-20 विश्व कप मे इंग्लैंड मे सेमीफाइनल धरि पहुंचल वेस्टइंडीज टीमक सदस्य छलीह। क्रिकेट वेस्टइंडीजक क्रिकेट निदेशक माइल्स बासकॉब कहलनि जे प्रत्येक अनुबंधक संग स्पष्ट जिम्मेदारी आ लक्ष्य जुड़ल अछि। ओ कहलनि, एहि सभ अनुबंधक संबंध आगू रहय बला काज आ जिम्मेदारी सं अछि। पुरुष टीमक पहिल लक्ष्य फरवरी मे होएबला आईसीसी पुरुष क्रिकेट विश्व कप क्वालीफायर अछि। हम सभ एहि प्रतियोगिता मे सफल होएबाक पूरा तैयारी आ इरादा संग जा रहल छी। महिला टीम लेल दिसंबर मे पाकिस्तानक विरुद्ध वनडे श्रृंखला महत्वपूर्ण अछि। एहि श्रृंखलाक माध्यम सं अगिला आईसीसी महिला क्रिकेट विश्व कप लेल सीधे क्वालीफाई करबाक अवसर भेटत। मैथ्यू, आमिर आ मैंडी अपन प्रदर्शनक आधार पर एहि जिम्मेदारी लेल स्थान अर्जित केने छथि आ जॉन अपन मेहनति सं टीम मे वापसी केने छथि। कुल 15 पुरुष आ 15 महिला खेलाड़ी कें सीनियर केंद्रीय अनुबंध देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त तीन पुरुष खेलाड़ी कें डेवलपमेंट अनुबंध भेटल अछि। सभ अनुबंध 1 अक्टूबर 2026 सं 30 सितंबर 2027 धरि प्रभावी रहत। तीनू प्रारूपक कप्तान शाई होप (वनडे आ टी-20), रोस्टन चेज (टेस्ट) आ हेली मैथ्यूज महिला टीमक कप्तानक रूप मे अनुबंधित समूहक प्रमुख सदस्य बनल रहताह।

क्लोप फुलक्रुग कें देलनि वापसीक मौका, मोह्या कें पहिल बेर जर्मनीक सीनियर टीम मे भेटल स्थान



जर्मनीक मुख्य प्रशिक्षक जुर्गेन क्लोप बृहस्पतिवार स्ट्राइकर निक्लास फुलक्रुग कें राष्ट्रीय टीम मे वापसी करौलनि, जखनकि किशोर खेलाड़ी वाएल मोह्या कें पहिल बेर सीनियर टीम मे शामिल कयलनि। क्लोप सर्बिया आ नीदरलैंड्सक विरुद्ध होएबला निर्णायक यूईएफए नेशंस लीग मोकाबला लेल 24 सदस्यीय टीमक घोषणा कएलनि। 59 वर्षीय प्रशिक्षक सितंबर आ अक्टूबर मे चारि मैचक अंतरराष्ट्रीय विंडो लेल 44 खेलाड़ी कें मौका देलाक बाद एहि बेर टीमक आकार बहुत कम कए देलनि। जर्मनी ग्रुप ए2 मे अपन स्थिति नीक करबाक प्रयास मे अछि। 33 वर्षीय फुलक्रुग सितंबर 2025 के बाद पहिल बेर राष्ट्रीय टीम मे वापसी केने छथि। एहि सत्र मे वेर्डर ब्रेमेन लेल बुंडेसलीगा के 8 मोकाबला मे ओ 9 गोल कए चुकल छथि। 24 अंतरराष्ट्रीय मैच खेलि चुकल फुलक्रुग एखन लीग मे सब सं बेसी गोल करय बला खेलाड़ी सभक सूची मे शीर्ष पर छथि। बोरुसिया मोंशेनग्लाडबाक आक्रमणकारी मिडफील्डर मोह्या दिसंबर मे 18 वर्षक भए जाएत। हुनका पहिल बेर सीनियर राष्ट्रीय टीम मे जगह भेटल अछि। ओ एखन धरि बुंडेसलीगा मे 23 मैच खेलि चुकल छथि आ 4 गोल केने छथि। शिन्हुआक रिपोर्टक अनुसार, हुनकर ई पहिल सीनियर अंतरराष्ट्रीय आमंत्रण अछि। अभियानक शुरूआती चरण मे विस्तारित टीमक घोषणा कयलाक बाद क्लोप खेलाड़ी सभक बीच स्थान लेल बढ़ैत प्रतिस्पर्धा पर खुशी जतौलनि। क्लोप कहलनि, हम आगूक दूनू मोकाबला लेल बहुत उत्साहित छी। हमर टीम मे बहुत कम उम्रक आ अनुभवी खेलाड़ी सभक सुंदर मिश्रण अछि। ओ आगू कहलनि, जतेक बेसी गुणवत्तापूर्ण खेलाड़ी रहताह, सकारात्मक अर्थ मे चयन संबंधी निर्णय लेब ओतबे चुनौतीपूर्ण होइत जाएत। स्टुटगार्टक डिफेंडर फिन जेल्ट्श आ आरबी लाइपजिगक मिडफील्डर ब्रायन ग्रुडा सेहो सीनियर टीम मे पदार्पण करबाक दौड़ मे बनल छथि। दुनू खेलाड़ी कें पहिने आमंत्रण भेटल छल, मुदा ओहि समय खेलबाक मौका नहि भेटलनि। गोलकीपर जोनास उर्बिग, सैद एल माला, फिलिप ट्रेउ, डेरी शेरहांट आ यूनुस एबनौतालीब क्लोपक कार्यकाल मे अंतरराष्ट्रीय पदार्पण कयलाक बाद अपन स्थान बरकरार रखलनि। मुदा, बायर्न म्यूनिखक घायल खेलाड़ी सर्ज ग्नाब्री आ जमाल मुसियाला टीम मे शामिल नहि भए सकलाह। ओतहि आरबी लाइपजिगक डिफेंडर डेविड राउम, निक वोल्टेमाडे आ करीम अदेयेमी कें टीम सं बाहर राखल गेल अछि। यूईएफए नेशंस लीगक लीग ए ग्रुप 2 मे चारि मैचक बाद जर्मनी 5 अंक लए तेसर स्थान पर अछि। नीदरलैंड्स आ ग्रीस 8-8 अंकक संग क्रमशः पहिल आ दोसर स्थान पर छथि। सर्बिया बिना कोनो अंकक आखरी स्थान पर अछि। क्वार्टर फाइनल मे मात्र शीर्ष दू टीम कें जगह भेटबाक कारण क्लोपक टीम लेल आगूक राह कठिन भए गेल अछि। शुरूआती चारि मोकाबला मे जर्मनी मात्र एकटा जीत हासिल कए सकल अछि। जर्मनी नीदरलैंड्सक संग 1-1 सं बराबरी केने छल। एकर बाद अपन घरेलू मैदान पर ग्रीस सं 0-1 सं हारि गेल छल। हालांकि, सर्बिया कें 2-0 सं हरौने छल, मुदा थेसालोनिकी मे ग्रीसक विरुद्ध अपन अगिला मोकाबला गोलरहित बराबरी पर समाप्त केने छल। जर्मनीक टीम सोमदिन हजोर्गेनौराख मे एकत्रित होयत। एकर बाद 13 नवंबर के बेलग्रेड मे सर्बिया आ तीन दिन बाद बर्लिनक ओलंपिक स्टेडियम मे नीदरलैंड्सक सामना करत। दुनू मोकाबला जीतलाक बादो जर्मनीक क्वार्टर फाइनल मे जगह पक्का नहि होयत। एकर परिणाम ग्रुपक अन्य मोकाबला सभक नतीजा पर सेहो निर्भर करत।

जर्मनीक पूर्ण टीम

गोलकीपर : अलेक्जेंडर न्युबेल (बेसिकटास), मार्क-आंद्रे टेर स्टेगेन (अजाक्स एम्स्टर्डम), जोनास उर्बिग (बायर्न म्यूनिख)।

डिफेंडर : वाल्डेमार एंटोन (बोरुसिया डॉर्टमुंड), नाथेनियल ब्राउन (बायर्न म्यूनिख), फिन जेल्ट्श (स्टुटगार्ट), मैक्सिमिलियन मिटेलस्टेड (स्टुटगार्ट), निको श्लोटरबेक (बोरुसिया डॉर्टमुंड), जोनाथन टाह (बायर्न म्यूनिख), मलिक थियाव (न्यूकैसल यूनाइटेड), फिलिप ट्रेउ (फ्रीबर्ग)।

मिडफील्डर : टॉम बिशॉफ (बायर्न म्यूनिख), सैद एल माला (कोलोन), ब्रायन ग्रुडा (आरबी लाइपजिग), लेनार्ट कार्ल (बायर्न म्यूनिख), जोशुआ किमिख (बायर्न म्यूनिख), वाएल मोह्या (बोरुसिया मोंशेनग्लाडबाक), फेलिक्स नेमेचा (बोरुसिया डॉर्टमुंड), अलेक्जेंडर पावलोविच (बायर्न म्यूनिख), डेरी शेरहांट (फ्रीबर्ग), फ्लोरियन विर्ट्ज (लिवरपूल)।

फॉरवर्ड : यूनुस एबनौतालीब (आइंट्राख्ट फ्रैंकफर्ट), निक्लास फुलक्रुग (वेर्डर ब्रेमेन), काइ हावर्ट्ज (आर्सेनल)।

आईएसएसएफ विश्व चैंपियनशिप

जयपाल मालवीय जीतलनि रजत, एलए28 ओलंपिक लेल भारत कें भेटल पहिल कोटा



भारतक निशानेबाज जयपाल मालवीया आईएसएसएफ विश्व चैंपियनशिप राइफल, पिस्टल आ शॉटगन मे शानदार प्रदर्शन करैत पुरुष 10 मीटर एयर पिस्टल स्पर्धा मे रजत पदक जीतलनि। एहि उपलब्धिक संग ओ लॉस एंजिलिस 2028 ओलंपिक खेल लेल भारत कें पहिल कोटा स्थान सेहो दियौलनि। एहि स्पर्धा मे ओलंपिक लेल 3 कोटा स्थान उपलब्ध छल। भारतक निशानेबाज लुसैल शूटिंग कॉप्लेक्स मे दबावक बीच शानदार प्रदर्शन करैत देश लेल ई उपलब्धि हासिल कएलनि। जयपाल 24 शॉट बला फाइनल मे 242.2 अंक हासिल कए दोसर स्थान पर रहलाह। चीनक हू काई 243.9 अंकक संग स्वर्ण पदक आ पहिल ओलंपिक कोटा जीतलनि। चेक गणराज्यक जिंदरिच डुबोवी 220.9 अंकक संग कांस्य पदक जीतलनि आ तेसर उपलब्ध कोटा स्थान हासिल कएलनि। जयपाला शुरूआतहि सं पदकक दौड़ मे बनल रहलाह। ओ पहिल सीरीज मे 50.5 अंक हासिल कएलनि आ दोसर सीरीजक समाप्ति पर हुनकर कुल स्कोर 100.0 अंक भए गेलनि। एलिमिनेशन चरण मे भारतीय निशानेबाज लगातार नीक प्रदर्शन कएलनि। एहि दौरान ओ 10.8 आ 10.7 जेहन सटीक निशाना लगबैत दोसर निशानेबाज सभ पर बढ़त बनौलनि। आखरी शॉट सभक दौरान सेहो ओ अपन संयम बनौने रखलनि आ डुबोवी कें पाछू छोड़ैत हू काईक बाद दोसर स्थान हासिल कए रजत पदक अपन नाम कएलनि। एकर पहिने, दिनक पहिल सत्र मे भारतीय महिला 10 मीटर एयर पिस्टल टीम रजत पदक जीतलक। दू बेरक ओलंपिक पदक विजेता मनु भाकर, सुरुचि इंदर सिंह आ सायनमक तिकड़ी कुल 1738 अंक आ 61 इनर 10क संग दोसर स्थान हासिल कएलक। मनु भाकर 583-21एक्स अंकक संग भारतीय चुनौतीक नेतृत्व कएलनि।



वर्ष 17, अंक 58 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053